САҒЫНДЫҚ НИЕТУЛЛАЕВ

# ҚӘДИРИҢ ДЕ, ҚЫМБАТЫҢ ӨЗ ЕЛИҢДЕ

**Сағындық Ниетуллаев.** ҚӘДИРИҢ ДЕ, ҚЫМБАТЫҢ ӨЗ ЕЛИНДЕ. —Нөкис, «Қарақалпақстан» 2009, 240 бет.

Сағындық Ниетуллаев бир қатар лирикалық қосық китаплары менен поэзия қуштарларына аты кеңнен мәлим болған дөретиўшилеримиздиң бири.

Оның хәр бир қосығы инсанның ишки кеширмелери, арзыў-әрманы, татлы толғанысларына толы. Онда Ўатан тәғдири, туўылған жерге болған терең мухаббат, адамгершилик пәзийлетлери оғада көркем хәм шырайлы қатарларда баян етиледи.

Автордың жаңа поэтикалық китабының оқыўшылар қәўиминиң дийдинен шығатуғынлығы сөзсиз.

**ISBN 978-9943-346-62-8**

**© «Қарақалпақстан» баспасы, 2009**

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚӘДИРИҢ ДЕ, ҚЫМБАТЫҢ ӨЗ ЕЛИҢДЕ

Қәдириң де,
Қымбатың өз елиңде.
Шығысың да,
Тегиңде,
Өзегиңде.
Басқа журттың адамы көпсинеди,
Өзгелерден шобытын, тезегин де.

Қәдирин бил сонлықтан туўған жердиң,
(Өмиримше менде оған қушақ кердим).
Ядыңда тут биракта адам болыў,
Арқасында мийнеттиң,
Маңлай тердиң.

## ХАЛҚЫМ МЕНИҢ

Ақ көкирек,
Кең пейил,
Аңқылдаған,
Усындай боп түйилди халқым маған.
Қәнәәтли,
Сабырлы.
Салдаманлы.
Ғазларындай көлимниң ғаңқылдаған.

Ўаҳаҳасы жоқ оның ҳеш халықта.
Керек жерге көрмеген кеш қалып та.
Жақсылығын қайтарған жақсылардың,
Душпанынан билмеген өш алып та.

Ҳеш миллетте жоқ оның басқысы да
Қыссаханы,
Жыраўы,
Бақсысы да.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегимниң ишине уялаған,
Ийманының нурының жақтысы да.

Даласындай кең онын көкиреги,
(Умытып та үлгерди бекирени).
Алғанына Аралын қолдан берип,
Жаны жанып,
ишинен өкинеди.

Теңеўдиң көп жақсысын таба алмадым,
(Шайырлықта булақтай аға алмадым).
Ғәрезсизлик деп атқан уллылықтан,
Сезип жүрмен бахтыңның саға алғанын.

## ЖЫЛДА БҮГИН ЕҢ УЗЫН ТҮН БОЛАДЫ

Жылда бүгин ең узын түн болады.
Уясына дым ерте күн қонады.

Бир жыл өтип кетипти соннан бери,
Тәбияттың усы-ғой болған жери.

Қараңғылық түседи қас қағымда,
Жайрап жатар жулдызлар аспанында.

Турады ол бир хәпте хүким сүрип,
Жарық оның түнлигин кем-кем түрип,

Қараңғылық жолларын тосады ол,
Жарығына жарықлық қосады ол.

Сөйтип хәр күн ертерек таң атады,
Бурынғыдан кеширек күн батады.

Күнлер узын,
Жарық та көбейеди.

Кеўиллер де,
Әлем де кеңейеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТИРИШИЛИК

Тиришилик қыбырлы да,
Сыбырлы,
Өмир үйден шыға сала жуўырды.
Адамыйзат айландыра береди,
Күн көриўи ушын турмыс-шығырды.

Ҳәр ким бахтын көз жумғанша излейди,
Қәйтседағы оннан гүдер үзбейди.
Шаңарақтың,
Ойлап ғамын ул-қыздың,
Өмириниң өткенин де сезбейди.

Сөйтип жылжып жыллар өте береди.
Бир табылып,
Бир табылмай кереги.
Не жазылған болса тәғдир-маңлайға
Адам бәрин қалдырмастан көреди.

Өмир-жолда менде бүгин келемен,
Қатарым да көп келмеске жөнеген.
Жасаў ушын жүгиндирген бәршени,
Тиришилик,
Қүдиретсең не деген!

## ГЕЙДЕ КҮЙИП

Гейде күйип еңбегиң еш болады.
Садықлыққа қыянет өш болады.
Жаслық қуяш сыяқлы
Көзди ашып,
Жумғанынша демде-ақ кеш болады.

Өсти мениң түрли гүл жас бағымда.
Айда болды кеўлимниң аспанында.
Өмир қуяш сыяқлы
Уясына,
Батады, кетеди қас қағымда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙТЫП, ШЕРТИП ЖҮРГЕНИМ

Айтып,
Шертип жүргеним өмир жыры.
Оннан кетсең изинде не қалады.
Жаслықта өткен күнлердиң бийкар, қуры,
Қартайғанда обалы кек алады.

Асылыңлар ўақытқа,
Тырмасыңлар,
Әрман қуўып ой менен қырды асыңлар.
Кеўиллерге қараңғы жарық қуйып,
Бир-бириңе, адамлар, нур тасыңлар.

## КЕЎИЛ КӨЗИ

Адамлардың сын,
Баҳасын беремен.
Жақсы болса излерине еремен.
Мен олардың ишки дүнья қарасын,
Кеўилимниң көзи менен көремен.

Сөзин оның тәрезиме саламан,
Ким екенин сөйтип билип аламан.
Кеўил-көзим нени көрсе
исенип,
Мен өзимниң пикиримде қаламан.

## ЕСКИ ЖЫЛ ДА ӨТИП КЕТИП БАРАДЫ

Ески жыл да өтип кетип барады,
Алпысыма жақынлатып араны.
Есте қалар жақсы,
жаман күнлерим,
Бүгин маған хош айтысып қарады.

Өмир солай,
Ески кетип жаңасы,
Алға умтылар келгенинше шамасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир иркилип көрген емес турмыстың,
Жүги артылған арбасы да,
шанасы.

Миннетдарман ески жылым өзине,
Жақсылығым менен түстиң көзиме.
Арқасында ғәрезсизлик заманның,
Халқым ийе өз пикири,
сөзине.

Ески жылға хош аллияр айтайын.
Жолың болсын,
Кете бер сен арқайын.
Жаңа жылдың жолларына түсип ап,
Мен де өзимниң жүк-арбамды тартайын.

Жаңа жылда буйырғанын көрейин,
Ойларымды қосық етип өрейин.
Қолларымнан келгениниң барлығын,
Елим саған бәрин сарқып берейин

## БАЛА БОЛДЫМ

Бала болдым,
Жас өспирим,
Ержеттим.
Маңлайымнан жаслай-ақ көп тер төктим.
Әрманыма жетиў ушын қулшындым.
Тыным таппай арасында жер, көктиң.

Мақсетимниң биразына жеттим мен.
Өмирдиң көп өткелинен өттим мен.
Бахытына туўған жердиң қуўандым.
Қайғысына қабырғамды сөттим мен.

Табысларым мийнетимниң арқасы,
Алынбаған бийигим көп қар басы.
Ҳәр адамның бар өзиниң өмирден,
Туңғыйыққа қулайтуғын жартасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала болдым,
жас өспирим,
ержеттим.
Мийнетимниң аркасында төрге өттим.
Алпысыма кеп қалсам да мен еле,
Шаўып жүрмен арасында жер, көктиң.

## КҮН УЗАЙДЫ

Қараңғылық жердиң бетин қаплаған,
Оның өзи хеш кимге де жақпаған.
Бүгин және күн узайып баслады.
Қара заттан унайды көп ақ маған.

Усы күннен баслап жарық көбейди.
Бурынғыдан әлем де сәл кеңейди.
Асықтырып ўақытты да,
өмирди,
Наўрызым күнди түнге теңейди.

Солай ўақыт ойландырып жер, күнди.
Бермейди ол сенинде адам еркинди.
Менде ишимнен қуўанаман өзимше,
Қараңғылық
аз болса да серпилди.

## ЖОЛЫ — ӨМИРДИҢ

Жолы — өмирдиң тегис те емес,
Жазық та.
Ол жерде көп тикенек те.
қазық та.
Оның өзин анық билип алдынан,
Қоятуғын нәрсе де емес, жазып та.

Жоқ ол жерде әрманыма жеткенмен
дегенлер де. Өткеннен де, кеткеннен
сорап көрдим.
Мектебинде мен де оның,
түрли, түрли сынақлардан өткенмен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билдим соны адам болыў қыйын дым,
Арасынан жамғыр,
даўыл,
қуйынның,
Өткенимде рухына анамның,
Өзимнин де ақылыма сыйындым.

## ЖЕР-АНА

Таң атып, күн батады.
Жер-ана толғатады.
Ашшысын,
душшысын да,
Өмирдиң ол татады.

Жоқ оның көрмегени,
Ана-жер тебренеди.
Себеби қәуип пенен,
Қоршалған дөгереги.

Инсанды ойлап олда,
Алады өзин қолға.
Мәңгилик деп аталған,
Барады ушып жолда.

## БАЗАРҒА БАРЫП

Базарға барып
қайттым мен тезде шықтым да.
Өмирдиң қайнап
атқанын оннан уқтым да.

Жеткенше оған
жоллардан талай асып ем.
Шынлықты қоллап
жалғанды жерге басып ем.

Әрманға мудам
жетиўим ушын талпындым.
Жарайын дедим
күнине елдин, халқымның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол ушын мийнет
еттим мен ҳасла тынбадым,
Ийип те көрди,
бүгип те көрди сынбадым.

Өмирге жуўмақ
етип ем кеўлим толып тур.
Ислерим оңып,
жолларым мениң болып тур.

Биреўлер қайтып,
биреўлер барар базарға.
Жерлерден усы
алыста емес мазар да.

## АЎЫЛЫМДЫ ОЙЛАЙМАН ДА ЖҮРЕМЕН

Аўылымды ойлайман да жүремен.
(Мен жағдайын оның жақсы билемен).
Ушыратып қалсам аўылласымды,
Қулағымды
сөзлерине түремен.

Оннан бәрин сорап, билип аламан.
Мен-ғой оған сол баяғы баламан.
Барлық уңғыл, шуңғылынан аўылдың,
Хабардар боп,
Бир ҳәз етип қаламан.

Ең биринши сөзин суўдан баслайды.
Келешекке үмит-ойын таслайды.
Ҳәм өткинши қыйынлықлар ҳаққында,
Иллә депте аўызын ол ашпайды.

Азатлықтан аўылымыз нәр алды,
Деди оның нуры елге таралды.
Соның менен бирге гәпте етти ол,
Әмиўди де,
Ҳәсиретли Аралды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮСИНБЕДИМ

Түсинбедим тәбиятқа
Усы мекен кереги.
Анадай боп бул өмирге
Айт ким қушақ кереди.
Ул өсирип, қыз өсирип
Енди жеттим дегенде,
Деми питип, бул дүньядан
Ушып кете береди.

Ақлық сүйип үлгерсе де
Мектепке оның барғанын,
Биразлары көреалмайды
Тәшўиш қуртып дәрманын.
Сөйтип өмир ушын шаўып
Жүргенинде себил боп,
Өзи менен алып кете
Береди екен әрманын

Ана деген тәбияттан
Жаралған боп усындай.
Бул әлемнен өткени жоқ
Қыйналмастан, қысылмай.
Ҳәм олардың өмирлери
Келтериўин тезлетер.
Улдың, қыздың меҳирине
Қалған күннен ысынбай

## ЖАҢА ЖЫЛДЫҢ БОСАҒАСЫНДАҒЫ ТИЛЕКЛЕР

Жаңа жылдың босағасында
турыппан мен. Бахтым басымда.
Перзентлерим,
Табысларым да,
Өзим менен бирге қасымда.

Жаңа жылым тилегим сеннен,
Кер қушақты өмирге кеңнен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүньяның қуўанышларын,
Жүре көрме қызғанып меннен.

Тынышлығын бер сен елимниң,
Аманлығын туўған жеримниң.
Қартайсам да және бир жасқа,
Көзлериме айдай көриндиң.

Тилегимди мениң бергейсең,
Халқымның тек бахтын көргейсең.
Туўған елдиң хәр бир күнине
Жақсылықты қосып өргейсең.

## ДҮНЬЯ ҒОЙ БУЛ

Биреў келип, биреў кетип атырған,
Дүнья ғой бул, ашық, жабық жатырған.

Өмир атлы шеңберинде өзиниң,
Адамлардың шыдамлығын, төзимин,

Сынап көрип жолларынан өткерген,
Симилтирдиң көпирине от берген.

Аяў деген нәрсеңди де билмейди,
Ким болсаң да ол көзине илмейди.

Усындай ғой дүнья деген, шырағым,
Сөнгенинше көзиң жанар-шырағың,

Жақсылықты көрсе екен деп тилеймен,
Менде асық-тәғдиримди үлеймен.

Ертеңгиси бәршениң де қараңғы,
Оның менен ўақыт-перде араңды,

Бөлип таслап турғанлықтан көрмейсең.
Артқадағы кетип, алға өрлейсең.

Усындай ғой дүнья деген, қарағым,
Бул өмирдиң көрип жүрмен қара, ағын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гезлеринде көп жанымды ашытқан,
Мен бәрибир, өмир, саған ашықпан.

## БОЛЫЎ ҚЫЙЫН

Айында емес,
Күнине қубылған мың.
Жерде бәри жанғанның,
Суўынғанның.
Усындайда ийманлы,
Инсаплы да,
Болыў қыйын бәрине туўылғанның.

Өмир деген теңиздей тербетилген,
Толқынлары тек алға өрлетилген.
Усындайда қәтесиз,
Кемшиликсиз,
Табыў қыйын адамды жер бетинен.

## ТӘШЎИШЛЕРИН...

Тәшўишлерин артып күнлер ийниме,
Қаратпайды қапталға да,
Кейниме.
Ўақыт мени алдына сап тындырмай,
Айдап барар,
Қояр емес дейдиме.

Бул өмирге келгеннен соң үлгерип
Қалыў керек. Жасаманлар күн көрип.
Әрманына жетеди екен адамлар,
Мың жығылып,
Мың тирилип,
Мың өлип.

Аңсат емес адам болып қалыў да,
Керек жерде өртениў де,
Жаныў да.
Бул өмирге хеш қашанда болмаған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тойғанлар да.
Мийримлери қаныў да.

Айтқанымнан мениң жуўмақ етиңлер.
Жақсы нийет,
Мақсетиңе жетиңлер.
Адам болып келгеннен соң дүньяға,
Бәриң оннан адам болып өтиңлер.

## ҚЫС СҮЎРЕТИ

Қыр , дөгерек қардан көрпе жамылды,
Ақ мамықтай аппақ етти аўылды.
Адамлардың көптен күткен нәрсеси,
Көктен түсип,
Жерден бүгин табылды.

Күн дым суўық,
Қуяш көктен шағырайып,
Нурын шашар жерге жатқан аңырайып.
Бирең, сараң шетиндеги жоллардың,
Тораңғыллар тур аппақ боп қаңырайып.

Аспанда да жоқ булт хәтте асықтай,
Жерге гүмбез бир қүдирет асыпты-ай.
Қараңғылық бүгин оның ишине,
Түсип атқан яңлы ол да асықпай.

Жер де, қыр да енди шөлин басады,
Қар ерисе сайлар толып, тасады.
Сағыныштың түрлери-ақ көп екен,
Қарсыз қыста,
Мазам мениң қашады.

Қаратаў да аппақ қарға оранды,
Үстирт енди мисе тутпас боранды.
Екеўиниң даңқы бугин дүньяның
Көп жерине жарық, нурдай таралды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елим мениң қандай-гөззал,
Шырайлы.
Қарда оның сулыўлығын қурайды.
Оның өзи жаўмайтуғын журтларда,
Тәбияты жамғыр болып жылайды.

## СЕЗИМ ДЕГЕН

Сезим деген анық жанса сөнбейди,
Басып, женшип таслаўыңа көнбейди.
Ең биринши мухаббаттың бояўы,
Көзлериңди жумғаныңша өңбейди.

Сезим оты жүрегиңде жанады,
Сағынышын қушса мийри қанады,
Ҳәсиреттен,
Басқа түскен қайғыдан,
Ким кимниңде еси аўып қалады.

Бендемиз ғой,
Бар мениңде сезимим,
Ким биледи ким екенин өзиниң.
Бул дүньяны тәртипке де сап турған.
Адам сениң шыдам менен төзимиң.

Бәле, қада бассаң аяқ астыңда,
Қарап отыр дос, яраның,
Қастың да,
Көп нәрсениң орны, орнында болыўы,
Сезимнен ғой. Аманлығы бастында.

## ТӘШЎИШЛЕРИ ҮЙДИҢ....

Тәшўишлери үйдиң таўдай үйилген,
Бар ол жерде қуўанған да,
Күйинген.
Машқаласын менде оның бул күнде,
Баратырман көтерип бир ийиннен.

Ҳәр бир үйдиң бар өзиниң сырлары,
Намалары,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосықлары,
Жырлары.
Шаңарақтың ишиндеги өмирдиң
Мүйеш-мүйеш,
Түрли-түрли қырлары.

Турмыс-арба, ата, анаға жегилген.
Тарта алмаса есаплай бер,
Жеңилген.
Өмирлердиң байланыслы жуўмағы,
Атызына кимниң нелер егилген.

Тәшўишлери уйдиң таўдай үйилген,
Турады олар шешилмес мың түйиннен.
Ата, ананың өмирлерин узайтар,
Мәўритлери бахытына сүйинген.

## УЛЛАРЫМА ТИЛЕГИМ

Қыйынлықты мен көрген көрмегейсиз,
Жоқарырақ меннен де төрлегейсиз.
Өмир-дәрья дегенниң ағысында
Ықпағайсыз.
Тек алға өрлегейсиз.

Азапларды мен шеккен шекпегейсиз,
Өмир-жолда мертилип,
Шөкпегейсиз.
Ушы менен ийнениң жыйнап, терген,
Абырайды ҳеш бириң төкпегейсиз.

Жатсам, турсам тилегим усылар ғой,
Жаслық деген адамның қусы бар ғой,
Ушып кетсе қайтпайды,
Себеби оның,
Өмирлердиң алдында қысы бар ғой.

Қатарыңнан сирә кем болмағайсыз,
Улды, қызды өмирге жоллағайсыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзлеримниң хәм ағы,
хәм қарасы,
Улларымды, жан ийем, қоллағайсыз.

## ҚУЎАНЫШТА, ШАДЛЫҚТА

Қуўанышта, шадлықта
өткерген бар өмирин.
Тәғдирлери еткенде
өрим, өрим өңирин.

Адамлар бар мал, мүлки
үйлерине сыймаған.
Бирақ ата, анаға
бир тийинди қыймаған.

Бахытына ул, қыздың
жүреклер бар жарылған.
Кең дүнья деп жүргени
қайғысына тарылған.

Мынаў өмир билгенге
ақ, қараның таласы.
Баўырлары жоқ пүтин,
жоқ жүрек, жоқ жарасы

## КЕЛЕСИ КҮННЕН ҮМИТЛИ

Келеси күннен
үмитли болып жасаған,
Ҳадал бир жанман.
Алдыма қәдем басаман.
Тар жолдан тайғақ
енди өттим усы дегенде.
Маған да болды
Тас атқан, турып тасадан.

Уясын салған
Жаныма инсап, ийманым.
Атамдай уллы



www.ziyouz.com kutubxonasi

үйиме келген мийманым.
Ғәрезсиз елим
анамдай мениң мийирман,
Төбеме сени
көтергим келер, сыйлағым.

Усындай жанман
биреўге сирә жаманлық
Көрмедим етип.
тилегим елге аманлық.
Өмирге анық
қәдемди қойған күнимнен
Азамат болыў
ийелегим келген маманлық.

Келеси күннен
бахтымды тапқым келеди.
Жолдасы үмит
болғанның жолы өнеди.
Жаслығым өткен,
өмирим қалған изимде,
Ядымда жасап,
Түсиме гейде енеди.

## ИЛИМ, ҚОСЫҚ БОЛМАҒАНДА

Илим, қосық болмағанда жолдасым.
(Ҳәр бириңниң бар ғой адам толмасын).

Қайтер едим. Мен сизлерге асылып,
Киятырман өмир-жолда асығып.

Болар едим босқа ўақытты өлтирген,
Өзиме де үлкен зыян келтирген.

Илим, қосық өмиримди толтырған,
Мениң анаў алдымдағы жол турған,

Мәнзилиме алып барып қояды.
Маған оның белгили ғой ояғы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизлер мениӊ болғаннан соӊ жолдасым,
Ўақыт атлы толып келер толмасым.

## КЕМШИЛИК ТЕ, ҚӘТЕ ДЕ...

Кемшилик те, кәте де ҳәр кәдемде.
Оннан аўлақ емеспиз сенде, менде.

Сүйиседи Ләйли боп, Мажнун болып,
Кетиседи соӊынан мажгун болып.

Ул қалады арада, қыз қалада,
Жүреклерде еримес муз қалады.

Байлық қуўып мийримди умытады.
Ата-ананыӊ кеўилин суўытады.

Ҳәмелдарға күни ушын дос болады,
Ақырында өмирден бос қалады.

Бейим болар биреўлер мақтаныўға,
Көрмес сөйтип қәтесин, сақланыўға.

Қызғанады бахтыӊды, табысыӊды,
Тоқтатқысы келеди шабысыӊды.

Шайтан болып билдирмей азғырады,
Өзлерине гөрлерин қаздырады.

Кемшилик те, қәте де ҳәр қәдемде,
Көзди ашып жумғанша-өмир демде.

Абырайдан айрылып қалмаӊызлар,
Араӊызда әзәзүл, жалмаўызлар.

## ӨМИРИМНИӉ ӨТКЕНИН

Өмиримниӊ өткенин билип турман,
Ўақыт мениӊ үстимнен күлип турған
Сыяқлыдай ақ шашым,
Әжимиме.
Турмыс деген шынында булик турған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Досларым да,
қатарым кемип атыр.
Излеримди ўақыт-қум көмип атыр.
Қуўатымды,
Күшимди,
Шыдамымды,
Солқылдатып тәшўишлер емип атыр .

Сөйте берип өмир де сарқылады,
Биреўлерди өзи оның бар қылады.
Усы бүгин қаншама аяқлардың
Опырылып, астынан жар қулады.

Өмиримди өтти деп бүлинбеймен.
Ул, қызыма күн болып күлимлеймен.
Бахытлыман,
Сонлықтан узақ жыллар,
Дизимине ол жақтың илинбеймен.

## ҚЫЗДЫҢ ЖАНЫ

Қыздың жаны жаралған өз алдына,
Ата-ананың қайғысы,
Қуўанышы,
Келеди де турады көз алдына.
Жақсы күни олардың-жубанышы.

Қыз жүреги мийримге толы болар,
Жанларының ишинде ата-анасы.
Қызлары бар адамның жолы болар,
Қартайғанда көз нуры,
баспанасы.

Жақсы билер ананың қәдирин де,
Өзиде ана себеби улға, қызға.
Жүрегиниң нурында,
Ҳәўиринде,
Уқсаслық бар көктеги хүр-жулдызға.

Қыздың жаны меҳирден жаратылған,
Қыйын оны жеткериў сөзлер менен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Уллылығы ананың бала туўған,
Дүнья, дүнья болғалы өзгермеген.

## ЖЫР ШЫРАҒЫ

Бар ишинде шайырдың жыр шырағы,
Бармақлары жазыўдан қыршылады.
Тилеклерин қосыққа байлап олар,
Жулдызларға көктеги ушырады.

Шайырлардың жақсылық жүрегинде,
Аманлығы елиниң тилегинде.
Жыр шырағы жақтартар кеўиллердиң,
Қап-қараңғы,
Тас қамал түнегин де.

## ҚЫЙМЫЛДЫСЫН ҚАСЫҢНЫҢ...

Қыймылдысын қасыңның,
Қабағыңның,
Бүлкилдисин хәттеки тамағыңның.
Аңлып жүрген жанлар бар,
Хәм күтип те,
Ийисленип,
Сасыўын сағағыңның.

Қандай самал жаныңнан ескенин де,
Кеўилиңниң қайтқанын,
Өскенинде,
Бақлап жүрген жанлар бар,
Соған қарап,
Кемесиниң еседи ескегин де.

## ӨТТИ КӨБИ, БУЛ ЖАҒЫНДА АЗ ҚАЛДЫ...

Өтти көби,
Бул жағында аз қалды,
Өмир-күним көшеринен қозғалды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Болмағандай балалығым,
Жаслығым,
Барлығында ўақыт атлы басты қум.

Үш улымда әлле қашан ержетти,
Рузғарын өзлериниң тербетти.

Перзентлерим сегиз ақлық сүйдирди,
Төбемди олар сөйтип көкке тийдирди.

Жүзлеримде әжимлердиң сызығы.
Азайғандай жанымның да қызыўы.

Шашларымда ўақыт-гүздиң қыраўы.
Бағымдағы гүллерди енди урады.

Жақын қалды алпысымның асқары,
Ашық, жарық, болғайдағы аспаны.

Өткен барлық өмириме ырзаман,
Журтымызда ғәрезсизлик хүр-заман.

Орнағалы бахытымыз ашылды,
Жаманлықлар аяқларға басылды.

Ертеңиме үмит пенен қарайман,
Ҳәм халқымның тынышлығын сорайман,

Жан ийемнен жалбарынып өтинип,
Аман болса-кетер елим жетилип.

## АДАМЛАР-АЎ

Адамлар-аў, дөгерекке қараңлар,
Ағыңыз бар.
Сарыңызда,
Қараң бар.
Бир атадан шығасымыз, сонлықтан,
Бир-бириңниң күнлерине жараңлар.

Бағ болыўы ушын жерде жаралған,
Тиришилик-



www.ziyouz.com kutubxonasi

Меҳир-нурдан нәр алған.
Бирақ онын өмир пайда болғалы,
Жағасына мын түрли азап оралған.

Бул ҳаққында айтылсада талай гәп,
Усыларды отыраман менде ойлап.
Татыў, татлы болғанда өмир,
Жердинде,
Кететуғын ўақты болды-аў гүл жайнап.

## ТУЎЫЛЫЎЫН АДАМ БОП ТУЎЫЛЫПБЫЗ...

Туўылыўын адам боп туўылыпбыз,
Талай жанып,
Сөнип те,
Суўыныпбыз.
Инсан болып қалыўдын қыйынлығын,
Кейинирек биракта уғыныпбыз.

Адам емес, билсенлер, ким көринген,
Қара аспаны кеўилдин төнкерилген,
Өз алдына ҳәр кимнин басындағы.
Арбасы да уқсамас шөнкерилген.

Бенделердин инсан боп арасында,
Жуқтырмастан бәлесин,
Қарасын да.
Қалыў қыйын, дөретер өзи өмирдин,
Ақмағын да адамнын,
данасын да.

Талпыныўлар әрманнын бийигине,
Елим, халқым деп жаннын күйиўи де
Адам болыў.
Ийненин ушындай-ақ,
Биреўлерге пайданнын тийиўи де.

## ӨТКЕН КҮНГЕ

Өткен күнге ой жуўыртып
Және бүгин қарадым.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанша алыс кеткенлигин
Жаслық қалған аранын
Жаным сезер. Усы жасқа
Жеткенимше тырбанлап,
Тар жол, тайғақ кешиўлердиң
Биразына жарадым.

Енди қанша өмирим бар
Бул жақларын билмеймен.
Жүрек-баўырымды да мен
Онын ушын тилмеймен.
Бахытлыман улларымнан
Аклық сүйип жүриппен,
Алпыс жасқа кеп қалсам да
Еле талай гүллеймен.

Бул күнлери досларым да
Қатарымда кемейди.
Ўақыт-егеў күнлеримди
Тум-тусынан егейди.
Егер адам мәпилик боп
Қартайыўдан қорықпаса,
Жер көтерер, нешеде усы
Жасын сениң демейди .

Бәри ғана кешегидей
Көзлеримниң алдында.
Биреўлерге қатарласып,
Биреўлердиң алдында
Киятырман. Бир нәрсени
Өзгешерек сеземен,
Тезлескендей батар күнде,
Атыўлары таңнын да.

## ШАШЫЛДЫҚ МЫНАЎ ЖЕРГЕ БИЗ....

Шашылдық мынаў жерге биз,
Тарыдай болып себилген.
Қалдырыў ушын елде из,
Киргели есим себилмен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмирге кирер жолларды,
Өзинше хәр ким изледи.
Талдырды не бир қолларды,
Машқалалардың дизбеги.

Қатарым кемип бүгинде,
Дослар да жөнли қалмады.
Көбейтти турмыс жүгин де,
Жаслықты ўақыт жалмады.

Күн көриў менен жасаўдың,
Парқына көби бармады.
Ноқтасыз ўақыт-асаўдың,
Бос қалған емес қармағы.

Усы адам болар дегени.
Көбирек ишип қор болды.
Басқарған өмир-кемени,
Бахтына жетип зор болды.

Шашылдық мынаў жерге биз.
Тарыдай болып себилген.
Адамнан қалар елде из,
Арбасына оның жегилген.

## ОТАЎ ТИККЕН ЕР ЖЕТИП ҚЫЗ ДА, УЛ ДА...

Отаў тиккен ер жетип қыз да, ул да,
Өз үйинен күн сайын алыслайды.
Ел, халқына
Жүрсе де болып тулға,
Ата-анаға енди олар аўыспайды.

Хабар алып турғаны жетип атыр,
Аман жүрсе болғаны ул да, қыз да.
Бирақ көби қарамай кетип атыр,
Ата-ананың
Әрманын көмип музға.

Ата-анаға көп нәрсе керек емес,
Кеўиллерин ул, қызы алса болды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүньядан олар да бөлек емес,
Меҳир, жақсы сөзлери болса болды.

## ӨМИР—ЖОЛДА САН-САНАҚСЫЗ ЖОЛАЎШЫ

Өмир жолда сан-санақсыз жолаўшы,
Биреў жаяў,
Биреў тартып арбасын.
Кетип барар. Ўақыт деген тонаўшы,
Ол да шаўып жүр тындырмай жорғасын.

Онда түрли өмир,
Тәғдир шубырып,
Жер бетинен бахтын излеп жүрипти.
Келген оған адам болып туўылып,
Кеширеди бастан турмыс бүликти.

Жолдас болар жақсыға да,
Жаманға,
Тислейтуғын гезлери де бармағын.
Дос боп жүрип өтип душпан таманға,
Аңлығанда, қурғанда көп қармағын.

Ишлеринде әзәзули,
Шайтаны.
Көрискенде жүзлериңнен сүйеди.
Бахытыңа қапа болып қайтады,
Шадлығыңа иши жанып,
Күйеди.

Өмир-жолда сан-санақсыз адамлар,
Биреў жаяў,
Биреў тартқан арбасын.
Ишлеринде туўысқан да,
Балаң бар.
Байлар да көп.
Арқалаған дорбасын.
Өмир—жолда...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МӘНИСИ НЕ, МАЗМУНЫ НЕ ӨМИРДИҢ...

Мәниси не,
Мазмуны не өмирдиң.
Оған келип бир айланып кетиўме?!
Тунжыраған қарасындай көмирдиң,
Арасынан күн, түнлердиң өтиўме?!

Мазмуны не,
Мәниси не өмирдиң,
Көз тиринде тырбаңлаў ма,
Тынбаў ма?!
Көриктеги отқа пискен темирдиң,
Тап өзи боп мың урғанда сынбаў ма?!

Өмирдиң көп жуўабынан сораўы,
Оған қашан ақылымыз жетеди.
Адамлардың тәғдириниң ораўы,
Көз жумғанша жаздырылмай кетеди.

## БӘҲӘР, ЖАЗДЫҢ ИЗИНЕН....

Бәҳәр, жаздың изинен гүз өтеди,
(Бирин бири оларда гүзетеди).
Үш пасылдың жиберген қәтелерин,
Қыс қақайтып бәрин де дүзетеди.

Солай етип мәўсимлер айланады.
Бир-бирине гириссиз байланады.
Усы күнде жүзимди 59
Бәҳәр, жаз, гүз мениңде аймалады.

## ОЯҚТЫ ДА, БУЯҚТЫ КӨП ОЙЛАЙМАН...

Ояқты да, буяқты
Көп ойлайман бул күнде.
Алпыс жаста басқаша
Болыўы да мүмкинбе?!
Өткен өмир-жолымды
Көзлеримниң алдына


www.ziyouz.com kutubxonasi

Келтиремен. Қанша әрман
Иске аспай қалды да.
Қатарымнан кем болмаў
Ушын бәрхә талпындым.
Тар жол, тайғақ кешиўде,
Талай, талай алқындым.
Қарақалпақ халқының
Жеңиллетиў аўырын
Болды мениң ойымда,
Ол ғой жүрек –баўырым.
Өмир деген демде екен
Мисли таңның атыўы,
Күнниң барып қулдырап,
Уясына батыўы.
Оған гейде жуўмақта
Келип турар жасағым.
Адам деген атыма
Ылайықлы жасадым.
Деп айтыўға билмеймен
Барын, жоғын ҳақымның.
Алпыс жаста босаўы
Турған нәрсе тақымның.
Ояқты да, буяқты
Көп ойлайман бул күнде.
Алпыс жаста өзгеше
Болыўы да мүмкин бе.?!

## ҚАЛҒАН КЕЎИЛ

Қалған кеўил демде суўып,
Тоңлайды.
Бахыттың да киши, үлкени болмайды.
Ата, анадан ғарғыс алған ул, қыздың,
Талаплары келиспейди,
Оңбайды.

Қалған кеўил жуўғарада толмайды,
Билип еткен жаманлықты-оңбайды.
Ата-анадан дуўа алған перзентти,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаратқанда
Бир өмирге қоллайды!

## ТӘҒДИР ҚОЛДАН ТАСЛАМАС ҚАҒЫТҒЫШЫН

Тәғдир қолдан тасламас қағытғышын,
Көрсетеди тириге ўақыт күшин.
Адам болып туўылыў
Аз билгенге.
Гүреспесең болмайды бахыт ушын.

Бул дүньяға шыққан соң тынбаў керек,
Қайыссаң да бүгилип.
Сынбаў керек,
Алтынныңда алады бир түйирин,
Таўдай, таўдай үйилген қумнан елеп.

Өзи болмас табысқа ерисиўдиң.
Жаман менен алысып,
Берисиўдиң,
Жеңис деген жүреди арасында,
Айқаслардың,
Шайқастың,
Керисиўдиң.

## СӨЗ СҮЙЕКТЕН, ДЕГЕН ГӘП БАР, ӨТЕДИ.

Сөз-сүйектен, деген гәп бар, өтеди,
Жалалардан жаның шығып кетеди.
Нәтийжеде усы нәрсе адамның,
Түбинде бир басларына жетеди.

Ар-намысты басқылайды аяққа
Кимсең, несең отырмайды аяп та.
Сондай гезде жақсылығы дүньяның.
Деп қаласаң:
Жоқ болды екен қаяққа?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЫРАЗЫМАН ӨЗИҢЕ ЖАРАТҚАНЫМ

Ыразыман өзиңе жаратқаным
(Турмыс-ийтке сен мени талатпадың).
Ҳадаллыққа көзимде жанып турған,
Ҳарамларды менде оған қаратпадым.

Тәғдириме жазылған ыразыман.
Өттим қыйын жоллардың биразынан.
Маған айдай яр берип
Қутқардың сен
Күнлеринен өмирдиң қулазыған

Үш ул бердиң өмириң жалғассын деп.
Шайырлықта-жанында жыр тассын деп.
Инам еттиң сен маған алымлықты,
Илим атлы дүньяға нур шашсын деп.

Талабымды көбинше келистирдиң,
Болдым талай ишинде уллы ислердиң.
Өмир атлы саўаштың майданында,
Жеңиске де әдеўир еристирдиң.

Алпыс жасты турыпсаң сыйлағың кеп.
Алғаныңнан жаныма қуйғаның көп.
Саған айтсам:
Еткеним ел хызмети,
Өмиримше сол мениң жыйғаным тек.

## БИРЕЎ КҮЛИП, БИРЕЎЛЕР....

Биреў күлип,
Биреўлер аҳ урады.
Биреўлерге биреўлер бақырады.
Тойларына биреўлер мирәт етип,
Жаназаға биреўлер шақырады.

Адамлар бар күнлерин көреалмаған.
Қатарының изине ереалмаған.
Өз бағының жемисин жетистирип,
Қолы менен өзиниң тереалмаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахыт қушып атқанда,
Жылағанда,
Бийигине шыққанда,
Қулағанда,
Бауырлары таслар да,
Мийримли де,
Басларынан биреудиң сылағанда

Бул өмирдиң бул да бир көриниси
Унамлы да,
Көп онын кери иси.
Жаманлықтын түбинде жолы туйық.
Жақсылықтын ҳәмийше кең өриси.

## ЕРТЕҢИМНЕН ЖАҚСЫЛЫҚ КҮТИП

Ертеңимнен жақсылық
Күтип бәрҳә жасадым.
Табыў ушын бахтымды
Таўды, тасты қашадым.
Атқан таңнын бәри де
Ашық, жарық болады.
Қуўанышқа, шадлыққа,
Деп исендим, толады.
Бағымдағы ғумшалар
Айланады гүллерге.
Үмит пенен қарадым
Тас-қаранғы түнлерге.
Бул күнде де усылай
Жасағаным, жасаған.
Ойламадым хеш қашан
Болса болды бас аман.
Ертеңимнен жақсылық
Бәриңизде күтинлер.
Жоқ дүньяда, әттең-ай,
Жүрек-баўыры пүтинлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛПЫСЫМА КЕЛИП ҚАЛДЫ...

Алпысыма келип қалды жасым да,
Жүзимде әжим,
Аппақ болды шашым да.
Усылардың орынларын толтырған,
Үш улымнан
Сегиз ақлық қасымда.

Бахытлыман,
Тәғдириме ырзаман,
Ғәрезсизлик елимизде хүр-заман,
Орнағалы,
әдалатлы журтымда,
Азат,
Еркин,
Тең ҳуқықлы мырзаман.

Әрманымның иске асырдым көбисин,
(Жоқта емес кемшилигим,
кемисим).
Алпыс жастың босағасы алдында,
Көрип турман мийнетимниң жемисин.

## КӨПКЕ ШЕКЕМ БҮГИН ДЕ

Көпке шекем бүгин де көз илмедим,
Сездим тула бойымның езилгенин.
Басымдағы мың тәшўиш,
Машқалалар,
Ете берди жаныма өз билгенин.

Сөйтип жатып аўнақшып таңым атты,
Алпысымды бир күнге жақынлатты.
Бираз жасқа шыққанда адамлардың,
Бәринеде өзиниң жаны татлы.

Ойлап шықтым өмирди,
Өлимди де,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аралды да,
Әмиўди,
Елимди де,
Туўған жердиң бахты ушын мен ишимнен,
Байлап алдым қаттырақ белимди де.

Таңым атып,
Усылай күним батып,
Жүрмен уўын өмирдиң,
Палын татып.
Көп қалған жоқ алпыстың қапысын да,
Қағыўыма оны да тақылдадып.

## ТИЛ ҲАҚҚЫНДА

Тилимиз бар сонлықтанда халықбыз.
Сен арқалы сырымызға қанықбыз.
Басқалардан турғанлықтан ажыралып,
Қарақалпақ
Миллет атын алыпбыз.

Қүдирет ғой,
Кәрамат ғой тил деген.
Ҳәсиретли ана тилин билмеген.
Сондай гезде қыйналып өз дәртине,
Адам емес жүрек-баўырын тилмеген.

Тилимиз ғой бизди сақлап жүрген де,
Өз алдына,
Өзгешелеў иргем де.
Ана тилин сатқанлардың сөзлери,
Жүрегиме қанжар болып киргенде.

Миллетимниң тил ең баслы нышаны
Кең де,
Ыссы оның менен қушағы.
Ол халықты әсирлерден әсирге,
Сол күйинде сақлап мәңги ушады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМ

Адамды да адам ғой уғатуғын,
Сөз-ийнесин жанғада суғатуғын.
Бөлеп шадлық,
Қуўаныш,
Бахытқа да,
Аяғыңнан шалып та жығатуғын.

Ҳарамлықты,
Жаманды жеңетуғын,
Жақсылықтың туқымын егетуғын.
Ететуғын өзи оның қыянетте,
Ийманның да нурларын себетуғын.

Жақсы болып биреўге жағатуғын,
Жаман ат та,
Айып та тағатуғын.
Мийримниң де булағы өзи оның,
Қазық та етип қақайтып қағатуғын.

Дүньяның да адамлар ийелери,
Бар ишинде түлкиси,
Түйелери.
Сәл жиберген қәтеңе, таяр турған,
Жағатуғын бетиңе күйелери.

Тәғдирге де өзи ғой көнетуғын,
Инсапқа да,
Тәўбеге келетуғын,
Ең баслысы адам боп жасаў керек,
Түбинде бир болған соң өлетуғын.

## ҚОСЫҚ ЖОЛЫ

Қосық жолы тар да,
Тайғақ та.
Жақсылары аўыл,
Аймақта,
Узақ жасап, кеўиллерге де,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бола алады пал да,
қаймақ та.

Оның жолы дүзде,
Үйде де,
Шайырларды түрли күйге де,
Салады ол.
Ҳәтте соқырды,
Түсиреди ойын,
Бийге де.

Қосық деген сондай кийели,
Әдилликке басын ийеди.
Жаманлықтан жаны оның да,
Адамға уқсап жанып,
Күйеди.

## ҚОСЫҚ ЖАЗБАЙ КЕТИП ТЕ КӨРДИМ...

Қосық жазбай кетип те көрдим,
Күнлеримди текшелеп өрдим
Бийкар өткен.
Мәўритти не бир.
Қолым менен өзимниң бердим.

Жырларыма айландым және.
Олардағы күтип тур әне.
Баўырыма бәринди басып,
Қушайын мен,
Келинлер, қәне!

## ЖЫРЛАРЫМ-АЎ

Жырларым-аў, сарқылды ма булағың,
Соңғы гезде көп шыңлап жүр, қулағым.
Өмир-күним сөнгенинде,
Өзлериң,
Жанатуғын басымдағы шырағым.

Бәри умыт болар,
Кетер келмеске,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүнья қурғыр сыр, жумбақлы мың кесте.
Өмиримниң батқанында қуяшы,
Ким алады өзлериңсиз мени еске.

Қосықларым муңласым да,
Сырласым,
(Өмир-гүздиң ушырғанман тырнасын).
Мени көрмей кете алмайды көпшилик,
Сизлер менен бир қатарда турғасын.

## ШАЛҒАЙЫНА МЫҢ ОЙДЫҢ....

Шалғайына мың ойдың асыламан,
Арқаланып тынбайман,
Тасынаман.
Қүдиретин кем-кемнен көрсеткендей.
Үстимдеги алпыстың тасы маған.

Машқалалар,
Тәшўишлер балалаған,
Күнлери аз өмирдиң таламаған.
Бық-жық болып атырған қалалардан,
Унайды көп бүгинде дала маған.

Өткен жолға қарайман, телбиремен.
Көринбейди хеш нәрсе желбиреген.
Бул ўақыттың алдында хәмме теңдей,
қарапайым адам да,
Жер тиреген.

Оның жер де,
Қуяш та қол астында.
Шилпәршесин шығарар ол тастың да.
Алпысыншы бекетке жеткенимше,
Талай турмыс-ийт пенен таластым да.

Мийнетлерим жолларда қалдырмады,
Қанатымды ҳадаллық талдырмады.
Жетеди екен биракта бул өмирдиң,
Қуўанышы,
Күйиги,
Жандырғаны!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БҮГИНДЕ КҮН

Бүгин де күн еңкейди уясына.
Тәбияттың қып-қызыл сыясына

Боялдыда, кулдырап барар батып,
Келиў ушын және ертең таң боп атып.

Өмир-күним мениң де жийегине,
Жақынласты, ауырлық сүйегиме

Батқанлығы гей ўақта билинеди,
Соған жаным ишинен бүлинеди.

Тәғдириме мен бирақ ыразыман.
Күнлерим кем бул күнде қулазыған.

Иске асырдым көбисин әрманымның,
Сегиз ақлық дереги-дәрманымның.

Бүгинде көп ойладым усыларды,
Өмиримниң көринди қысы қарлы.

Менде оған таярлық көрип жүрмен,
Белгилимен елиме, беккем иргем.

Бүгин де күн еңкейди уясына,
Тәбияттың қып-қызыл сыясына,

Сүңгий жақ боп турыпты дөңгеленип,
Оғандағы ол байғус кеткен көнип.

## ТУЎҒАН ЖЕРДИ ЖЫРЛАЎДАН....

Туўған жерди жырлаўдан шаршамайман,
Қосығыма қарыдым қаршадайдан.

Сонлықтан да сен мениң жүрегимниң,
Ишиндесең, дуўамның, тилегимниң.

Жырларымның арқаўы, өзгесисең,
Жалғызымсаң жердеги, өз елимсең.

Жырлап жүрмен аяўлы Аралымды,
Жаны күйип шырлаған жаралымды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйрек, ғазлы, ақ қуўлы көллеримди,
Қулан, кийик жайлаған шөллеримди.

Үстиртимди газ, нефть қайнап атқан,
Бағларымды бүлбүллер сайрап атқан.

Ғәрезсизлик бахтымды, ертеңимди.
Ана, ўатан мухаддес жер, көгимди.

## УМЫТПАДЫ ЕЛИМ ӨЗИҢДИ....

*(2008-жыл 11-12-март күнлери Ташкенте өткерилген Арал бойынша конференциясының делегатлары Мойнақта болып, теңиздиң жағасына келди.)*

Умытпады елим өзиңди,
Жағысыңа халық жыйналды.
Жаўтаңлаған көрип көзиңди,
Ишлеринен бәрше қыйналды.

Теңиз болған мынаў жерлер де,
Көрмегенлер оны билмейди.
Бизиң ушын өзге еллерде,
Жүрек-баўырын хеш ким тилмейди.

Қырда қалған қыйрап кемелер,
Кеше ғана теңизде жүзген.
Өркеш-өркеш қумлы төбелер,
Кешер оны адамлар дизден.

Шағалалар бунда ушпайды,
Қуслар оған жолды умытқан.
Аққуўлар да оны қушпайды,
Олардағы кеўлин суўытқан.

Ғәрезсизлик елимниң бахты,
Теңизим деп олда толғатты.
Аралымның қурып атқаны,
Оның қатты жанына батты.

Мустақыллық бәрин жеңеди.
Қыйынлықлар артта қалады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ел, халкымның болып дегени,
Арал еле суўға толады.

## ТӨРТ ЖАҒЫ ҚУБЛА....

Төрт жағы қубла
Жәҳәнде мынаў жан барма?!
(Түбине шекем
Жағылсын жанған шамлар да).
Биреўге бахыт,
Биреўге кайғы ап келер,
Бараткан батып
Күнлер де, атар таңлар да.

Әрмансыз сирә
Дүньяда мынаў жан бар ма?!
(Көмеди жерди
Көринбесе көзге шаңлар да).
Бахытсыз болып
Әлемнен өтип атырған
Байлар да сансыз,
Сораған журтты ханлар да.

Бул өмир деген
Жатырған қайнап булақтай,
Тартысыў ушын
Тасланған қурға ылақтай.
Бахыт та қушып,
Бөленгенди де шадлыққа,
Ол қоймас екен,
Түбинде бир күн жылатпай.

## ОЙ-ТЕҢИЗДИҢ АЙДЫНЫНДА...

Ой-теңиздиң айдынында жүземен.
(Шығалмайман тәғдир атлы гүзеден).
Бул өмирдиң қар,
Жамғырын,
Қумларын,
Кешип жүрмен жуўан саннан,
дизеден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыял-бағдың гүллеринен үземен
Ақыл-жипке бар, жоғымды диземен.
Соған қарап ертең жүрер жолымның,
Бағдарларын,
Жойбарларын дүземен.

Өмир майдан,
Күн көрер жер шабысып.
Онда орын жоқ жүргенлерге қағысып.
Адам деген жумылғанша көзлери.
Тәғдир менен жасайды екен қабысып.

## ЖАҚЫНЛАСТЫ

Жақынласты алпысымның асқары,
Ашық, жарық,
Гейде бултлы аспаны.
Изде қалған хәр күнимде жазылған,
Өткен мениң өмиримниң дәстаны.

Балалығым,
Баладай боп өтпеген.
Тәғдир оны қарыды көп от пенен.
Жигит болып аяғыма турғанша,
Күнлерим кем қабырғамды сөтпеген.

Аңсатлықта адам болыў қыйын дым,
Ата, анамның әрўағына сыйындым.
Мийнетимниң арқасында бул күнде,
Төриндемен мерекениң,
Жыйынның.

Әрманымның биразына жеттим мен,
Оның ушын тынбай хызмет еттим мен.
Усы жасқа келгенимше
өмирдиң,
Тар да, тайғақ көп жолынан өттим мен.

Өмиримниң көрдим етип жуўмағын,
Көз алдымнан өтмишимниң шуўмағын
Айландырып едим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийкар кетпепти,
Ел, халқым деп белимди де буўғаным.

## НАЎРЫЗ КЕЛДИ

Наўрыз келди және елиме,
Мениң гөззал туўған жериме.
Алыслардан қуслар айланып,
Өзлеринин қайтты көлине.

Көк көринди қырда қылтыйтып.
Гейде аспанда қалар булт уйып.
Күндегиден жерге қуяш та,
Өзгешерек турар нур қуйып.

Уйқысынан жәҳән оянды,
Жасыл менен әлем боянды.
Тиришилик салып алдына,
Қырғаўылды,
Қуўды қоянды.

Наўрыз келди халқым сағынған,
Қыс шаршатты.
Бәрше сабылған.
Күн менен түн бүгин теңлескен,
Олардағы оған табынған.

Өмир тынбай алға ағады.
Ана-жерден алған сағаны.
Наўрыздағы сырлы гөззаллық,
Жаныма дым мениң жағады.

## ҚУМЛАР, ҚУМЛАР

Қумлар, қумлар
Оларда да жанымыз.
Бизиң оған тамған киндик қанымыз.
Күним батар шет-шебирсиз Үстиртке,
Қызыл-қумнан атар атқан таңымыз.

Қумлардың да бар теңиздей жағасы,
Тәбияттың жазда қызған табасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол жерлерден ким көринген адамның,
Келе бермес өтиўине шамасы.

Қумлар сылдыр,
Тыным таппай көшеди.
Шаршайды да,
Өкпелери өшеди.
Олардан да өтип атқан өмирдиң,
Дым қалмайды излеринен кешеги.

Усындай ғой сырлы, сылдыр қумларым,
Көкирикте билип жүрмен муң барын.
Мен өзимниң күн узаққа бүгинде,
Жүрегимниң дүрсилдисин тыңладым.

## ӨМИР ЖАНЫП...

Өмир жанып,
Пықсығанда, түтеген.
Менде онда жанды өртеп,
түтемен.
Сонда да өзим мен адамман дегенниң,
Бəриненде бир жасылық күтемен.

Өмир деген ақ,
Қараның гүреси.
Бир биринен қатып атқан силеси.
Усы маған адамлардың сонда да
Жақсылыққа көбиректей үлеси.

Соннан ғой бул дүньяның да турғаны ,
Шынлықтың да көп өмирде қурбаны.
Келе болмас адамлардың
Пайданы,
Өз елиниң есабынан жырғаны.

Өмир деген ийелеў де,
Алдырыў,
Үйли болыў,
Бар ол манда қаңғырыў.
Адам болып жасаған соң изинде,
Ең баслысы бир жақсылық қалдырыў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИМ ОЙЛАМАС

Ким ойламас өмирин узартыўды.
(Көп нәрседе болмайды дуз жартыўлы).
Жүрегиниң ишинде,
Ғаррылардың,
Көзге көринбейтуғын муз қатыўлы.

Ериринен көп оның еримеси.
Кеткени де жоқ емес кери еси.
Бул өмирде сонда да,
ғаррылықтың
Аяныштлы бәршеге берилмеси.

## ЕРТЕҢ ЖАҚСЫ БОЛАДЫ

Ертең жақсы болады деп жүриппен.
Туўған жерге анамдай жүгинип мен.
Усындайда ойлаған
Қарабасын,
Адамлардан кетемен түңилип мен.

Усы журтта мухаддес уямыз да.
(Өзге елге бир күн биз сыямыз ба?)
Көзлериме оттай боп басылады,
Шөлиңиз де,
Далаң да,
Қыяңыз да.

Ертеңиңнен үмитим көп дым елим.
Өртесе де жанымды Арал мениң.
Бәри жақсы болады,
Исенемен,
Келешегиң аддында туўған жерим.

Усы елдиң астында қанатының,
Аналарым қыз туўың,
Бала туўың.
Өз журтының бахты ушын еси енгеннен,
Күйетуғын,
Жанларын жағатуғын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НӘРСЕ ЕКЕН ӨМИР...

Нәрсе екен өмир
Астан да, кестен боп атқан,
Онда гүл берип,
Биреўге биреў оқ атқан.

Олманда биреў
Тырнаққа жалғыз зар болған,
Сонлықтан оған
Дүнья да кеп-кең тар болған.

Биреўди баплап,
Биреўди алдап қақсатқан.
Озғанның биреў
Есабын таўып ақсатқан.

Биреўдиң биреў
Атырған жетип басына.
Инисин аға
Жолатпай жүрген қасына.

Өмирде мынаў
Көп екен той да, аза да,
Табылған ойлап
Не түрли мақтаў, жаза да.

## АДАМЛАРДЫ ӨЗГЕ ЕЛЛЕРДЕ......

Адамларды өзге еллерде қаңғыған;
Көргеним жоқ келе болған,
Мандыған.
Қәдирине жете алмас туўылған
Жериниң де. Өмиринше қалғыған.

Өз журтының топырағы кийели.
Онда мениң төбем көкке тийеди.
Туўған жерим жүрегимниң ишинде,
Исенемен,
Ол да мени сүйеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИМЛЕР УСЫ ӘРМАНЫНА ЖЕТЕДИ....

Кимлер усы әрманына жетеди,
Күнлер де көп босқа, бийкар өтеди.
Ўақыт бәҳәр,
Жаз, гүз, қыс боп айланып,
Және қайтып келиў ушын кетеди.

Сөйтип өмир дөңгелейди,
Тынбайды,
Ишинде оның шадлық,
Бахыт,
Муң-қайғы.
Бул дүньяда шыдамлы жоқ адамнан,
Басын таўға,
Тасқа урсаң да сынбайды.

Әрман қуўған ярым жолда қалмайды,
Ондай жанның қанатлары талмайды.
Табысларға тер төкпей-ақ жетемен
Деген адам өзин өзи алдайды.

Усы ойлар толғандырды бүгин де.
Жатқан мениң кеўилимниң түбинде.
Өмир сениң аўырласар күн сайын,
Әрман деген маған артқан жүгиң де.

## ШЫҒЫЎ УШЫН АСПАНЫНА ЕЛИМНИҢ...

Шығыў ушын аспанына елимниң,
Жүги аўыр арбасына жегилдим.
Шадлығына баладай боп қуўандым,
Қайғысына иштен жылап,
егилдим.

Исенимли жанлар менен сырластым.
Ел қәдирин билген менен муңластым.
Туўған жердиң керек тасын арқалап,
Өттим талай таў-тас, ойдан,
қырды астым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алпыс жастың асқары да көринди.
Ес билгели туўған ана-жеримди
Ардақладым. Дегенлерге ел, халқым
Мен билемен
Бересең сен төринди.

Шығыў ушын туўған жердиң көгине,
Хызмет еттим ўатаныма,
Елиме.
Бақ-дәўлети қарақалпақ халқынын,
Жаныма йош,
Қуўат мениң белиме.

## ӨМИРИМДИ МЕН ХАЛҚЫМА АРНАДЫМ

Азаматлар ойласықтан,
Кеңестен,
Тарқаспаңлар бир қарарға келместен.
Турған жерде елдиң мәпи,
Халықтың,
Мен өзимди ойлаған жан емеспен.

Өмиримди мен халқыма арнадым,
Елдиң бахты
Күш,
Қуўатым,
Дәрманым.
Қанша аўыр күн туўса да басыма,
Сен туўралы жаман ойға бармадым.

Елим, халқым ишимдесең жанымның,
Батар күним,
Атар мениң таңымның.
Хызмет етип жүрмен,
Шаўа беремен,
Сизлер ушын жеткениңше ҳалымның.

Алпысқа да шығып қалды сол балаң,
Сонда да мен әрман атлы жолдаман.
Табысларым бираз мениң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болса да,
Жерлерим көп кеўлим қурғыр толмаған.

## МЕНИҢ ГӨЗЗАЛ САЙРАНЛАҒАН

Мениң гөззал сайранлаған жас бағым,
(Өмир деген нәрсе екен қас қағым).
Кеше ғана он жетинде един сен.
Өзиң менен басланғанда дәстаным.

Бәри мениң көзлеримниң алдында,
Сол күйде сен оларда да қалдыңда.
Жаслық деген шийрин еди.
Тап сондай,
Болыўы дым мүмкин емес палдың да.

Жегилдик биз бирге турмыс-арбаға,
Бирге шаптық намысқа да,
Арға да.
Өтиў ушын өмир атлы дәрьядан,
Бирге миндик тәғдир деген дарғаға.

Муҳаббаттан үш улымыз жаралды,
Олар бизиң жанымыздан нәр алды.
Сол, сол екен үйимиздиң ишине,
Бахыт пенен қарылған нур таралды.

Елиў жасқа демде шығып қалыпсаң,
Алпыс не ол, меннен де сен қанықсаң,
Отыз үш жыл биз биргемиз,
Сонлықтан,
Сенде маған өзимнен де анықсаң.

## ДҮРС, ДҮРС ЕТТИҢ ЖҮРЕГИМ......

Дүрс, дүрс еттиң жүрегим, шаршадың ба?!
Ашық, жарық күнлерде,
Қар, жаўында,
Алпыс жасқа шыққанша көп гезлести.
Не бар оның билмеймен аржағында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумағым сол,
Бул күнде бахытлыман.
Өттим алпыс аталған ўақыт-қумнан.
Қатал болдым өзиме,
Сондадағы,
Болды гезим орынсыз қағытылған.

Хызмет еттим ел ушын,
Жалықпадым.
Көбисине исимниң қанықпадым.
Көзлеримди жумғанша журт мәпине,
Бағышлаўды өзимди аныкладым.

## БАЎЫРЫМА БАСҚАНДА, ҚУШҚАНЛАРЫМ

Баўырыма басқанда,
Қушқанларым,
Ишлеринде досларым,
Душпанларым.
Мен бәрин де билемен, жанымда-ақ,
Турып, меннен жырақта ушқанларын.

## АҚЫЛ ЕСИМ ТОҚТАҒАЛЫ

Ақыл, есим тоқтағалы
Мен өзиме қаталман.
Не басласам питкерместен
Жан емеспен жаталған.

Өмир жолда тыным таппай
Сөйтип шаўып келемен.
Алпыс жастың усы бүгин
Қушағына енемен.

Өткен күнлер көз алдымнан
Бирим, бирим өтеди.
Алпысыншы бәҳәр ол да
Келмес жаққа кетеди.

Мен ҳуқықтың докторыман,
Профессоры, алымман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрманымның жолындаман
Тайғанымша ҳалымнан.

Балалығым, жаслық шағым
Жырларыма есилген.
Оннан басқа нәрселер де
Көп шықпастай есимнен.

Алға қойған мақсетиме
Өмиримше талпындым.
Сонлықтанда нәзеринде
Жүрмен елдиң, халқымның.

## БУЛ ДҮНЬЯНЫҢ ТАЛАЙ, ТАЛАЙ...

Бул дүньяның талай, талай, өткелин,
Изге таслап келген жерим,
Жеткеним.
Алпыс жасқа шыққан күним мен анық,
Өмиримниң билдим өтип кеткенин.

Қутлықлап жүр үйли, жайлы улларым,
Олар мениң гөззал жаслық жылларым.
Көз алдымнан өтип атты бахытлы
Күнлерим де,
Қайғы менен муңларым.

Ақлықларым үйдиң ишин толтырып,
Ойнап атты машын айдап.
Жол қурып.
Мениң болса ўақыт-гүздиң қыраўы,
Гүллеримди атыр еди солдырып.

Алпыс жасқа жеткенде бар,
Жетпеген.
Бул дүньяға ким келип,
Ким кетпеген.
Мениң жаным елимдики.
Баршылық,
Жасап жүрген былш етпеген бет пенен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## КҮНЛЕР ЗУЎЛАП БАРАДЫ...

Күнлер зуўлап барады,
Өмир өтип.
(Аяғына шыдамас темир етик).
Әрманымның жолында шаўып жүрмен,
Ўақыт-атты тындырмай дүбирлетип.

Тегинликте ал ол да жеткермейди,
Ақмақларды алдына өткермейди.
Қараңғыда жасаўға туўылғанлар,
Тирисинде көзиниң от көрмейди.

## КЕРЕГИНШЕ ЖҮРЕГИМ...

Керегиңше жүрегим алшы жанып,
Арысланлар өледи,
Қаншық қалып!
Өмир-дәрья ишинде адамларды,
Әжел деген турыпты шаншып алып.

Таныслардың жоқ ертең бүгин көрген.
Түрли себеп табылып көктен,
Жерден.
Бул дүньяны тәрк етип кетип атыр,
Усындай ғып адамға өмир берген.

## ДОС ҲАҚҚЫНДА

Жазғым келди бүгинде дос ҳаққында,
(Көп ойлайман усыны бос ўақтымда).
Ҳадал,
Садық дос пенен ҳәтте иши,
Пайызлырақ болар-аў дозақтың да.

Қуўанғанда қасыңнан табылады.
Қыйналғанда үйиңе ағылады.
Қармағына ҳәсиреттиң түсип қалсаң,
Қутқарыўдың жолында сабылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунын бәри көринер сезимде де,
Сый, ҳүрметке оралған сөзинде де,
Таслап кетпес ҳеш қашан ески достың,
Бийигиңнен қулаған гезинде де.

## ӨЗ ЕЛИМНИҢ....

Өз елимниң далалары,
Қырлары,
Намалары,
Қосықлары,
Жырлары.
Бәри мениң бахытымда,
Байлығым,
Күш-қуўатым,
Көзлеримниң нурлары.

Өз елимниң дарья,
Теңиз,
Көллерин.
Кийиклерин мәкан еткен шөллерин,
Қушағыма ойларымды басып мен,
Тарқатаман кеўилимниң шерлерин.

## ШАШЛАРЫМДЫ ГҮМИСТЕЙ

Шашларымды гүмистей
Сылайманда, тарайман,
Жасы қайтқан адамның
Өмир-жолы тарайған.
Балалықтан жетим боп
Қалғанлығым ушында,
Ата, анасы барларға
Ҳәўесим кеп қарайман.

Не жетеди дүньяда
Ата, анасы болғанға,
Оннан артық бахыт жоқ
Бала ушын жалғанда.
Тиришилик дегенде



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир атлы булақтан,
Туўды, питти адамның
Мийри сирә қанбаған?!

Жаратылыс дегениң
Қыйырманда, шыйырман.
Турмыс-өмир адамды
Шыжым жиптей шыйырған.
Ўақыт ағып мениде
Алпыс жасқа ап келди.
Барлық аққан нәрсениң
Аяғы бар, қуйылған.

## БУЛ ДҮНЬЯДАН

Бул дүньядан өткен соң
Не қалады артында.
Турмыс-арба, өзиңниң
Көп дым тарта, тартың да.
Бахыт пенен шадлыққа
Бөленгенде күнлер бар,
Күйип, жанып, өртенип,
Шығатуғын партың да.

Бул дүньяның усындай
Жақларында көбирек,
Ойлап гейде қаламан,
Таныған соң көкирек.
Адамлардың бәрине
Бахыт, дәўлет тилеймен.
Шадлығынан муңының
Болғанлығын кемирек.

## ҚАРЫЗЫМ КӨП, ПАРЫЗЫМ....

Қарызым көп алған мениң
Елимнен де, халқымнан.
(Атақ, даңққа хәўесимде,
Жоқ ықласым, салқынман).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўған жерим сениң маған
Берген ақыл, төзимиң,
Өмиримди мазмунлы да,
Татлы еткен, пал қылған.

Парызым көп өтелмеген
Ўатан-анам өзиңе.
(Қыйынлықлар туўры келди
Бала, жаслық гезиме).
Қарызымды қайтарыўдың
Жолындаман, бул күнде,
Уялмастай болып, халқым,
Қараў ушын көзиңе.

## ӨМИР ДЕГЕН...

Өмир деген турады қағысыўдан,
Сонлықтанда көп онда жағы сынған
Мәнзилине жетеалмас,
Мезгилинен,
Бурынырақ шаршаған шабысыўдан.

Менде соның ишинде тырбаңлайман.
Күн көриске бир нәрсе жырғандайман.
Бул өмирдиң ең соңғы
Ҳәм бул күнде,
Көпириниң үстинде турғандайман.

## ҚАЙЫСПАСПА АДАМНЫҢ ҚАБЫРҒАСЫ

Қайыспаспа адамның қабырғасы,
Қыйланғанда қаналас,
Баўырласы.
Туўысқанлық дегенди орынына,
Қойыўдың да әдеўир аўыр тасы.

Бир анадан,
Әкеден туўылғанлар,
Жүрек-баўырын олардың суўырмаңлар.
Қолдан келсе қайтарың қарызларын,
Бир-бириңсиз алысқа жуўырмаңлар.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қудай берер туўғанды,
Туўысқанды,
Кеўли қалып орынсыз суўысқанды
Мақул көрмес.
Ҳәм қоллап, қуўатлайды,
Түсинисип бир-бирин уғысқанды.

## БИРДЕ КҮЛКИ, ГЕЙДЕ ОЙЫН...

Бирде күлки, гейде ойын,
Базда қайғы, тыным жоқ.
Ал оларсыз мениңдағы
Бул өмирде күним жоқ.
Таңың атып, қуяш батып
Турғанлықтан шығар-аў,
Астан, кестен боп атса да
Сениң дүнья миниң жоқ.

Өмир минип алып жерге
Ушады да жүреди.
Бахытына, шадлығына
Шәўкилдейди жүреги.
Ал ондағы қара, ақтың
Гүреси де, айқасы,
Тиришилик пенен бирге
Мәңги дәўран сүреди.

## БИЛИП БОЛМАС АДАМНЫҢ ИШИНДЕГИН,

Билип болмас адамның ишиндегин,
Деми-күни өлшенип,
Пишилгенин.
Өмир атлы булақтан қанша еле,
Ишиўиме жетеди күшим мениң?!

Жасырғандай көп емес сырларым да,
Қалмай бәри айтылған жырларымда.
Аққөкирек екеним сөзлеримде,
Көзлеримниң-
Ҳадаллық нурларында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслайымнан жолдасым қосық, илим.
Болған емес ҳеш қашан қысық тилим.
Демде-ақ екен,
Алпыстың асқарынан,
Асырылып қулады өмир-күним.

Жан-кеўлимниң айнасы қосықларым,
Өмир-жолдың мен бираз тосықларын
Сизлер менен бирге өттим,
Илим, жырды,
Киятырман арқалап қосып бәрин.

## ЖУМЫСТА КӨП, МАШҚАЛА ДА...

Жумыста көп, машқала да,
Тәшўиште сан, санақсыз.
Бунның бәрин жеңиў қыйын
Қатал тәртип, талапсыз.
Ағып, тамып өтиўинде
Мүмкин мынаў өмирден.
Не қайыр бар адамлардан
Қара суўға семирген.
Ел, халқына, туўған жерге
Киндик қаны төгилген.
Топырағына Ўатанымның
Ата, бабам көмилген.
Ондайлардың аўырлығы,
Журт белине батады.
Сол қурақым өзлериде,
Азап уўын татады.

## ҚАЙТАЛМАЙМАН АРТЫМА...

Қайталмайман артыма
Қосық, жырдан шегинип.
Арбасына олардың
Тас болғанман жегилип.
Енди оны тек ғана
Мен алдыма тартаман.
Илим атлы жүкти де



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосып алып артаман.
Сөйтип жүрип ўақыттың
Тынбай ерип изине,
Жақынлап та қалыппан,
Өмиримниң гүзине.
Әрманымның биразын
Мәнзилине жеткердим.
Жатқан талай өртенип
Көпирлерден өткердим.
Сизлер барсыз – өмирим
Мазмун менен толады.
Сизлер менен, билемен,
Жолым мениң болады.

## ӨЗИҢЕ ИСЕН

*Қосықшы Махсет Өтемуратовқа*

Мақтаған сайын
Өзиңе кеўлиң толмасын.
Тусынан бәрин
Қулақтың жибер өткерип.
Талантты мийнет,
Мийнетти талант қолласын,
Жулдызлы кесел
Дегенди жоқ ет от берип.

Ақылым усы
Тыңласаң бахтың алдында.
Өзиңе исен,
Атаққа, даңққа талпынба.
Жиберсең көп жеп,
Зәҳәри бардур палдың да.
Елиңе жүгин,
Қүдиреттиң бәри халқында.

## ЖАМАНЛЫҒЫ, ҚЫЯНЕТИ ҚУРЫСЫН

Жаманлығы,
Қыянети қурысын.
(Айтыў керек бас кетсе де дурысын!).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалған,
Өсек,
Ғыйбатшылар,
Шуғыллар,
Қашырады бул өмирдиң шырышын.

Умытпаңлар инсапты да,
Ийманды.
Ҳүрметлеңлер ҳадал байлық жыйғанды.
Кешириңлер өз ўақтында үлгерип,
Нәпси деген бәлесин де тыйғанды.

Сөйтсең өмир жеңилирек болардай,
Мазмун,
Мәнис,
Маңыз бенен толардай.
Жүрегинде жақсылыққа орын жоқ
Адамлар да қуўрап қалған томардай.

Жаманлығы,
Қыянети қурысын,
Жырларымда ҳадаллығым,
Дурысым.
Гейде көрсем былш етпеген бетлерди,
Мазам қашып,
Бузылады шырышым.

## ӨМИРИМ-КҮНИМ АҒЫП ТУР...

Өмирим-күним
Ағып тур зуўлап булақтай.
(Өтмишке ойым
Бүгинде мениң ылақты-ай).
Балалық, жаслық
Есимде ғана қалды тек,
Шашылған қумға
Алпысым мисли сынаптай.

Биреўлер маған
Қосылып жолдан дос болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болған соң ҳадал
Жағамда соннан бос болды.
Әдиллик, инсап,
Ийманнның мынаў дүньяда,
Орнаўы ушын
Көтердим бәрҳә қос қолды.

Ким болса соның
Айтқанын бөлмей тыңладым.
Басласам исти,
Питкермей оны тынбадым.
Бүгипте көрген,
Ийипте көрген жерлерде,
Қабырғам мениң
Қайысты, бирақ сынбадым.

## БИЙКАР ӨТКЕН КҮНЛЕР ҲАҚҚЫНДА

Ўақ, шақ болып биреўлер
Өткерип жүр өмирин.
Ўақыт ондай адамның
Жағасында, өңирин,
Айы, күни жеткенде
Пырым, пырым етеди.
Жүрегине қағады
Тат жеп кеткен темирин.

Буннан жумақ' ўақытты
Гүна бийкар өткериў.
Баслап қойған исиңди
Ақырына жеткериў
Керек, ондай болмаған
Жағдайларды деп түсин:
Еркиң менен өзиңниң
Өмириңе от бериў.

## ТӘҢИРДИҢ ДЕ АЛДЫНДА, АДАМНЫҢ ДА

Тәңирдиң де алдында,
Адамның да,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүзим жарық,
Ийманым пүтин мениң.
Көп нәрсеге жеткени шамамның да.
Тәғдир сабаўларға да түтилмедим.

Қарақалпақ халқының баласыман,
Илҳәм алған ой,
Қыры, даласынан.
Қайғысынан елиниң өлетуғын.
Түскен оның жанына жарасынан.

Тәғдир шығар,
Мен өзим усындайман.
Сөзим ҳадал,
Сонлықтан қысынбайман,
Алпысыншы бәҳәрдиң бул күнлери,
Жолларында тырбаңлап,
Ысылдайман.

## БАСТАН АЯҚ БУЛ ӨМИР

Бастан аяқ бул өмир питпейтуғын,
Жумыс екен. Күни жоқ түтпейтуғын
Жаныңды да. Өлгенше тынышыңды.
Бермейди де,
Шығарар қунышыңды.
Үйлениў де,
Турмысқа шығыўлар да,
Жығылыў да,
Айқаста жығыўлар да.
Той бериў де, өли де жайғастырыў,
Басқа шығып, үй қурыў,
Жай бастырыў.
Бәри жумыс. Көзиңди жумғаныңша,
Таўсылмайды. Қалғанын күниң қанша
Билеалмайсаң. Бул өмир бастан аяқ,
Аўыр жумыс, ойнаған баста таяқ.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМЛАРДЫҢ ЕЛИНЕН АЛЫСЛАҒАН...

Адамлардың елинен алыслаған,
Бәриниңде аўҳалы таныс маған.

Жүрек, баўыры қан болып, езиледи.
Ҳәсирети көзинен сезиледи.

Мүсәпирлик түседи басларына,
Биреўлердиң қабағы, қасларына,

Қарағаннан ишлери өртенеди.
Сөйтип жүрип өмири келтереди.

Туўысқаннан, туўғаннан айрылады,
Қанатлары сынады, майрылады.

Ақыллары енгенде кеш болады,
Еткен барлық еңбеги еш болады.

Өз елиңе, үйиңе не жетеди,
Туўған жери адамды келе етеди.

Ким, кимниңде журтынан алыслаған,
Күн көриси, жағдайы таныс маған.

## ҒАРРЫЛЫҚТЫҢ АЛДЫНДА ТУРМАН МЕН ДЕ...

Ғаррылықтың алдында турман мен де,
(Жас берген соң қартаймай қалмас бенде).
Өмир деген тез екен көзди ашып,
Жумғанымша,
Алпысты қуштым мен де.

Барлық өткен өмирим көз алдымда,
(Турғандайман мудамы гезе алдында).
Ул, қызларың ер жетип,
Аклық сүйген,
Болады екен күнлериң өз алдына.

Басы бардың аяғы бары анық,
Жанған нәрсе түбинде питер жанып.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүньядан өтерде барма айтқан.
Өмир атлы булақтан иштим қанып.

Ғаррылықтың алдына келип турман.
Тәбияттың жуўмағы — гүзги қырман.
Буйырыпты маған да бул өмирде,
Бахыттан да,
Қайғыдан,
Қосық, жырдан.

## ЖАСЫРАҚСАҢ...

Жасырақсаң сен ҳақыйқый жасыңнан,
Деп айтысар досларымның биразы.
Өткенликтен алпыс бәҳәр
Басымнан,
Бул сөзлерге жүрек емес ыразы.

Жан енгеннен ишинде-ақ анамның,
Мени, байғус, абайлады,
Асырап.
Сонлықтан да өз жасынан адамның,
Болыўы ғой мүмкин емес жасырақ.

## ЕҢ БОЛМАСА БИР ЖАҚСЫЛЫҚ ЕТИҢЛЕР...

Ең болмаса бир жақсылық етиңлер.
Ата, ананың қәдирине жетиңлер.
Туўған жердиң қайғысына,
Муңына,
Қабырғаңды қайыстырып сөтиңлер.

Сонда ғана халқың қурғын,
Ел абат.
Бир-бирине болыңызлар қол-қанат.
Сөйтсеңизлер мийрим менен мириўбет,
Мәңгиликке қурар жерде салтанат.

Саўап ислең,
Ол да қолдан келеди.
Ҳадаллыққа тек ҳадаллық өнеди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсылықтан басым келсе жаманлық,
Ондай жерде ийман, инсап өледи.

## ӨМИР СҮРИЎ ДЕГЕН НЕ?

Өмир сүриў деген не
Жуўырыў ма, жортыў ма?!
Отырыў ма тебенде,
Кимлердендур қорқыў ма?!

Онық өзи не нәрсе,
Қуўаныў ма, шалқыў ма?!
Болғаныма күн көрсе,
Көбиктей боп қалқыў ма?!

Биреўлерге керек боп,
Биреўлерге жақпаў ма?!
Дос, яраннан бөлек боп,
Көкиректе кек сақлаў ма?!

Ўақыт қурды айланып,
Тыным таппай шабыў ма?!
Туўған жерге байланып,
Оннан бахыт табыў ма?!

Усылардың бәри де,
Өмир сүриў, жасаўда!
Онда уў бар,
Дәри де.
Силимтир де, асаў да!

## АНАНЫҢ ДА БАЛАМ ДЕП ЖУЎЫРҒАНДА...

Ананың да балам деп жуўырғанда.
Жанын отқа күйдирип,
Қуўырғанда.
Бахты ушын ғой перзенттиң,
Әттең бирақ,
Ҳәмме адам,
Адам боп туўылған ба?!


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЙЛАР, ӘРМАН МЕНИ ҲЕШ...

Ойлар,
Әрман мени ҳеш тындырмайды.
Жүрегимде қоңыраўдай сыңғырлайды.
Машқалалар,
Тәшўишлер өз алдына,
Жанға тийип олар да мыңғырлайды.

Әрмансыздан бул өмир түңиледи,
Ақыллылар дүньяға үңиледи.
Машқала да,
Тәшўиш те истиң көзин,
Билгенлерге табынып,
Жүгинеди.

Мынаў жерди турғанда айландырып,
Барып қағып атқанда айға сырық.
Ойлағанлар ертеңин.
Өзи болар
Дегенлерди жүрипти қудай урып.

## МЕННЕН АЎЛАҚ ЖҮРИҢ ҚАЙҒЫ, УЎАЙЫМ

Меннен аўлақ жүриң қайғы, уўайым.
Еле алыс сениң өмир мың айың.
Саған жетиў ушын етип саўап ис,
Туўған жерди меҳириме жуўайын.

Көкиреги аппақ жанман мен өзим,
Жүрегиме уялаған нур-сезим.
Жасым мениң келип қалды биразға.
Сол ушын да бахытлыман,
Шын сөзим.

## ҚОЛДАН КЕЛСЕ БУЛ ДҮНЬЯНЫ

Қолдан келсе бул дүньяны
Мийрим менен безеңиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрмегенди, билмегенди
Жүрек пенен сеземиз.

Өмирди де ийман менен,
Инсап пенен ораңыз.
Жан ийемнен қүдиретли
Елге аманлық сораңыз.

Туўған жерди анаңыздай
Алақанда аялаң.
Өзиң еккен дарағыңнның
Астында тек саяман.

Бахытты да, дәўлетти де
Өз елиңнен табасыз.
Жасы үлкенниң инисисиз,
Жас кишиге ағасыз.

Обал, саўап дегенлер де,
Ядларыңнан шықпасын.
Шайтан менен әзәзүллер
Араңа бас суқпасын.

## ҚАПЫЛАРЫ ТӘҒДИРЛЕРДИҢ ИЛИЎЛИ....

Инсанларға берилген ғой қайғырыў,
Қапа болған кеўиллерди жай қылыў.

Қәнәҳәт те,
Сақыйлық та берилген.
Жақсылыққа қушағы оның керилген.

Қасарысқан жерин ойып тесиў де,
Аразласса ала жипти кесиў де.

Туўған жерин шын жүректен сүйиў де.
Басын ата, анасына ийиў де.

Ул, қызының бахты ушын жаныў да.
Ақлық сүйип мийримлери қаныў да,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңгисин бермепти оған билиўди.
Қапылары тәғдирлердиң илиўли.

## ҚЫЙНАЛҒАНДА.

Қыйналғанда қыйналып,
Қуўанғанда қуўанып.
Ул, қызымның бахтына
Жүриппен мен жубанып.

Өмиримди узайтар
Шадлықлары олардың.
Күли менен үйимниң,
Шығаман мен солардың.

Оты менен олардың
Үйиме мен киремен.
Улым, қызым қуўатым.
Таянышым тиреген.

Өмиримди усылай
Жүрмен бүгин өткерип,
Туўры жолға оларды,
Салғым келер жеткерип.

Әрманларым усындай
Жақсы ниййет ойымда.
Бәршелериң ул, қыздың
Бахыт қушың тойында.

## БУЛ ӨМИРДЕ ҲӘРКИМНИҢ ӨЗ ОРНЫ БАР

Бул өмирде ҳәркимниң өз орны бар
Есиктинде,
Төрдинде ийелери.
Көретуғын барлығын көз сорлылар,
Ишлеринде ешеги,
Түйелери.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәғдирлерде жазылған маңлайларға.
Сызығынан ҳеш кимде шығаалмайды.
Басларында мың түрли жағдайларда,
Адам өзин өлгенше уға алмайды.

Жүрер жолын,
Отырар орнын билиў,
Бул да бахты адамның түсингенге.
Орны менен қайғырыў,
Ойнап, күлиў.
Жөнсиз гәпти шығармаў тисиңнен де.

## БАСЛАП ҚОЙҒАН ИСИМДИ.

Баслап қойған исимди ақырына,
Жеткергим кеп тынбайман,
Асығаман.
Шыққым келмес шыңлардың жақынына,
Арқаланып алысқа тасынаман.

Өтсемдағы көбисин өмир-жолдың,
Әрманларым көп еле иске аспаған.
Мийнетимниң арқасы-
Келе болдым,
Болды күнлер қайғыдан көз жаслаған.

Баслап қойған исимди ақырына
Жеткерсем деп күн, түни шаўып жүрмен.
Сөйтседағы өзимниң ақылыма,
Нәрселерди
Сыйғандай таўып жүрмен.

## СЕНИҢ ДЕ МЕН ТӨРИҢНЕН

Сениңде мен төриңнен туўылған жер.
Тұңғыйыққа қуларман демим питип.
Шаўып жүрмен бул күнде боп қара тер,
Әрман-жолда
Жанымды жүндей түтип.

Ел, халқыма аманлық тилегеним,
Улларымның тәғдири ойларымда.
Үлгермеген нәрсем көп еле мениң,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Көргим келер
Аклыктын тойларын да.

Жас кайткан сон тарылар өмир-жолын,
Сөзлеринде өлшеўли,
Ҳәрекетин.
Күннен күнге ортайып аткан толын,
Қашырады адамнын берекетин.

Өмир-өтти,
Ал енди бул жағында,
Бак-дәўлетин тилейсен ул, кызыңнын.
Сөйтип жүрип калдырмай қар, жаўынға,
Сөнгенинде ўактында жулдызыңнын.

## ҚАЛАДЫ

Шайырлардан косык-хат,
Жыр калады.
Кеўил-бағта түрли гүл ырғалады.
Бир-биреўге меҳирден,
Мухабаттан,
Көкиректе жап-жарык нур калады.

Жақсылардың изинде бағ калады.
Кетпейтуғын жаманнан дак калады,
Қулы болған адамлар нәпсисиниң,
Түбинде бир бәлеге тап болады.

## ЖОЛЛАР, ЖОЛЛАР ТАЎСЫЛМАС, ШЕКСИЗ.

Жоллар, жоллар таўсылмас, шексиз.
Сизлер солай дүньяға кепсиз.
Өзлериңнен бәршелер өтер.
Шакканлар да.
Епшил де,
Епсиз.

Жоллар менен оралған әлем.
Жақсылығын,
Күтип тур бәлен,
Сәтли болсын десенлер жолын,
Оғандағы бериңлер сәлем.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Олда адамдай кеўили толсын,
Бахыт қусы басына қонсын.
Баратқанның жолларға шығып,
Талаплары келиссин,
Оңсын.

## БАХЫТТЫҢ ДА ҚУСЫ, БИЛИҢ....

Бахыттың да қусы, билиң,
Тақыр жерге қонбайды.
Алға талпынбағанлардың
Талаплары оңбайды.

Жақсылығың, жаманлығың
Бәри алдыңнан шығады.
Усындайын бул өмирдиң
Адам қашан уғады?!

Бул дүньяда ҳеш нәрсе жоқ
Есапсыз да, өлшеўсиз.
Орынына қояр өмир
Кеткенлерди мөлшерсиз.

Хызмет етсең жақсылыққа
Ҳасла зая кетпейди,
Елиңдеги тынышлыққа
Ҳеш нәрседе жетпейди.

Қайтар дүнья дегенлерин
Ядларыңнан шығарман.
Қорқыў керек көзи аштан,
Көп байлыққа қумардан.

## МЕН ТУЎЫЛҒАН КҮНДЕ..

*Ақлығым Шахсәнемге*

Мен туўылған күнде сен,
Жаным, сенде туўылдың.
Анаң, әкең меҳири
менен таңда жуўындың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аман, есен дүньяға
Келиўиңди тиледик.
Роддомның касында
Биз бәримиз түнедик.

Анаң менен косылып
Бирге хәмме толғаттык.
Жанымызды сызлаған
Шадлык пенен оңлаттык.

Еле сениң кулыным,
Қойылмады атың да,
Атаң бүгин усылай
Жазды қосық-хатында.

Сегизинши аклығым,
Орның бөлек сенинде.
Даўамшысы өмирдиң
Апаңның да, мениң де.

Тилеп турман, шырағым,
Баўың берик болғай деп.
Келешекте өмириң
Бахыт пенен толғай деп.

## ЫРЫЛ, ТЫРЫЛ КҮНИМ ӨТТИ БҮГИН ДЕ

Ырыл, тырыл күним өтти бүгин де,
Күн ол күн ғой,
Саат сайын жүгинде,
Өмир сениң аўырласып аткандай.
Басланғанның акыры бар түбинде.

Бийигинен жийегине күним де,
Қулап мениң келип калды бүгинде.
Ўактың жетип,
Демиң питсе өлшеўли,
Бул дүньяда калмайды бир түгиң де.

Адамлардың палы,
Уўы тилинде,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Хәсирети,
Қуўанышы үнинде.
Жеткиң келсе мақсетиңе,
Муратқа,
Хәрекет ет ҳадаллыққа жүгин де.

## УЛЫҢ, ҚЫЗЫҢ ӨЗЛЕРИН....

Улың, қызың өзлерин
Тартып жүрсе болғаны.
Үлкен дәўлет-исиниң
Келискени, оңғаны.
Ата, анаға булардан
Керек емес басқасы,
Басларына бахыттың
Қусы усы қонғаны.

Жаман болса перзентиң
Тынышыңа қоймайды.
Улың, қызың ата-ана
Көз жумғанша ойлайды.
Өмир терең соңлықтан
Бойлаў қыйын өзине,
Бахытлылар ул, қызы
Туңғыйыққа бойлайды.

Ата-ананың ул, қыздан
Мийрим ғана дәмеси.
Ишлеринде бирақта
Көп ғой адам емеси.
Шаңарақлар усындай
Ортасына түседи,
Өмир атлы теңизге
Батып кетер кемеси.

## ӨЗИ БОЛМАС АЛПЫСҚА ШЫҒЫЎДЫҢ ДА...

Өзи болмас алпысқа шығыўдың да,
Ўақытқа да өрлеўдиң,
Ығыўдың да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көтергенге өмирдиң ауыр жүги,
Қалар басын бәлеге туўылдың ба.

Жоллар алыс,
Есапсыз соқпақлары,
Сылынғандай етинин тоқпақлары.
Арасында шығайын десең аңға,
Бурынғыдай атылар жоқ оқлары.

## АЎЫРЫЎ АЙТЫП КЕЛМЕЙДИ...

Аўырыў айтып келмейди,
Аяғынның астында.
Ҳәмириңе көнбейди,
Тикпейди де қастында.

Көрсетерде өнерин,
Жақсыда жоқ, жаман жоқ.
Түбинде бир өлерин
Билмейтуғын адам жоқ.

«Сатып» алған кеселди,
Адамларда табылар.
Кейинирек еси енди
Аўырғанлар шабылар.

Өмирде бул вокзалдай
Өз поездын күткен көп.
Күн бойына қозғалмай,
Жанын жүндей түткен көп.

## ЕЛИМ ДЕГЕН АДАМЛАР....

Елим деген адамлар,
Қайда халық.
Дослықтан да жүрген көп пайдаланып.
Ўәдегеде садықлық кемейгендей,
Баратқандай биразлар майдаланып.

Ақыллы боп көпшилик кеткен янлы,
Биразлары қүдирет,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неткен анлы.
Өкинерим алғысын жасы үлкеннин,
Тили менен кеўилине жеткен алды.

Өтирикти көбейди шын еткенлер.
Қутырысып кеткенде,
Күнелткенлер,
Әўметлилер,
Дуўахан болғанда көп.
Есигине аўманы түнеткенлер.

Жетпей атып балалар бәләҳатқа,
Биразына олардың түсти тат та.
Кетти ашылып тығыны нәпсилердиң,
Умыт болып атқандай қәнәҳат та.

Ойнас пенен мухаббат былғасқандай,
Кеўиллерди сонлықтан муң басқандай.
Усыларды жарылып
Айтыўға да,
Досларым да қалмапты сырласқандай.

## АНЫҚ МАҚСЕТ БОЛЫЎ КЕРЕК...

Анық мақсет болыў керек адамда.
Астан, кестен өмир-теңиз жағанда
Боп атқанын көрип турып, аяйман,
Аңсат емес,
Қурсын инсан, саған да.

Өмир солай оған адам келген соң,
Мынаў жерде жасап,
Өсип, өнген соң,
Тирисинде керек болса тап қандай,
Аброй керек оғандағы өлген соң.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМЛАРДЫҢ БИРИН БИРИ...

Адамлардың бирин бири
Жақсылыққа уққаны.
Хәр биреўдиң бар өмирде
Сығатуғын сықпаны.
Қатарымнан кем болмаўым
Болды баслы мақсетим,
Байыў деген ойыма да
Кирип мениң шықпады.

Алымлықтан, шайырлықтан
Пайдам тийсин елиме,
Деген ойда маңлайдан тер
Төгип жүрмен жериме.
Тек усылар ғана мениң
Бахытым да, байлығым,
Ким арқалап алып кеткен
Мал, дүньясын гөрине.

## ҚАТАР-ҚУРБЫ, ДОС, ЯРАН ТОЙҒА КЕЛДИ.

Қатар-қурбы, дос, яран тойға келди.
Түрли, түрли байқасам ойда келди.

Қабақлардан, жүзлерден көринип тур.
Кеўил күйи. Биреўлер керилип тур.

Қуўанып та турған көп жуғырласып,
Екеў ара сөйлесип сыбырласып.

Қатып ишек силеси күлип атқан,
Неге екенин хеш ким жоқ билип атқан.

Ойнап атыр биреўлер жер тепсинип,
Сөйтип турып бахытын жүр көпсинип.

Мийрим, мехир биреўдиң көзлеринде.
Биреўлердиң тилинде, сөзлеринде.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қушақласып, өбисип атырғанда,
Басқыласып бир-бирин қатырған да.

Келгенде бар бул жерге шын жүректен.
Ишлеринде жанлары шыр-шыр еткен.

Тойханада барлығы араласқан,
Биреўлердиң басында қара аспан.

Туўысқан да, туўған да тойға келди,
Түрли, түрли жағдайда,
Ойда келди.

## БЫЙЫЛ БӘҲӘР ӘДЕЎИР-АҚ...

Быйыл бәҳәр әдеўир-ақ кешикти
(Тәңир солай бизлер ушын шешипти).
Жылда есап болар еди,
Сөйтсе де,
Қыс та бираз бәҳәр жаққа көшипти.

Көпке шекем жылымады жер бети,
Қыс күйинде қалды елдиң келбети.
Биз бәҳәрди сағындық ғой,
Қыс деген,
Шаңарақтай ысығы жоқ, кел, кети.

Мартта өтти көринбей-ақ көк шөп те,
Апрельде өпепек те,
Атшөк те.
Шақырмай-ақ, соннан билдим бәҳәрдиң,
Кешиккенин,
Қап кеткенин көп шетте.

Неге бунша кешиктиң сен бәҳәрим,
Жеңиў қыйын болды ма қыс қәҳәрин?!
Ўақыт бирақ егленбейди,
Сонлықтан,
Босқа өткермен өмирдиң таң сәҳәрин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЎАҚЫТ ДЕГЕН,

Ўақыт деген кимсең,
Несең демейди,
Тәшўишине қайғы, уўайым жемейди.
Қызды-ҳаял,
Улды әке етип ол,
Олардың да дәрежесин теңейди.

Барлық өмир айланады ишинде,
Оған бирдей үлкениң де,
Кишиң де,
Оның ушын ҳеш нәрсе емес әсирлер,
Ўақыт мәңги сол әўелги күшинде.

## ЎАҚЫЯЛАР КҮТИП ТУРҒАН ЖОЛДАҒЫ

Ўақыялар күтип турған жолдағы ,
Жаманлықтан аўлақ болса болғаны.
Тәғдирге де жазылғанның биразы.
Дүзеткендей нәрсе, мүмкин, қолдағы.

Мынаў өмир бәри алдында көзиңниң,
Жаны адамның-ең бийиги сезимниң.
Бахытсызлық дегениңниң көбиси
Ақмақлығың шығар, мүмкин, өзиңниң.

## ЖУЎЫРДЫҢ БА ШАРШАЙСАҢ ДА, ТАЛАСАҢ....

Жуўырдың ба шаршайсаң да,
Таласаң.
Озасаң да,
Изинде де қаласаң.
Тайып гейде тап-тақыр-ақ жерлерде.
Сүрнигип те,
Жығылып та аласаң.

Ашықсаң ба сүйесеңде,
Күйесең.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлин хошлап,
Жанына да тийесен.
Қуўандырып,
Жылатып та,
Күлдирип,
Басынада тәшуишлерди үйесең,

Сағындың ба сарғаясаң,
Күтесен.
Шыдайсаң да,
Тамам да боп питесен.
Сабырлы да боп көринип сыртыңнан.
Жаныңды да жүндей иштен түтесең.

Қартайдың ба сөзди өлшеп,
Шенейсең.
Мерекеге үй атынан жөнейсең.
Шаңарақтың берекети ушын да,
Ул, қызыңа сеники жөн дегейсең.

## БАРЛЫҒЫНА АЎЫЛДЫҢ СОЛ БАЛАСАҢ

Барлығына аўылдың сол баласаң,
Жуўырып кеп сәлемге,
Қол аласаң.
Жасыүлкеннин пәтия,
Дуўасынан,
Қарап еле тура бер зор боласаң.

Жанға ысық хәр кимниң өз аўылы,
Аўылластың барлығы өз баўыры.
Тәғдиринде инсанның бул жерде де,
Жайма шуўақ,
Бар оның өз даўылы.

Аўыл деген усылай еркелетип,
Жақсыларын көрсетер өрнек етип.
Тилеги бар онында аўылластың,
Жақтырмайды жүргенин кери кетип.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАЛАЙ ӨМИР ДЕГЕНДЕ ЖЫҒЫЛДЫМ ДА...

Талай өмир дегенде жығылдым да,
Өлип те көп,
Қайтадан туўылдым да,
Аяғымды алып мен қолларыма,
Әрманымның жолында жуўырдым да.

Бос кетпеди сонлықтан мийнетлерим,
Усы күнде елдиң сый, зийнетлерин,
Көрип жүрмен,
Сол жетим балаңызға,
Өмир бәри өзиңниң үйреткениң.

Өмир деген тайғанақ,
Музқаймақ та,
Ақлықлардың бәрине дуз байлап та,
Қояйын мен, көз тийип қалар тағы,
Жүрген шығар олар да бизди ойлап та.

Өмир деген тойғақта
Сырғанаған.
Менде онда тырбаңлап тырбанаман.
Илимниң де жолында баратырған,
Сөзлерден де сарғайып жыр қалаған.

## КЕЎИЛ ДЕГЕН БУЛТЛЫ, БУЛТСЫЗ...

Кеўил деген бултлы,
Бултсыз аспандай.
Бузбаў ушын керек оны бас қандай?!
Қәпелимде түнереди айыбын,
Көзге түртип,
Тап бетине басқандай.

Кеўиллерде толқынланған теңиздей,
Кеуил ғой бул,
Кеўил қурғыр дегизбей,
Ҳеш кимди де қалдырмайды бийпарық
Жаны адамның оның менен егиздей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўил булты-жаўатуғын жамғыры,
Бар онында күйип атқан тандыры.
Кеўиллердиң түсетуғын ишине,
Адамлардың көз нуры емес,
Жан нуры.

## БӘРИ ӨМИР

Бәри өмир
Ул да, қыз да өсирген.
(Жайлы екен деп олманда ким көсилген).
Қуўаныш та,
Сағыныш та,
Күтиў де,
Қушақларда бурымлар да есилген.

Ҳәсиреттен егил, тегил жылаўда,
Қайғы менен жанға кирген қылаў да.
Бийиклерге талпыныў да,
Шығыў да,
Туңғыйыққа сол жерлерден қулаў да.

Қушақласып өбисиў де,
Сүйиў де,
Жек көрисип кәпир тонды кийиў де.
Уятлы боп жерге қарап қалыў да.
Бахытынан көклерге бас тийиў де.

Бәри өмир:
Түсингенге, билгенге,
Бахыт қушыў,
Жүрек, баўырын тилгенде.
Өз сықпанын сыға алмай атырып,
Биреўлердиң үстиненде күлгенде.

## ӨМИР ҚАТАЛ, ЕРКЕЛЕСЕҢ

Өмир қатал еркелесең
Қағындырып таслайды.
Көп қақанлап кеткенлердиң
Әрманы иске аспайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсы менен жақсы болсаң,
Талап, исиң онады.
Жаман болсаң жақсы адамлар
Үйиңе изеп баспайды.

## ПЕРЗЕНТ УШЫН...

Перзент ушын ата, ана
Жанын отқа жағады.
Салып өзин тәртипке де
Қазық та етип қағады.
Ержетеди уллары да,
Бой жетеди қызлары,
Енди олардың ата, ана
Қабағына бағады.

## ТУЎЫСҚАН, ТУЎҒАН, АҒАЙИН КЕРЕК

Туўысқан, туўған,
Ағайин керек адамға.
Қәне енди болса,
Апаң да, иниң, ағаң да.
Өмирде бәри
Болады, бирақ сонда да,
Дүньяда мынаў
Жалғызлық деген жаманда!

## УСЫ ЕЛДЕ, ТУЎҒАН ЖЕРДЕ

Усы елде, туўған жерде,
Ушып, қонар уямда.
Асқарым да, бийигим де,
Жақын, алыс, қыям да.
Әрманларым иске асқан,
Бүгинимде, ертеңим,
Қосық жазған дәптерлерим,
Қәлемлерим, сиям да.

Үстиртимниң байлығын айт,
Әмиўимди, Аралды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаратаўда миллетимниң
Күни ушын жаралды.
Ғәрезсизлик, мустақыллық
Орнағалы журтыма,
Қүдиретиң сениң елим
Жер, жаханға таралды.

## БӘҲӘРИМНЕН, ЖАЗЫМНАН

Бәҳәримнен, жазымнан
Сирә нышан қалмады.
Ўақыт деген айдарҳа
Бәрин жутып, жалмады.
Гүздиң ызғар аязы
Белги берип жаныма,
Хабар айтып турыпты
Қысымнан да алдағы.

## КЕШЕ ҒАНА СЕН ҚЫЗ ЕДИҢ

Кеше ғана сен қыз едиң,
Жигит едим мен болсам,
Бахыт қусы боп басыма
Қәне енди сен қонсаң
деген едим. Әрманларым
иске асты сондағы.
Тәғдир деген болмаса да
Услар нәрсе қолдағы.
Сонда да биз көп ислерди
Бирге әмелге асырдық.
Қол жетеди деген жерге
Талпынып кеп асылдық.
Бүгин бизиң жасымыз да
Бираз болып қалыпты.
Күшимиз де қайтқан яңлы
Сезип жүрмен, талықты.
Жақынласты енди бизиң
Кемпир-ғарры күнимиз.
Ақлықлар бар ай, жулдыздай.
Жарық болар түнимиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЙЫН, АЎЫР ТАЛАЙ КҮНЛЕР

Қыйын, аўыр талай күнлер
Өтти менин басымнан,
Аяғымнан шалғанда көп
Мойыныма асылған
еркелетип. Қапа болсам
кеўилимди алған да.
Қайғыма да өтириктен
Күйип, писип жанғанда.
Көреалмаған табысымды,
Бахытымды қызғанған
Абройыма, атағыма
Жүрек, баўыры муз болған.
Өмир-жолда киятырман
Әрманыма қулшынып.
Жақынластым оларға да,
Тур алдымнан күн шығып.

## АҚСАҚАЛЛАР

Ақсақаллар ғаўқылдасып
Өткен менен кеткенди
айтысады. Өмир-жолды
Қалай, қәйтип өткенди.

Ел қайғысын тиллерине
Тийек етип жүреди.
Бахытына қуўанғаннан
Дүрсилдесер жүреги.

Үлкенге де, кишиге де
Тилегени жақсылық.
Сөзи менен басып қояр
Кетсе де ким асқынып.

Мерекеде кәт-кудалық
Көп көргенлик етеди.
Журт муңына қабырғасын
Қайыстырып сөтеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жек көреди пәтиўасыз
Дыянатсыз адамды.
Жаман менен жаман болып
Жырттырма дер жағанды.

Ақыл берсе тыңлатады.
Өткереди сөзлерин.
Ҳеш биреўден жоқарыға
Қоймайды олар өзлерин.

Ақсақаллар миийримлилик
Даналықтың дереги.
Сонлықтанда журт олардың
Излерине ереди.

Олар ийман, инсабы да,
Уйытқысы елимниң.
Берекетти, тыныщлығы
Туўған ана-жеримниң.

## ЕКИ ТӘҒДИР

Еки тәғдир бир шеңбердиң ишинде
Өмир бойы дөңгелейди,
Айланып.
Қүдирет бар мухаббаттың күшинде,
Адам оған қалған яңлы байланып.

Еки тәғдир бирге әке, анаға
айланады. Бир теңиздиң айдыны
Буйырыпты соңғы демди алғанша
Күнлери бар бахытлы да,
Қайғылы.

Еки тәғдир өмиринше бирге боп,
Шаңарақтың бирге есер ескегин.
Ул, қызының кеткенлигин ирге боп
Көрсе болды,
Ақлықлардың өскенин.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛ ДА, ҚЫЗ ДА ЕРЖЕТИП...

Ул да, қыз да ержетип,
бойжеткен соң.
Басқа журттай,
Бурынғыдай болмайды.
Өмир-жолдан түрли, түрли өткен соң,
Енди өзиниң перзентлерин қоллайды.

Ҳәр бириниң өз үйи бар,
Өз ғамы.
Тәшўишлери сонлықтанда өзинше.
Сөйтип мениң дәртлеримди қозғайды,
Айта алмайман усындайын көзинше.

## БУЛ ДҮНЬЯДА ҚӘТЕСИЗ, КЕМШИЛИКСИЗ

Бул дүньяда қәтесиз,
Кемшиликсиз барма адам?!
Ақмакларға сөзим жоқ
Оның жолы армаған.
Басы тасқа тиймеген,
Маңлайын бир жармаған,
Табаалмайсаң инсанды,
Жерлерим жоқ бармаған.

## ҲИЙЛЕ МЕНЕН ӨМИРДИ...

Ҳийле менен өмирди
Мүмкин емес алдаўын,
Ҳәр бир адам өзиниң
Тартып жүрсин салдаўын.
Ақыл менен шешилген,
Ислер ушын орынлы,
Қызыл тилди бууўынсыз
Керек емес жалдаўың.

Өмир атлы арбаға
Турман бәрҳә жегиўли.
Жақсылықтың тұқымы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегиме егиўли.
Ели ушын жанында
Аямаған жанлардың,
Ойлап отыр биреўлер,
Қуйрығына тебиўди.

## КӨПШИЛИГИ АДАМЛАРДЫҢ

Көпшилиги адамлардың
Әдилликти сүйеди.
Сүйип қоймай табынады,
Басларын да ийеди.
Әдалаттың, хақыйқаттың,
Жолларында, бирақта,
Адамзаттың сипсе болып
Шашылған көп сүйеги.

Ғәрезсизлик жолларына
Түсип алды елимиз.
Қатаймақта қабырғамыз,
Беккемленер белимиз.
Әдилликтиң дигирманы
Женшип таслап жалғанды,
Жақсылықтан, шынлықтан да
Қанады еле шөлимиз.

Оған шекем билип қойың
Талай шашлар ағарар.
Қабырғалар қайысарда,
Жүзлердағы қабарар.
Тар, жол тайғақ кешиўлерден,
Өтиў аңсат болмайды.
Көп аяқлар шалынады,
Жыртылады жағалар.

Ғәрезсизлик исенемен
Нийетине жетеди.
Таўдан, тастан, ойдан, қырдан
Аман есен өтеди.
Ийманлыны, инсаплыны


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әдилликке сүйенген,
Жақсылардың барлығында,
Бахытлы еле етеди.

## КЕШЕ КЕЛГЕН ҚУСЛАРДА

Кеше келген қусларда
Бүгин қайтып баратыр.
Аралына қурыған
Кеўил айтып баратыр.

Жүреклери жаралы
Көзлериниң жаслары,
Сел,сел болып барады,
Аман бирақ баслары.

Көк тениздей баяғы
Емеслигин биледи.
Қанатларын жаяды,
Жүрек, баўырын тиледи.

Және қайтып келиўге
Көзлериде жетпейди
Өмир деген көниўме?!
Күни олардың өтпейди.

Келип қалды қарлы қыс,
Көлин таслап баратыр.
Ең алдында ана-қус,
Көшти баслап баратыр.

## ЎАҚЫТ ӨТИП БАРАТЫР...

Ўақыт өтип баратыр,
менде өтемен.
Мәңги өмир-кәрўанды жетелеген
адамлармыз. Инсанлық парызларын
өтегенде,
Бар онда өтемеген.

Бәхәр келсе муз, тоңлар ерип кетер,
Туўған жерди күн нуры жерик етер.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйын нәрсе екенин өмиринде,
Гезеклесип пасыллар көрип кетер.

Бул өмирге келгенлер кетеди екен,
Әрман менен көбиси өтеди екен.
Бүгин бахыт қушқанлар
Олар да ертең,
Қабырғасын жүйинен сөтеди екен.

## БЕС КҮНЛИК ДҮНЬЯ

Бес күнлик дүнья өтеди де,
Кетеди деп жүрген көп.
Тап усындай көз қарастан
Өмирди де сүрген көп.

Инсапты да, ийманды да
Ойламағанларда көп.
Нәпси бәлелерине де
Бойламағанлар да көп,

Мухаббатты секс пенен
Алжастырғанлар да көп.
Харамлықты ҳадал менен
Былғастырғанлар да көп.

Бул өмирде бәри де бар
Ағы да көп, қарасы.
Усылардың арасынан
Өтеди адам баласы.

## АТА, АНАҢ ӘЛПЕШЛЕЙДИ

Ата, анаң әлпешлейди күним деп.
Меҳир нурын қуйып жүрер күлимлеп.
Ал адамның бағ, дәўлети,
Байлығы,
Өз халқының сүйиўинде улым деп.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ел үмитин керек ердиң аклаўы,
Әдилликти,
Ҳадаллықты жаклаўы.
Адам ушын сый, ҳүрметтиң уллысы,
Жүрегинде журттың оны саклаўы.

## УСЫ МЕНИҢ ШЫНЫНДА

Усы мениң шынында
Қалғаным ба картайып,
Кеше ғана кең дүнья
Алды да, арты тар қайық.
Толқынында өмирдиң
Қалқып, батып, аўданлап,
Жүзип кетип бараман
Шетиректен қаңқайып.

Бурынғыдан өмирим
Ысық та емес, қызық та,
Жаслығымда мен оны
Алдым талай бузып та.
Қартайғаным өзимниң
Сезиледи жаныма,
Жақынластым туңғыйық
Күтип турған сызыққа.

Ўақыт зуўлап турған соң.
Өмир деген қас қағым.
Деми адамның өлшеўли,
Қәдеминде басқаның.
Бул дүньяға келгенлер
Бир көринип кетеди,
Ислеринде дәрт толы,
Маңлайлары қасқаның.

## ҚАЛЫП КЕТТИ БАРЛЫҒЫ ТУЎ АЛЫСТА.

Қалып кетти барлығы туў алыста,
Күнлер толы қайғыға


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўанышқа.
Сыймас еди Әмиўим аңғарына,
Аўылымда көп болды суў алыспа.

Ертек яңлы булардың бәри бүгин.
Халқым көрди Әмиўдиң суўсыз түбин.
Жерде усы турғандай аўырсынып,
Күнделикли көтерип жүрген жүгин.

## БАЎЫРЫМА БАСҚЫМ КЕЛИП ТУРАДЫ

Адамлар көп пәми де жоқ,
Турағы.
Ондайлардың күн көриў тек ураны.
Тап усындай екенлигин олардың,
Бетлерине айтқым келип турады.

Адам да көп кеўилинде шырағы,
Жүрегинде меҳир нуры,
Булағы.
Көргенимде мен усындай жанларды
Баўырыма басқым келип турады.

Қәйткенде де олай ете алмайман,
Ҳәр күнимди талқылайман,
Таллайман.
Ал мен болсам анамның-ақ ишинде,
Жақсылыққа үйретилген жандайман.

## КӨЗ АЛДЫМДА АЎЫЛ, ӘМИЎ...

Көз алдымда аўыл, Әмиў,
Нәўпир суўлар, көк теңиз.
Бизлерге ғой мен билемен.
Айтпай-ақ көп өкпеңиз.

Аралыңның қурығаны
Жүрегинди сызлатып,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмиўиннин жағдайы да,
Тур жанынды музлатып,

Далаларын суўсызлықтан,
Жатыр сенин шанғытып.
Жиберипти көллеринде
Ан, кусларын қанғытып.

Аўылымнын қыйланғаны
Жаныма дым батады.
Исенемен еле сенин
Жайнап тан атады.

## ЖОЛЫ АДАМНЫҢ

Жолы адамнын әўелде дүзиў еди.
Онда тәғдир сиресип дизиледи.
Басланғаннын ақыры болғанындай
Олда бир күн таўсылып,
Үзиледи.

Бәрин өзи адамнын бузатуғын,
Болар болмас нәрсеге қызатуғын.
Керек емес жерлерде жөнсиз кетип,
Бахытынын үстинен сызатуғын.

## ТУЎҒАН ЖЕРИМ...

Туўған жерим топырағын кийели,
Өз елимде төбем көкке тийеди.
Басқа журтта жүрген ўатанласлардын,
Сени еслесе кемсинлейди ийеги.

Менин қашан елге пайдам тийеди,
Дегенлерге олда басын ийеди.
Туўған жердин жүреги де адамнын,
Қайғысына от боп жанып,
Күйеди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол да адамдай қабакларын үйеди,
Ишке бүгип сыр, жумбағын түйеди.
Инсанлардын дәртлерине онын да,
Қыйналғаннан сырқырайды сүйеги.

## КЕРЕГИН ИЗЛЕП

Керегин излеп өлгенше
Инсан тынбайды.
Басында онын бахытта,
Шадлык, мун, қайғы
Адамзат ғана ишинде
Жанлы маклуктын,
Қулақ пенен де, жүрек
пенен де тынлайды.

## ЕСКЕ АЛЫЎДА, ҚӘДИРЛЕЎ КҮНИ..

Еске алыў да,
Қәдирлеў күни бүгинде.
Өмирдин мынаў
Ақыры барын түбинде,
билесизлер ғой,
Сонлыктан жасап қалынлар,
Әдиллик пенен
Инсапқа ғана жүгин де.

Әкесин кими,
Еске алып, ким анасын,
Әлемнен өткен
Биймезгил қызын, баласын,
Келгенлер менен
Әўлийе бүгин лык толды.
Көрдим мен онда
өмирдин, өлим таласын.

Қалмаған янлы
Адамлар бүгин калада.
Шубырып жүрген
Ғарры да, жас та, балада.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәўбеге келип
Атқандай бәри бул жерде.
Әўлийе турған
Шаңғытып жатқан дала да.

Тилкимлер өмир
Өкшени, тесер табанды.
Билгениң жақсы
Сонлықтан онда шаманды.
Марҳумды еске
Алыў бул саўап, бирақ та,
Қәдирлеў керек
Өлместен бурын адамды.

## АДАМ БАР МА ӨЛМЕЙТУҒЫН....

Адам бар ма өлмейтуғын,
өлемиз.
Көк теңизде жүзген биз де кемемиз.
Сонлықтанда тиришилик,
өмирди,
Ҳеш қашанда аңсат нәрсе демеңиз.

Өмир-жолдың өлшеми ме шақырым?!
Үлкен азап болмаса ғой ақылың.
Бул дүньяда бәри өткинши,
Сонлықтан,
Онындағы ойлаў керек ақырын.

Бул әлемнен өтетуғын ўақтында,
Көзлериңе байлығың да,
Бахтың да.
Көринбейди. Жоқ әжелдиң шарасы,
Сап алтыннан болсадағы тахтың да.

## ТЫНЫМ ТАППАЙ

Тыным таппай үш улымды өсирдим,
Керегинде жипектей боп есилдим.
Сөйтип жүрип,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Күним аўып үстимнен,
Билмей қаппан болғанлығын песиннниң.

Ҳазарым жоқ адам болдым ҳеш кимге,
Жумыс бабы талай жерге көштим де.
Сөйтип журип,
Песин өтип, қараўтып,
Билмей қаппан болғанлығын кештиң де.

Мийнетимниң мийўелерин үздим де,
Ашшысын да,
Душшысында дүздиң де,
Көп татқанман, сөйтип жүрип билмеппен.
Киргенлигин өмириме гүздиң де.

Өмир келте,
Мисли таңның атыўы,
Күнниң қулап уясына батыўы.
Узайтыра алатуғын тек оны,
Асқатықтай мазмунының татыўы.

## БИР ӘКЕДЕН, АНАДАН

Бир әкеден, анадан
Өмириңниң сағасы,
Болған менен мың түрли
Тәғдир-теңиз жағасы.

Тамырыңда қанларың
Бирдей, бирақ жан басқа.
Өмир-қамшы ҳәр қыйлы
Урылады жамбасқа.

Инилики емес ол,
Бақ-даўлети ағаның.
Бул өмирде түрлише
Тесиледи табаның.

Бир әкеден, анадан
Болсадағы туўылған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәғдир-таба хәр кимди
Өз алдына қуўырған.

## ҲӘР ҚӘДЕМДЕ ӨМИРДИҢ СЫНАЎЛАРЫ...

Ҳәр қәдемде өмирдиң сынаўлары.
Тәғдир-қолдың батыўы,
Сылаўлары.
Бийигине биреўдиң шығыўлары,
Биреўлердиң сол жерден қулаўлары.

Ҳәр қәдемде тәғдирдиң сынаўлары.
Қәпелимде гүлдиң-ақ қылаўлары,
Қолларыңа кириўи, мәңги бирге
Күлкилери адамның,
Жылаўлары.

Ҳәр қәдемде өмирдиң сынаўлары,
Қататуғын жаныңа қыраўлары.
Жоқлаў менен көз жастың қоңысысы,
Қуўаныштың бақсысы,
Жыраўлары.

Ҳәр қәдемде тәғдирдиң сынаўлары,
Жек көриўи,
Бар оның унаўлары.
Бул өмирдиң таўсылмас қулақларды,
Тартыўлары,
Шыйырып бураўлары.

Сынаўлары өмирдиң хәр қәдемде,
Мың өткелден өтеди онда бенде.
Өмир-жолда тырбаңлап
тыным таппай,
Мәнзилиме бараман кетип мен де.

## ЖАРАТЫЛҒАН БУЛ ДҮНЬЯ...

Жаратылған бул дүнья
Хәмме ушын теңдей боп.
Дәслебинде бәршеге
Көринеди кеңдей боп.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Соң ойлаған көбейер
Ғамын қара бастың да.
Ийман менен инсапқа
Тиккенлер де қастында.

Сол ўақыттан кең дүнья
Тарылыўын баслайды.
Ҳадаллықты ҳарамлық
Шетке ийтерип таслайды.

Астан, кестен болып ол
Еси аўып жатады.
Биреўлерге таң атып,
Биреўге күн батады.

Бул дүньяда жаралған
Дәслебинде кеңдей боп.
Олда кейин қалады
Тар тигилген жеңдей боп.

## АДАМ БАР МА ҚӘТЕСИЗ...

Адам бар ма қәтесиз,
Кемшиликсиз.
Биз ҳәммемиз жыйналып елшиликпиз.
Берекетин қашырып алған жердиң.
Бәринде де сабандай женшилипбиз.

Бир бириңе болыңлар кеширимли,
Өкпени де ядыңнан өшириўди
Умытпаңлар.
Жүректе жақсылықтың
Турсын мәңги нәллери өсириўли.

Бәрин ийне-сабаққа дизе бермең.
Дослықты да жуқарған үзе бермең
Олда керек. Бир айтқан сөзиңди де,
Мың қайталап,
Шаймалап езе бермең.

Биреў өмир сүреди татыў, татлы
Ол бәршеге бирақта қатал, қатты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлыктанда бул жерде түрли тәғдир
Жаяў да көп,
Ешекли,
Шапқан атты.

## ДИГИРМАНЫ ӨМИРДИҢ...

Дигирманы өмирдиң
Женшип,унтап, майдалап,
Айланады. Тынбастан
Көрген емес аймалап.
Қарсы шыққан жанларды
Нызамына өзиниң
Оңдырмайды. Қатал да.
Отырмайды шаймалап.

Дигирманы өмирдиң
Билмейди ол аяўды,
Түсе қойса астына
Атлыны да, жаяўды
Унталайды. Парқы жоқ
Тақан етип таслайды
Бөренди де, таяўды.

Дигирманы өмирдиң
Тиришилик барында
Шаршамайды қорғаўдан
Намысын да, арын да.
Тәбияттан берилген
Ол өзиниң кәсибин,
Орынлайды быйыл да,
Атқарады жарын да.

## АЎЫЛЫМНЫҢ КӨРИНИСИ

Ала шаңғыт бүгинде,
Қарадаўыл,
Дузлы қумға көмилип турыпты аўыл.
Аралының қурыўы,
Әмиўиниң,
Суўсызлығы не деген оған аўыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аштырмайды шаңғыты көзлериңди,
Абайланлар, қарағым, өзлериңди
Дегим келер.
Бирақта кеўлин аўлап,
Шығармайман тисимнен сөзлеримди.

Аўылымның алдынан Әмиў ағып,
Аралына қулдырап ол ылағып
Турар еди.
Ал бүгин аўылласым,
Ултанына жүр оның малын бағып.

Балалары бул күнниң Аралды да,
Әмиўди де,
Жандағы жаранды да,
Көрмеген соң билмейди,
Олардың да
Жазылғаны тәғдирге бәри алдында.

Ертеңинен туўылған аўылымның,
Аўылластың,
Туўысқан, баўырымның.
Үмити көп. Аралдың толғанында,
Нөсерлерин көреди жаўынының.

## БӘРИ ӨМИРДЕ ЕСАПҚА АЛЫНАДЫ

Бәри өмирде есапқа алынады,
Азаматлар елине танылады.
Бирақ талант бойына адамлардың
Ерки менен
Тәбияттың салынады.

Илаҳийда қүдирет талант деген,
Мийнет атлы ушады қанат пенен.
Жер, Ай, Қуяш
Олар да ҳәрекетте,
Бир-бирине қойылған талап пенен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРТАЙМАЎДЫҢ ЖОЛЫ

Бир достым кеп картайдым деди маған.
Жас берген соң картаймай турмайды адам.
Деп койдымда кеўилин алдым оның.
Картаймаўдың ол болса меннен жолын
сорап отыр.
Ҳәм оған сонда айтқаным,
Ашыўым кеп сөзимнен мен қайтпадым.
Жалғыз жолы мен билсем картаймаўдың,
Толып тура бериўдиң, ортаймаўдың
Бул дүньяға қәйтсеңде келиў керек,
Жаслай ғана қыршын боп өлиў керек.
Портретиң дийўалда мәңги жас боп,
Илдириўли турады, дедим, тас боп.

## УЛЛАРЫМА

Өмир келте,
Жуўмақ етиң улларым.
(Бул ҳаққында мен ғой талай шырладым).
Сизлердиң де қалып кетип баратыр.
Излериңде гөззал жаслық жылларым.

Мениң болса өмиримниң көбиси
өтип кетти. Басылмақта желиси.
Онда сирә аңсат деген уғым жоқ,
Ол бир нәрсе-
Толмайтуғын кемиси.

Асығыўың керек соның ушында,
Жуўырыўың,
Шабыўың да,
Ушыў да.
Дүньяники қыйырманда, шыйырман,
Өзи болмас бахытыңды қушыў да.

Демде-ақ өмир, отыздан да өттиңиз
Ул, қызыңды өзлериң де өптиңиз.
Кем болмайын деп қатардан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

курбыдан,
Маңлайдан да бираз терди төктиңиз.

Усыларды қуўанаман көрип мен,
Бах-дәўлетиң муз-қайғымды ериткен.
Өмир-гүздиң бағымдағы гүллерин
Бул күнлери шамаластым терип мен.

Қарсыласын күшлиреги жығады.
Буны ақылы бардың бәри уғады.
Өмир солай,
Сениң шыға алмаған,
Бийигиңе басқа биреў шығады.

## АРАЛДЫ САҒЫНЫЎ

Бүгинде мен Аралымды
Келтирдим көз алдыма.
Бир әжайып дүнья еди
Жаралған өз алдына.

Гөззал еди айдынлары
Ақ көбик боп шапшыған.
Ағып түскен жулдызларды
Жуўырысып қақшыған.

Мөлдир суўда сан мың балық
Жүзер еди көринип.
Шабар еди толқынлары
Тулпарлардай керилип.

Айтпайсаң ба пляжларын,
Алтын қумлы жағасын.
Аўыл қыста тағалады
Атларының тағасын.

Әмиўимди солқылдатып,
Емер еди баладай.
Бири бала болса оның,
бири еди анадай.

Көллеримде ырғатылар
еди жекен, қамысы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Толы еди олардын да
қайықларға жағысы.

Аққуўларын ушып, қонған
Сулыў еди не деген.
Ылақалар үлкен еди
Анаў, мынаў кемеден.

Және бүгин Аралымды
Келтирдим көз алдыма.
Бир жайып дүнья еди
Теңизим өз алдына.

## ҲӘР ҚӘДЕМДЕ БЕНДЕШИЛИК ЕТЕМИЗ....

Ҳәр қәдемде бендешилик етемиз,
Көрип турып, көрмеген боп кетемиз.

Еситсек те, еситпеген боламыз,
Мақтаўларға қампаямыз, толамыз.

Деп жүремиз, бахтымыздан көремиз,
Орынсыз да суғылыса беремиз.

Бойға питкен қараўлар бар жалтаңлап,
Жарысамыз зорға жүрип талтаңлап.

Биреўлердиң бақ, дәўлетин күнлеймиз.
Биреўлерге жадыраған күндеймиз.

Жатып атып бийиклерде көзимиз.
Сәл байысақ өрескилеў сөзимиз.

Жаман менен жаман болып жатамыз,
Дос боп жүрип, оны да биз сатамыз.

Аяқларды қыя басып аламыз,
Ақырында бир бәлеге қаламыз.

Ийтлердей боп қалсақтағы таласып,
Соң кетемиз аўыз, мурын жаласып.

Ҳәр қәдемде бендешилик етемиз,
Сөйтип жүрип дүньядан да өтемиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАСЛЫҚ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Талай жолды излеримде қалдырдым.
(Жаслық деген қызыўындай тандырдың).
Балалығым қыйын кешти,
өмирге,
Өзиң мениң мийиримди қандырдың.

Жаслығымның бул күнлери жемисин
Терип жүрмен. Өмир-жолдың тегисин
Көргеним жоқ.
Басымдағы бахытым,
Жас гезимде ерисилген жеңисим.

Ҳәр кимнинде бийкар өткен жаслығы,
Өзине еткен жаманлығы,
қаслығы.
Ондайлардың картайғанда төсеги
Муздай суўық,
Тастай болар дастығы.

Жаслық дәўран хәр бирсўге берилген.
Болсын шыйрақ шыжым жиптей өрилген.
Шетке шығып қала берер адамлар,
Өмир-жолда көзабаға көринген.

Тәмийинлеўге ғаррылықты жаслығың,
бериледи. Усы болсын баслы уғым!
Буннан жуўмақ
Күшиң барда,
қуўатың,
Алдында бол өзиң менен жаслының.

## ЖАҚСЫЛЫҚТЫҢ ТУҚЫМЛАРЫ

Жақсылықтың туқымлары
Жақсылыққа өнеди.
Тиришилик, өмир деген
Мың қубылып дөнеди.
Миллетимниң перзентимен
Деген хәр бир азамат,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өз елиниң арын арлап,
Жырын жырлап өледи.

Ийман, инсап болған жерде
Ели қурғын, халқы абат.
Әдалатлық, меҳир, мийрим
Қурар онда салтанат.
Ҳүрмет, иззет бир биреўге
Көрсетиўлер сыйласық.
Жасыүлкенге жаскишилер
Болар бәрҳә қол қанат.

Ол да адам анасындай
Туўған жерин сүйеди.
Оның қайғы, дәртлерине
Сырқырайды сүйеги.
Топырағын көзлерине
Сүртип, етип тотыя,
Өлгенинше әдилликке
ғана басын ийеди.

## ӨМИР ДЕГЕН, ҚАРАҒЫМ УСЫНДАЙ ҒОЙ

Өмир деген, қарағым усындай ғой.
Көрпешениң астары, тысындай ғой.

Көринерде жери бар, көринбестей,
Питпейтуғын ислерде керилдеспей.

Дым жазығы жоққада жала жапқан,
Бирин бири ырылдап талап, қапқан.

Жуғын жалап қазанның тутылғанда,
Рас етип жалғанды қутылғанда.

Көзлериниң ети өсип асқынғанда,
Өзлериндей жанларды бассынғанда.

Бахыт қушып атқанда,
Қуўанғанда,
Тапқан бүгин нанына жубанғанда.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Көз жаслары көл болып жылағанда,
Аяп оның басынан сылағанда.

Жалбыраклап биреўге жағынғанда,
Биреўлерди көргенде қағынғанда.

Аяғынан биреўдиң шалып атқан,
Биреўлерди қушаклап алып атқан.

Өмир деген, қарағым, усындай ғой,
Көрпешениң астары,
Тысындай ғой.

## СӨНГЕНИНШЕ ҚУЯШ ТА...

Сөнгенинше қуяш та жарқылдайды.
Жоқтан енди тәңирде бар қылмайды.
Таўсылса да өмири бир әўладтың,
Адамзаттың өмири сарқылмайды.

Қатарынан талпынған кем болмайды.
Бүгингиден әлемде кең болмайды.
Мың ақыллы болса да,
Енди адамның
Бес бармағы ҳеш қашан тең болмайды.

## ЕКИ МӘРТЕ ДҮНЬЯҒА КЕЛЕАЛМАЙДЫ...

Еки мәрте дүньяға келеалмайды,
Өмирин де екиге бөлеалмайды.
Жасағысы келгенлер муққа қаўып,
Ал өлгиси келгенлер өле алмайды.

Қай ўақта да адамзат усындай ғой,
Барлық нәрсе бахыттың қусындай ғой,
Ким болсаң да,
Өмир-қыз ҳеш кимге де,
Деп айтпаған мәммемди қысымлай ғой.

## ТУЎҒАН ЖЕРИМ ҚОСЫҒЫМДА БҮГИНГИ...

Туўған жерим қосығымда бүгинги
Сен ҳаққында. Менин өмир-күнимди



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көк жийекке аўдырсаң да,
Парызлы,
Арқалаўым менен жүрмен жүгинди.

Ата журтым сениң менен адамман,
Мийрас қалған уллы ата-бабамнан.
Жаным барда,
Тирисинде көзимниң,
Хеш кимгеде услатпайман жағаңнан.

Ана-ўатан сен болмасаң мен киммен.
Қәдириңди ес киргеннен билгенмен.
Аз болады,
Көп болады миллетлер,
Хеш қашанда турмайды олар үлкеннен.

Туўған жерим анамдайсаң мийирман,
Перзент болыў бахты маған буйырған,
Сендей елге.
Қүдиретиң жаныма,
Алымлық боп,
Шайырлық боп қуйылған.

Бар қәўетер Әмиўиңнен,
Суўыңнан.
Арал қәне,
Жер ғой дузға уўылған.
Деп сораған балаларға не деймен.
Мустақыллық заманында туўылған?!

## АНАМ СЕНИ БҮГИНДЕ КӨП ЕСЛЕДИМ...

Анам сени бүгинде көп еследим.
Көзлеримниң алдында елеследиң.
Мен қайларда жүрсем де,
Тири болсаң,
Ушып мениң жаныма келмеспедиң?

Сени әжел әлемнен алып кетти.
Улың жап-жас изинде қалып кетти.
Басқа түскен қайғыдан балалығым,
Ўақыт-отта күл болып жанып кетти.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бастан аяқ бул өмир гүрес екен.
Ўақыт атлы дүлдилге илеспеген,
Кем боларын билдим мен қатарынан.
Услағанда жерине
Сиреспеген.

Соннан шығар ер жеттим мен ертерек.
Көрмегеннен бекен-ай я еркелеп.
Билип алдым адамның
Адамының,
Ел, халыққа екенин керегирек.

Усы болды мақсетим алға қойған.
Қуўаныштан
Шадлықтан,
Өмир тойдан,
Турмаслығын билген ем, жолларымның,
Талай еле өтерин қырдан, ойдан.

Анам сени бүгинде көп еследим.
Көзлеримниң алдында елеследиң.
Өзиң тири болғанда,
Қайда жүрсем,
Ушып сениң жанына келмеспедим.

## ОЙЛАМАҒАН КҮНИМ КЕМ АЎЫЛ БЕТТИ....

Ойламаған күним кем аўыл бетти.
(Қаншаларды бул өмир жаўыр етти).
Мен өзиннен кеткели мынаў бастан,
Небир нөсер қар, жаўын,
Даўыл өтти.

Әмиў саған бул күнде жетеалмайды.
Жап, салма көп,
Олардан өтеалмайды.
Адамлардай жол таўып басқа жақтан,
Аралыма кеттим деп кетеалмайды.

Көз алдымда айдынлы көллериң де,
Бүгин сениң қақсаған шөллериң де,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанлы дүнья қалып та жарымапты.
Жәннет янлы кешеги жерлеринде.

Еслемеген күним кем аўылымды.
Жеңиллетиў мүмкинбе аўырыңды?
Усы саўал сызлатып жүрегимди,
Аўырттыра береди баўырымды.

Дузлы қумлар үстине қуйылады.
Суўсызлықтан қыр, далам буйығады.
Аўылласым бул күнде мустақыллық,
Деген уллы қүдиретке сыйынады.

## ӘМИЎДӘРЬЯ БОЙЫНДАҒЫ ОЙЛАР

Суўсыз елдиң қурсын күни,
Қаранғы.
Жазғы қуяш өртеп жатыр даламды.
Сол баяғы болғанында турысың,
Таныр да едиң сорастырсаң анамды.

Ол да,
Мен де туўылғанбыз бойыңда.
(Бул аўҳаллар кимниң болған ойында).
Сениң гөззал тоғайзарлық жағаңда,
Болған еди мениң неке тойым да.

Онда туўлап,
Тасып, булқып ағар ең.
Менде саған хәўесим кеп бағар ем.
Балықшы ма,
Ол диййқан ба,
Шарўа ма,
Барлығының күнине сен жарар ең.

Суўларыңнан сан мың көллер жаралды,
Толтырғаның былай турсын Аралды.
Усыларды ойлап турып,
Қорқаман,
Аламан ба деп аўыртып жараңды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгинде мен сен ҳаққында толғанып,
Қосық жаздым қәлемимди қолға алып.
Ғәрезсизлик исенгеним,
Өзинсең,
Деген халық қарақалпақ-сол халық.

## АҚЛЫҚЛАРЫМА

Өмир деген ойын да емес,
Той да емес, қулыным.
Ата, ана бахтын тилеп
Жасар қызы, улының.
Мәнзилиңе жетеалмайсаң,
Талпынбасаң, тартпасаң,
Аўыр турмыс-арба жүкти
үзилгенше жулының.

Балалықта көзди ашып,
Жумғаныңша өтеди.
Жаслығыңда қайтпайтуғын
Жаққа демде кетеди.
Ата, ана, қарақларым,
улды, қызды өсирген,
Ҳәр бириниң ертеңинен
үлкен үмит етеди.

Үлкениңиз он үш жаста,
кишкенеңиз бирдесиз.
Сизлер менен шаңарағым
бийик, беккем иргемиз.
Бул өмирде жоқ тәғдирлер
уқсайтуғын, бирақта,
Қуўаныўға, қыйналыўға
жаралғанбыз бирге биз.

Тәғдирлерге не жазылған
көреалмаймыз, билмеймиз.
Ертең сизлер ер жетесиз,
ғумшалайсыз, гүллейсиз.
Өмир-жолда бәриниңде


www.ziyouz.com kutubxonasi

Талапларың келискей.
Маған бүгин барлығыңыз
ай, жулдызсыз, күндейсиз.

## АЛПЫС ЖАСТЫҢ АСҚАРЫНА...

Алпыс жастың асқарына шықтым мен.
Онда турып сол нәрсени уқтым мен.

Ғарры десе кеўил қурғыр қалғандай.
Өмириңниң өткен бәри жалғандай.

Көп нәрсеге өзгешелеў қарайсаң,
Өмир-жолдың қаншасына жарайсаң,

Деген саўал алдыңызда турады.
Өмириңниң сарқылаўға булағы,

Қарап кетер. Жетписинши бийикке,
Талпынасаң, жаныңа от тийип те.

Жетиўиңе мүмкин оған, жетпеўиң,
Көз жумсаң да енди қыршын кетпеўиң

Анық сениң. Соннан жуўмақ шығарың,
Бул өмирге тарқамайды қумарың.

Деген менен ўақыт бәрин орнына
Қойып барар. Әжел, дузақ-торды да

Қуратуғын өзи оның жолыңа,
Көп жасасаң ҳасаны да қолыңа

Услатады. Ол уялып турмайды.
Ақырында өмирди де урлайды.

Алпыс жастың асқарына шықтым мен,
Басқа да көп нәрселерди уқтым мен

Онда турып. Өмир-күним қысқарды.
Қалған жағы жаўын-шашын, қыс, қарлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЛАРЫМА

Исендиң бе мақтағанға,
Исенбе.
Оңбайтуғын қылығыңды кисенле.

Марапаттың уў болады ишинде.
Қүдирет бар қуртатуғын күшинде.

Мақтаў сөзди жерлерден көп еситкен,
Басыңды да алып қаш сол есиктен.

Оннан кейин жақсылық ет қолыңнан
Келгенинше. Қалдырмас ол жолыңнан.

Жасыүлкенниң араласпа сөзине,
Аяқты да қарап басың көзиңе.

Жас кишиниң кеўилин де қалдырмаң,
Дос екен деп сырыңды да алдырмаң.

Өмир-жолда әрманыңа жеткенше,
Ҳәрекет ет көзди жумып кеткенше.

Ер жеттиңиз, үйли жайлы бәриңиз
Ҳәр бириңниң бар таңлаған кәриңиз.

Өсип атыр қызларың да,
Улларың.
Қуй оларға меҳириңниң нурларын.

Ул, қыз бенен сулыўлығың,
Сымбатың,
Бақ, дәўлетиң,
қәдириң де,
қымбатың.

Мийнет етсең ерисесең табысқа
Өмир деген жарыста ол,
Шабыспа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҒАРРЫ АТ

Аттың түсип басынада ғаррылық,
Демде-ақ оған қалды дүнья тарылып.
Узақ күнге турғанлықтан
Байлаўда.
Кетейин дер ишинен ол жарылып.

Бул күнлери зорға орнынан турады.
Диңкеси жоқ,
Салпылдайды қулағы.
Жатқанына қара деп кеп ийеси,
Көрген сайын таяқ пенен урады.

Басына оның қәўип, қатер дөнеди.
Бүйте берсе көзлериде сөнеди.
Тайыншақ боп анасының изине,
Ергенлери түслерине енеди.

Күннен күнге таслап барар күшлери,
Опырылып қалды бираз тислери.
Соңғы гезде қамыштыдан урылған,
Тилким, тилким терисиниң ишлери.

Аўырыў бар омыраўы,
Төсинде.
Басқа белги онда бүгин жесин не!
Жанын қыйнап қалмайын деп атлардан,
Талай азап көргенлери есинде.

Бәйгилерде озып байрақ алғаны.
Ядында бар,
Талай күйип, жанғаны.
Бүгин оның ақылына сыймай тур,
Хеш кимгеде керек болмай қалғаны.

## ТАҚЫР ЖЕРДЕ-АҚ ӨМИРДЕ...

Тақыр жерде-ақ өмирде
Сүрнигесең, таясаң.
Жеңилисең бәринен
Өзиңди онда аясаң.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишлеринен жек көрип
Турсандағы , биреўди
Дым билдирмей оғанда
Қушағынды жаясаң.

Өмир-жолда бәри бар
Бахытың да, қайғың да.
Он бес күни қараңғы
Он бес күни айдың да
Жарық болып турады.
Тәғдирлерде усындай
Аттың орнын басары
Белгили ғой тайдың да.

Солай етип өмирде
Күнлеринди көресең.
Буйырғанын бул жерде
Шөпшейсең де, тересең.
Бендешилик етип те
Ўәделерден шығаалмай,
Өсекке де қосылып,
Сөзлерге де ересен.

Сөйтип өмир өзиниң
Даўам етер ағыўын.
Ҳақыйқатты қоллап та,
Ийинлерден қағыўын.
Әрманыңа жетесең
Арқасында мийнеттиң.
Оған ҳасла басқаша
Керек емес жағыўың.

## КҮШИ АДАМНЫҢ

Күши адамның ақылында,
Сөзинде.
Мухаббаты,
Жүректеги сезимде.
Оның және күдирети өзине
Исенимде.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Шыдамында
Төзимде.

Күши адамнын инсабында,
Ийманда,
Жанын ели, халқы ушын қыйғанда.
Нәпси атлы бәлесинде өзинин,
Ақыбетин ойлап дәрҳал тыйғанда.

Күши адамнын хүрметте де,
Зийнетте.
Туўған жерди гүл дөндирген мийнетте.
Ул, қызынын бахты ушын жуўырып,
Шабыўлар да,
Шаңарақ деп,
Үй деп те.

Күши инсаннын сағынышта,
Күтиўде,
Керек жерде жанын жүндей түтиўде.
Усы мениң айтқанларым бойында
Жоқ адамнын күни жетип,
Питиўде.

Күши адамнын бир биреўге мийримде.
(Өмир тынбай айланады ийримде).
Инсанлардын күшине күш қосады,
Жақсы болса хаўа райы үйдиң де.

## ЖАНЫ БАСҚА БАЛАҢНЫҢ ДА

Жаны басқа балаңнын да,
Ойы басқа сонлықтан.
Мәселениң усы жағын
Ата, ана көп соң уққан.

Өзлериниң машқаласы
Бар улынын, қызынын,
Тәрбияға пайдасы көп
Сөзиндеги дузыңнын.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзлеринин бак, дәўлети,
Шығып атқан бийиги.
Қуўанышы, ҳәсирети
Жанынын бар күйиги.

Бар өзиниң әрманлары,
Мәнзиллери талпынған.
Өткеллери турмыс атлы
Өте алмай алқынған.

Көзлериниң қарашығы
Өсип атыр ул, қызы.
Көгиндеги айы, күни,
Өзлериниң жулдызы.

Жаны басқа болғанлықтан
Баланның да ойлары
Басқа жақта. Тойлары да,
Өзлериниң тойлары.

## БИРДЕЙ ЕМЕС, ТЕҢДЕЙ ЕМЕС УЛ ҚЫЗЫҢ.

Бирдей емес,
Теңдей емес ул, қызың.
Болған менен айың, күниң, жулдызың.

Уқсаса да бир-бирине келбети,
Уқсамайды алыс, берис, кел, кети.

Әжептәуир биреўиниң минези.
Шаңарақты тиреп турған бир өзи.

Биреўиниң бар билгени ишинде
Айтқан сөзи қалар бәрхә күшинде.

Биреўиниң болсада кең пейили,
Сөзиниң жоқ, ўәдесиниң кейини.

Қамырдан қыл суўырғандай биреўи.
Мийримли де,
Иши баўырына киреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тыңлар бири гәпиңе гәп қайтармай.
Турар бири билгенин де айтаалмай.

Ата, ана бәрин теңдей сүйеди.
Қайғысына бирдей оның күйеди.

Теңеп болмас отырысын,
Турысын,
Айта берсем гәп көп, қойдым, қурысын.

Бирдей емес,
Теңдей емес ул, қызың,
Болған менен айың,
Күниң,
Жулдызың.

## ТӘБИЯТ

Көпке шекем жамғыр да силпиледи.
Гүлдирмама аспанды силкиледи.
Найзағайлар атылған тумлы-тустан,
Көкиреклерин бултлардың тилкиледи.

Тәбият та үйирип зебересин,
Жиберердей аўдарып жердиң есин.
Көлегейлеп қуяшты қара бултлар,
Деп турғандай
Ҳеш кимге көринбесин.

Шубырысып олар да аспанында,
Тынымы жоқ маңлайы қасқаның да.
Көктен түсип жерди де деп атқандай,
Баўырыма қәне енди басқанымда.

Дарақларда бир жасап қалған яңлы,
Күнге күйген гезлери жалған яңлы.
Жаўын-суўға шомылып,
Ҳәз етисип,
Өмирликке күш-қуўат алған яңлы.

Бираздан соң шағрайып күн көринди.
Жерге аспан қайтадан төңкерилди


www.ziyouz.com kutubxonasi

Көк-көмпек боп,
Әлемде маған усы,
Бурынғыдан әдеўир кең көринди,

## ӨМИР-БУЛАҚ ӨЛИМ-ҚУМҒА ҚУЯДЫ.

Өмир-булақ өлим-қумға қуяды.
(Әжел қурғыр қашан нәпсин тыяды).
Тирилер де,
Мархумлар да,
Бәри де,
Туўған жердиң қушағына сыяды.

Биреў әбден болдырады қартайып.
Ондайларға өмир мисли тар қайық.
Жақсы болсақ палын татып оның биз,
Жаман болсақ азабын да тартайық.

Шыжым жиптей өзин есип шыйырған,
Бақ, дәўлетин қурастырған қыйыннан.
Адамлар тек әрманына жетеди.
Өз күшине
Ақылына сыйынған.

Мен де сөйтип өмир-жолда келемен,
Әрманыма жетеалмадым еле мен.
Жиберилген қәтелердиң баҳасын,
Адамыйзат түбинде бир төлеген.

Өмир-булақ өлим-қумға қуяды.
Солай жанын ол да өзиниң қыяды.
Тиришилик даўам етер, биракта,
Биреў қурып,
Биреў бузып уяны.

## ҚАРАҚАЛПАҚ, ТАЎЫҢ ДА ҚАРА СЕНИҢ

*(Қаратаў мәнисинде)*

Қарақалпақ, таўың да қара сениң.
Көп түскенбе жаныңа жара сениң?!


www.ziyouz.com kutubxonasi

Неге бунша қара көп сөзлеринде.
Жадыраған қап-қара көзлеринде.

Қаражар да, Мойнақ та жердиң аты,
Қаратерең, тахтада көлдиң аты.

Аўылымда ырғалған қараталда,
Қарабайыр атың бар, қаражалда.

Жайлаўларда шубырған қарамалың.
Дарақлардың қаттысы қараманың.

Қарабаўыр,
Қарақус,
Қарабайды,
Ким билмейди жап-жасыл қарағайды.

Туўған жер де бир ўақта қара жер боп,
Тоқпақлайды ана оны қара тер боп.

Посқан елди атапсаң қара журт деп,
Зәхәрлисин қуртлардың қара қурт деп.

Ойлағанды қарақан, қарабасын.
Ондайларды дейсең сен қарабассын.

Халықсаң сен мийнеткеш қаратабан,
Бурылып та ҳарамға қарамаған.

Қыстан шыққан жерлериң қара ызғар,
Бирақ сулыў болады қара қызлар.
Қарабарақ,
Қараөлең,
Қарамығың.
Өспейтуғын жери жоқ қаралының.

Қыс та қатты болсада қарасуўық,
Туўысқанлар кетпесин ара суўып.

Көпшиликти айтамыз қарақурым,
Кимге керек адамсыз далаң, қырың.

Бахытсызды дейсең сен қараманлай.
Жаманларға күнлериң қарамағай.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарабийдай бар сенде, қаратақан,
Күйип көсеў боп қалған қарабақан.

Неге бунша қара көп сөзлеринде,
Мийрим толы қап-қара көзлеринде.

Қарақалпақ, таўында қара сениң,
Ҳәсиретиңе жоқпеди шара сениң.

Болсадағы миллетим қарақалпақ.
Бир ажайып халықсаң кеўлиң аппақ.

## САРҒАЯДЫ ЖҮЗЛЕР ДЕ КҮН ҚАҚПАҒАН...

Сарғаяды жүзлерде күн қақпаған.
Көп ғой жалған даңққа да талтақлаған.
Өмиримде көрмедим адамды мен.
Қосығына шайырдың мин тақпаған.

Еки сөздиң басын да қоса алмаған,
Перисинен илҳәмның поса алмаған
адамда көп.
Биракта қосық десе,
билгишсинип өзлерин баса алмаған.

Ал оларды биразлар жақтырмайды.
Жақсы жырлар шынында таптырмайды.
Шайыр жанлы адамлар тап соларға,
Арқасынан өзиниң қақтырмайды.

Жырлайды ол елиниң қуўанышын,
Өз журтынан табады жубанышын.
Ыразы боп жүреди тәғдирине,
Анасынан шайыр боп туўғаны ушын.

Жаны бирге шайырдың ели менен,
Қаны тамған киндиктиң жери менен.
Өмир сүрип өтеди бул дүньядан,
Ўатанына қанбаған шөли менен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕ КӨРМЕДИМ ӨМИР-ЖОЛДА...

Не көрмедим өмир-жолда
Усы жаска келгели,
Ҳүрметлеўге ылайықлы
деп сыйлайды ел мени.
Лаўазымлар былай турсын
Профессор, алымман.
Қосықларым дөрер мениң
Жүрегимнен, жанымнан.

Ақ көкирек, жаны ҳадал
Перзентимен елимниң.
Жазым өтти, гүзим келди
бирақ мениң көлимниң,
Аққуўлары, таслап мени
Кететуғын ойда емес.
Әттең өмир, тиришилик,
Ойын да емес, той да емес.

Балалықта, жаслығымда
Бүгин бәри жалғандай.
Еске алсам сол күнлерди
Отырыўым толғанбай
Мүмкин емес. Ертең бул да
Умыт болып кетеди.
Себеби бул өмир деген,
Ал ол даўам етеди.

## ЖАҚСЫЛЫҚҚА ТОЛЫ КЕЎИЛ-САРАЙДЫ

Жақсылыққа толы кеўил-сарайды
Баз биреўлер қалдырыўға жарайды.
Өмир қызық,
Гейде маған дослар да,
Бир түрлирек болыңқырап қарайды.

Бул жағдайды қабағынан сеземен,
Көзлери ғой мисли мылтық гөзеген.
Танысым да гейде маған мергендей
Болып қарап турған яңлы гезеден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреў келип кеўилиңди алады.
Көкирекке жақсылығын салады.
Уў қосылған жалғыз аўыз сөзден-ақ
Биразлардың еси аўып қалады.

Қуўаныштан кеўил шалқып тасады.
Сондай ўақта әрман иске асады.
Кеўилинде жақсылық бар адамлар
Бирин-бири баўырына басады.

Мен де гейде жумбақ кеўил-сарайдан,
Досларымның көзлерине қарайман.
Кеўли ашық адамларға дүнья кең,
Кеўли қара жанларға ол тарайған.

## ӨЗ ЕЛИҢЕ ТУЎЫЛҒАН НЕ ЖЕТЕДИ,

Өз елиңе туўылған не жетеди,
Ҳәсиретиңе көз жасын селлетеди.
Ана болып ҳәйиўлеп,
Әке болып,
Алақанда аялап келе етеди.

Ҳәр бириңниң тилейди бахытыңды.
Билмейди ол адамды қағытыўды.
Әсирлердиң ишинен алып өтип,
Қойған жерде сақлайды табытыңды.

Оған теңдей,
Бирдеймиз бәримиз де.
Усы жердиң шөбинде дәримиз де.
Бирақ оның усындай қәсийетин,
Келтирмеймиз гейде биз кәримизге.

Туўған жерге,
Елиңе не жетеди.
Көз жасларын қайғыңа көл етеди.
Өзиң ақмақ болмасаң,
Қудай урған,
Адамлардың бәрин де келе етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегимде туўған жер сенде менин.
Болады да усындай ел дегенин.
Сый, хүрметке бөленсен,
Әсиресе,
Қанбайды екен өмирге шөл дегенин.

## БУЛ ӨМИРДИҢ ЖЕРЛЕРИ КӨП ДЫМ ҚЫЗЫҚ

Бул өмирдиң жерлери көп дым қызық.
Түсиреди өзи аттан,
Миңгизип.
Ылайланып кете қойса тынығын,
Тураtуғын ўақыты жоқ тыңғызып.

Биреўлерге бахыт, дәўлет береди.
Биреў оннан көресисин көреди.
Биреў елдиң сүйген уллы перзенти,
Адам да көп хеш кимге жоқ кереги.

Онда шаўып тыным сирә таппайсаң,
Тынып қалсаң қайтып хасла ақпайсаң.
Көп сөйлесең анаман деп,
Әкемен.
Иштен шыққан ул, қызыңа-ақ жақпайсаң.

Бул өмирде нәрселер көп дым қызық.
Ўақыт-булақ барар бәрин ығызып.
Бул дүньяны дүзеп атса жүз адам,
Қыйсайттырып атыр оны мың бузық.

Өмир-дәрья сөйтип тынбай ағады,
Мәңгилиги жанына да жағады.
Бирақ өзин ойын еткен жанларды,
Аямайды,
Қазық етип қағады.

## ЖЕР — АНА ХАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Жер де адамдай қуўанады,
Жылайды.
Булт жамылып бүгинде ол мунайды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Усындайы менен ол да өзиниң,
Көктеги Ай,
Қуяшқа да унайды.

Жаманлықлар жанына да батады.
Ол да өмирдиң палын,
Уўын татады.
Адамдай боп көп қыйналған гезлери.
Таңы оның азап пенен атады.

Ол да адамдай шаршап,
Ҳарып,
Талады.
Тула бойы сонда от боп жанады.
Усындайда қәдди, бойын дүзиўлеп,
Арасында силкинип те алады.

Жер де адамдай қуўанады,
Жылайды.
Жақсы адамлар басын оның сылайды.
Ийман, инсап ҳарамлықтан жеңилген
Күни ол да туңғыйыққа қулайды.

Әлпешлейди олда өмир-баланы,
Айырады жаны ақты,
Қараны.
Жер-ананы жасайттырып жақсылық,
Жаманлықлар қартайтырып барады.

## АДАМЛАРДЫ ТУРҒАН ДА АДАМ ЕТИП.

Адамларды турған да адам етип.
Мийрим менен ондағы баўырманлық.
Күн көриўге өзиңниң шамаң жетип,
Түсирмеўиң биреўге аўырманлық.

Адам етип турған да адамларды,
Бир биреўге ҳүрмети,
Сыйласығы.
Елестире бермеўи жаманларды,
Емиренип бир-бирин қыймаслығы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ийман менен инсап та,
Намыс,
Ары,
Адам етип адамды турғаны да.
Өмир-бәйги жарыста шабыслары,
Жаман болса кудайдың урғаныда.

Бахытына талпынып,
Қулшыныўы,
Турғаны да адамды адам етип.
Жаман жолдан жүргенде туншығыўы,
Ким болса да таслаўы тамам етип.

Адам болып адамның баласының
Кетиўи де.
Өмирге ашықлығы.
Өлим менен өмирдиң арасының,
Бир-биринен сезилмес қашықлығы.

## КӨПТЕН БЕРИ БИР НӘРСЕНИ БАҚЛАЙМАН

Көптен бери бир нәрсени бақлайман.
Сезгенимди қупыяда сақлайман.
Ҳәм бул заттың барлық икир-шикирин,
Ақыл-ойдың текшесине тақлайман.

Балаларым бирин бири қуўысып,
Кеше жүрген,
Түсинисип,
Уғысып,
Бүгин, үйли, жайлы болған олардың,
Бараткандай аралары суўысып.

Өзлериниң уллары бар.
қызлары,
Дастурханға қояр наны, дузлары.
Соннан бекен сезилгендей жаныма,
Бир бирине кеўилиниң ызғары.

Өмир даўам ете берер шабысын,
Жасырмастан жәнжел,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Урыс, қағысын.
Кеўлим сезер гейде мениң усы олар,
Бир бириниң қызғанғандай табысын.

Әжеп тәўир түйиледи өзиме.
Бул әкениң айтатуғын сөзи ме?!
Көринеди басқа шыққан улларым,
Жат болысып баратқандай көзиме.

## БҮГИНДЕ МЕН ШАРШАП...

Бүгинде мен шаршап келип жатырман,
Онын менен нәрсем де жоқ қатырған.
Жан ийниме от түсип көп ойладым,
Өмиримди босқа өтип атырған.

Неге оның қәдирине жетпедим.
Билмей қалдым өмир-жаздың өткенин.
Жаслығымның бир айланбай артына,
Түңғыйыққа мәңги қулап кеткенин.

Еттим бирақ қолларымнан келгенин.
(Бахытым да,
Дәўлетим де ел мениң).
Жанға түскен бийкар күнниң күйигин,
Маңлайымның тери менен емледим.

Қатарымнан сонлықтан кем емеспен,
Қалдырмайды ойласықтан,
Кеңестен.
Көрген жерде жолларымды кеспейди,
Көпшилиги жигитлердиң мен дескен.

Тыңлаңызлар!
Өмир бийкар өтпесин.
Толтырыңлар оның жетер,
Жетпесин.
Қуры, босқа зая болған күнлериң,
Қартайғанда қабырғанды сөтпесин!


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГЕЙДЕ ЖАНЫП ЖҮРЕГИМ.

Гейде жанып жүрегим,
Өртенеди.
(Ержетирди жетимлик ерте мени).
Өмир жолға ап шығып тәғдир-жумбак,
Маған саўға етеди ертең нени?!

Ертең ғой ол,
Бүгинин өтип алсын.
Нийетине өзинин жетип алсын.
Соған шекем ҳешкимге зыян бермей,
Қараларын батырып кетип алсын.

Минуттың да аржағын көреалмайсаң,
Көкиректен ийтерсе ереалмайсаң.
Ўақытың да,
Бахытың өзиндики,
Екеўин де биреўге береалмайсаң.

Өмириңниң бүгинин ойлаў керек,
Бүгингини ертеңге коймаў керек.
Тойлайтуғын жеринде тойлаў керек.
Ойнайтуғын жеринде ойнаў керек.

Күлетуғын жеринде күлиў керек,
Жақсыны да
Жаманды билиў керек.
Ел бахтына қуўанып,
Қайғысына
Жүрек, баўырларыңды тилиў керек.

Гейде күйип жүрегим,
Өртенеди.
Күн-пилтелер жанған соң келтереди.
Қыйын гезим көп болды, сонда да өмир,
Қартайттыра алмады ерте мени.

## ӨЛШЕМ

Өлшеми бар өмирде барлығының,
Кеңлигиниң дүньяның,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тарлығының.
Сөзлердиң де салмағы дузы менен,
Ҳадаллығы көтерер ардың қунын.

Бәринин де өмирде өлшеми бар,
Есабы да,
Китабы,
Мөлшери бар.
Байығанда адамның оғыры дым,
Бататуғын оның да белшери бар.

Өлшенеди адамның ақылы да,
Алыслығы кеўилдиң
Жақыны да.
Елимдеги ислердиң болып атқан,
Намақулы ишинде,
Мақулы да.

Биреў узын,
Биреўдиң бойы келте.
Ал биреўдиң боп кеткен тойы ерте.
Булардың да бәриниң бар өлшеми,
Жетиледи биреўдиң ойы ерте.

Барлық нәрсе өлшемниң шеңберинде.
Бул өмирде жеңилип,
Жеңгенинде.
Жасаў ушын дүньяға келгенинде.
Шамға уқсап жанып боп сөнгенинде.

## ҲӘР КИМ ӨЗИ МЕНЕН ӨЗИ..

Ҳәр ким өзи менен өзи
Қуўырылып атырған,
Жер-ананың жүрек, баўыры
Суўырылып жатырған
Янлы маған. Ҳәм өмирде
Күннен күнге өзиниң
Бар салмағын адамлардың
Жаўырынына батырған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биразлардың пейили де,
Пығалы да өзгерген.
Адамда көп питпейтуғын
Ўәде берген, сөз берген.
Танысың да, билисиң де
Бурыңғыдай еместей
Яңлы маған. Басқашалаў
ағайин де, көз көрген.

Байқағаным усы мениң
Соңғы гезде көбирек.
Адамлардың кеўиллери
Бурынлары кеңирек
Яңлы еди. Бул күнлери
Туўысқанның туўысқан
Қайғысына әўелгидей
Жыламайды еңиреп.

## ӨШ АЛАДЫ

Жердиң жаны тас емес,
Ол да бәрин сезеди.
Жақсылыққа қуўанып,
Жаманлықтан безеди.
Айтаалмайды биракта
Иши жанып атса да,
Жүрек, баўыры солқылдап,
Өртенеди өзеги.

Аманлыққа ол да өзи
Қуўанады баладай,
Сақыйлыққа, мийримге
Толған жаны анадай.
Айтаалмайды биракта
Көргенлерин, билгенин,
Көбинесе сонлықтан
Соры қайнап қалады-ай.

Ҳәрекети, мийнети
Онында еш болады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Мақсетине гөзлеген
Жетеалмай кеш қалады.
Усылардың барлығы
Айланғанда ашыўға,
Жолын таўып жер-ана
Адамнан өш алады.

Жердиң дағы жаны бар,
Ҳәтте таўдың тасының.
Жүрекгенем сезеди
Қанының да басымын.
Инсабынан айрылған
Еллерден де Жер-ана,
Турыў ушын өш алып
Түсиреди жасынын.

## СОННАН БЕРИ ОТЫЗ ҮШ ЖЫЛ БОЛЫПТЫ..

Соннан бери отыз үш жыл болыпты.
Өмир жолға бирге қәдем қойғалы.
Онда бизге түрли нәрсе жолықты
Барлары да,
Жоқлары да ойдағы.

Тәғдир-жумбақ бизди талай сынады.
Садықлыққа,
Сабырлыққа,
Төзимге.
Қыйнады да,
Басымыздан сылады.
Бир ғәлет жоқ айтып турған сөзимде.

Сонда сен ғой он жетисин толтырған,
Үлбиреген лала гүлдей қыз едиң.
Гидир, будыр еди онда жол турған.
Оны да мен өзиң менен дүзедим.

Соннан бери отыз үш жыл болыпты.
Бирақ бәри кешегидей қарасам.
Түрли, түрли күнлер бизге жолықты.
Ал сен бүгин бахыт қушқан анасаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үш улымыз үйли, жайлы бул күнде,
Сегиз аклық-өмир даўам етеди.
Буннан артық бахыт болыў мүмкинбе?!
Сонда да мен дей алмайман,
Жетеди!

## ЖАННЫҢ АЎЫРЫЎЫ

Қәдир, қымбат жоқ жерде өмир тийин.
Керек емес талантың,
Ақыл, мыйың.
Денелери кеселдиң даўасы бар,
Жаны аўырған адамды емлеў қыйын.

Келип кетер, бул өмир мисли жыйын,
Тәғдир атлы үстиңнен өтер қуйын.
Шыпасы бар денениң кеселиниң,
Жаны аўырғанлардың дәрти қыйын.

Жақсыдан ел аямас ҳүрмет, сыйын.
Еркин пикир өледи салсаң тыйым.
Кеселленген денениң илажы бар,
Жаны аўырған адамның еми қыйын.

## АЙТҚАНЫҢНЫҢ ...

Айтқаныңның бәри бола бермейди.
Көп нәрселер қолыңнан да келмейди.
Көкиректиң танығанын,
Кеўлиңниң,
Көргенлерин көзиң гейде көрмейди.

Иске аспайды ойларыңның көбиси,
Өмир-жолдың болмайды екен тегиси.
Маңлай терди,
Қанша оған төксең де,
Нәрсе екен толмайтуғын кемиси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УМЫТЫЎЫМ МҮМКИН ЕМЕС ӨТКЕНДИ...

Умытыўым мүмкин емес өткенди.
Жеген қатыбыламықты,
Бөкпенди.
Жетимшилик,
Аўыр кешти өмирим,
Тыңлайтуғын жан жоқ еди өкпемди.

Жазда пишен,
Қыста қамыс орғаным
Ядымда еле. Жоқшылықтан сорладым.
Сөйтип жүрип мен өзимди өмирдиң,
Түрли, түрли қырғыйынан қорғадым.

Келешектен гүдеримди үзбедим,
(Ҳәсиретимниң еле бәрин дизбедим).
Бахытымды мен өзимниң оқыўдан,
Маңлайымның терлеринен изледим.

Балалығым өтти сөйтип,
Жаслығым,
Қатарымнан қалмаў болды баслы уғым.
Жеңилликтиң жүрмедим мен үстинен
Бир орнында басар қалса тасты қум.

Әрманымның жолларында тынбадым.
Жүрегимниң тек айтқанын тыңладым.
Өмир мени ийип көрди,
Бүгип те,
Қайысып кеп жүрсемдағы сынбадым.

## АНАМДЫ ЕСЛЕП

Он бирге улың шыққанда,
Жақсы не,
Жаман-уққанда.
Бахытлы еди. Мен сонда
Таза едим таңғы шықтан да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлемнен жарық өттиң сен,
Топырақты қара өптиң сен.
Табытыңның ерип изине,
Әўлийеге зорға жеттим мен.

Егилип сонда жыладым,
Көзимниң жасын буладым,
Балалық деген бахыттан,
Мен ушып түсип, қуладым.

Өтипти демде көп жыллар,
Баяғы енди жоқ суўлар,
Аралдан ушқан қайтпады,
Тырналар менен аққуўлар.

Есимде бәри бул күнде,
Жоғалтқан сени сол түнде,
Мен ушын дүнья қулады.
Умытыў соны мүмкин бе?!

## ЖАНҒАН ШАМДАЙ..

Жанған шамдай менде жанып
Таўсыларман бир күни,
Бахытты да, шадлықты да,
Жыйнастырып күлкини,
Өткен күнге жуўмақ жасап
Отырарман, еске алып,
Өмир — жолда гезлестирген
Арысланды, түлкини.

Шамға уқсап ақырына
Шекем жаныў әрманым.
Мақсетиме талпынаман
Бойда барда дәрманым.
Сөзлериме жуўмақ етсем,
Өмириниң соңында,
Ҳеш бир адам өкиништен
Тислемегей бармағын.

Өмир деген қас қағымда
Өтеди де, кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нийетине әўел бастан
Умтылғанлар жетеди.
Оның өзи излегенди
Маңлай терден бахытын,
Дәўлетли де, абройлы да,
Қүдиретлиде етеди.

## ТИЛЕП ЖҮРМЕН

Соңғы гезде жүрегиме
Уялаған бир әрман.
Улларымның тилеп жүрмен
Жерлерден де мен барған
Өтиўлерин. Табысларға
Ҳәмде қолым жетпеген,
Ерискенин көриўге де
Жүдә ғана қумарман.

Ақлықлардың меннендағы,
Дәўлетлирек болғанын,
Басларына хәр бириниң,
Бахыт қусы қонғанын
Тилеп жүрмен. Көзлеримниң
Тирисинде олардың,
Көргим келер ислериниң,
Келискенин, оңғанын.

Билсеңизлер усы күнде
Жасап жүрмен сизлер деп.
Жасларымыз бираз болды
Мынаў жерде бизлер көп.
Қалаалмаймыз. Сизлер менен
Жалғасады өмирим.
Тәғдир бизди солай етип
Қойған екен дизбеклеп.

## ҮМИТ ПЕНЕН ТАҢЫ АДАМНЫҢ АТАДЫ....

Үмит пенен таңы адамның атады.
Өмир-жолың көсилип кеп жатады.
Онда кетип баратырған хәр кимде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Палын да онын,
Зәхәрин де татады.

Үмитсизди шайтан дейди елимде,
Уйқылы-ояў атар таңым мениң де.
Ертеңинен үмит еткен,
Қалмайды,
Ең болмаса қатарынан деминде.

## ЖОҚ ҒОЙ АДАМ БОЛМАЙТУҒЫН ҚӘТЕСИ.

Жоқ ғой адам болмайтуғын қәтеси,
Жоллардың да бар бурыўы,
Төтеси.

Жан болмайды болмайтуғын кемиси,
Өмир-жолдың шуқырынан тегиси

Аз болады. Оны хәмме биледи,
Көпшиликтиң жақсылыққа тилеги.

Ахмақтың да бир айтқаны келеди,
Туқымның да жаны бары өнеди.

Сөйтип өмир тынбай қайнап жатады,
Таңың атып,
Күниң сөйтип батады.

Бахытын да биреўлердиң көпсинип,
Жүрген де көп қызғанысып,
Тепсинип.

## АДАМЛАРДЫҢ БИР БИРИНЕН...

Адамлардың бир биринен
Артықмашы шамалы.
Биреў сулыў болыў мүмкин
Күндей күлген жамалы,
Онда турған не бар дейсең,
Ўақтыншалық нәрсе бул,
Инсан деген өз бахытын
Өзи излеп табады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамлардың бир биринен
Ақылыда кем емес.
Кеўил деген қурғыры да
Тар да емес, кең де емес.
Аналардан туўылса да
Инсан бирдей жағдайда,
Неге тәңир-тәғдир ушын
Бәри олардың тең емес?!

Усы саўал ойларымнан
Жийи, жийи өтеди.
Жақынлардың қайғы, дәрти
Қабырғамды сөтеди.
Ойлап турсам жақсылықты,
Жаманлықты адамның,
Өзлерине, басқа емес,
Тек өзлери етеди!

## ҲӘР БИР АДАМ ӨЗ БАХЫТЫН

Ҳәр бир адам өз бахытын
Өзи таўып қушады.
Қуўанышын қанат етип
Сонда көкте ушады.
Басы айланып шадлығының
Бийигинен қулаған,
Жанларға да ана-жердиң
Ашық бәрхә қушағы.

Оған бәри бирдей, теңдей
Бахытсыз ба, бахытлы.
Туўылғаннан бийкаршы ма
Босқа өткерген ўақытты.
Олда анадай елжиреген
Перзент ушын жүреги,
Оның өзи сақлайтуғын.
Табытты да, тахтты.

Жерде бәри — қуўаныш та
Ҳәсирет те, қайғы да,
Аўыр күнлер, тәўир күнлер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болатуғын жайлы да.
Билетуғын жандай ол да
Қәдир менен қымбатты.
Онын өзи теңейтуғын
Жарлыны да, байды да.

## БУЛ ДҮНЬЯДА БАХЫТЛЫ ДА БОЛЫЎЫН...

Бул дүньяда бахытлы да болыўын,
Қолларында ерисиў де табысқа.
Шыңларға да қырандай боп қоныўын,
Қалмаўында өмир атлы шабыста.

Өмир келте,
Өтеди де шығады,
Асығыўын керек сонын ушында.
Адам сондай кейинирек уғады,
Жаз қәдирин өмиринин қысында.

Сонлықтанда қалыў керек үлгерип,
Қызғанында соғыў керек темирди.
Жасамаўын керек зорға күн көрип,
Қорламаўын керек гөззал өмирди.

Айтқанларым ақыл емес,
Көргеним.
Басымнан да өткергеним көбиси.
Тиришилик болмаў керек ермегиң,
Өмир-жолдың, жоқ билсеңлер, тегиси.

Бул дүньяда бахытлы да болыўын,
Қолларында ерисиўде табысқа.
Бийиклерге бүркиттей боп қоныўын,
Өрлеўинде өмир атлы ағысқа.

## ЖАҒЫСЫНА БҮГИНДЕ КЕЛИП ТУРМАН

*Арал теңизине естелик ушын тастан қойылған «Ақ желқом» ның жанындағы ойлар.*

Жағысына бүгин де келип турман.
Қушағына Аралым енип турман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрек, бауырым езилди
Көрип сениң,
Қәуипти мен басыңа дөнип турған.

Мына манлар қаншама терең еди.
Бүгинде ол халқыма керек еди.
Тоталитар дүзимниң басшылары,
Ел дәртине соқыр да,
Гереӊ еди.

Ултанында кемелер шөккен нардай,
Усы жерде мағанда дүнья тардай
Боп көринди. Сонлықтан, қумларың да
Өзгешелеў дуздай ма,
улпа қардай.

Сағымларың көзиме аққан суўдай,
Қонған кирпиклериме шаңың уўдай.
Мениң менен зәңгилес жигитлердиң
Шашлары да боп қапты аппақ, қуўдай.

Теңизиме естелик қойылғалы,
Тәшўишлерим серпилди ойымдағы.
Арал еле қайтады жағысына,
Сол күнгидей боп мениң тойымдағы.

## ҚАЙҒЫ ДА КӨП ӨМИРДЕ...

Қайғы да көп өмирде,
Қуўаныш та,
Тынышлық жоқ хәттеки жубанышта.

Солай таңың атады,
Күниң батып,
Палынан да,
Уўынан оның татып,

Умтыласаң алдыңа,
Талпынасаң,
Өткели көп жерлерде алқынасаң.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулдырайсаң жолында әрманыңның,
Жеткениңше күшиңниң,
Дәрманыңның.

Сонда ғана табысқа ерисесең,
Биреў менен келисип,
Керисесең.

Өмир деген усындай, шырақларым,
Жүреклердиң ишинен нур ақтарың.

Жасаў ушын жаныңды қыйнаңызлар,
Бир бириңе қуўаныш сыйлаңызлар.

Ажыратылған жерде орын көп қайғыға,
Жылаттырған жарлыны, тоқ, байды да.

## ЎАҚЫТТА БӘРИ АҒАДЫ..

Аўырыў айтып келмейди,
Тәғдирге олда жазылған.
Ертеңин адам билмейди.
Жолларың өткен қазылған.

Кейниңе қайта алмайсаң,
Излейсең сөйтип мақулын.
Дәртиңди айта алмайсаң,
Болмаса егер жақының.

Жақсылық етсең биреўге,
Алдыңнан ол да шығады.
Қайысар беккем тиреўде,
Ўақытта бәри ығады.

## ҮШ КҮН

Қаққышлаймыз сөзге илип көсени,
Мурнынан да оның самал еседи.
Сол адамның өлгенинде үш күнге
Шекем тынбай сақал, мурты өседи.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Түбинде бир күни адамның батады,
Өмирдиң ол палын,
Уўын татады.
Хәтте ерең көзин жумған әлемнен,
Олда үш күн бәрин билип жатады.

Айта алмайман шында буны,
деп жалған.
Бирақ сондай бабамлардан гәп қалған.
Сол заманнан бизге жетип келгенниң,
Ҳақыйқатлық пенен көби тапланған.

## АҚЛЫҚЛАРЫМА

Ақлықларым үлкениң де,
Кишиң де,
Сизлер мениң қуўатымсыз,
Күшим де.
Мен қай жерде,
Қайсы манда болмайын,
Бәриң турсыз жүрегимниң ишинде.

Және сөзим өзлериңиз ҳаққында,
Туўылғансыз керек жерде,
Ўақтында.
Өмиримниң жалғасысыз,
Даўамы,
Қуўанышым.
Қүдиретим,
Бахтым да.

Тәғдирлериң толғандырып жанымды,
Базда мениң атырмайды таңымды.
Көргим келер тирисинде көзимниң,
Ҳәр бириңниң гүл жайнаған бағынды.

Мен усылай үмит етип ертеңнен,
(Өмир-күним мениң ғой ол келтерген).
Аман болың тилегим сол, себеби,
Аяғының асты адамның өртенген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аклыкларым алдыңызда барлығы,
Бул дүньяның кеңлигинде,
Тарлығы
Бар өмирдиң беретуғын адамға,
Алғысы да,
Сөгиси де,
Жарлығы.

Айтканымның бәрин есте сакланлар,
Анаңыздың ак сүтин де акланлар.
Өмирдеги ең кереги инсанға,
Шынлык пенен әдилликти жакланлар.

## МОЙНАҚ ҚАЛАСЫНДА ТУЎЫЛҒАН ОЙЛАР

Әўпилдеген Аралдың жағасында
Турар един.Әмиўдиң сағасында
Не боп атыр жок еди исиң сениң,
Ойында да,
Қырында,
Даласында.

Кейинине шегинди теңиз кем, кем.
Соннан сениң басланды қайғың еркем.
Мөлдир суўлы бир дүнья едиң өзиң,
Шырайлы ең не деген,
Гөззал,
Көркем!

Ярым атаў кешеги Мойнак турған,
Теңиз келип жулкынып жағаға урған.
Арал кумға айланып өте шыкты,
Қалғанлыктан суў тамбай Әмиў, Сырдан.

Бүгин оның ишинде кек жаткандай,
Көзи менен әлемди жеп аткандай.
Баратырман есимнен айырылып,
Ериниме суў тамыз деп аткандай.

Ғәрезсизлик,
Ол бүгин ел ғамында.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Арал депте толғатар толғағын да.
Әзиз халқым еледе дым кеш емес,
Тәғдирлерин өзиңниң қолларында.

## КЕШКЕ ЗОРҒА ЖЕТТИМ МЕН...

Кешке зорға жеттим мен ҳарып, талып,
Дәрти ғой бул кетпеўдиң жолда қалып.
Жүрегимниң оты да,
Көзлеримниң,
Таўсылыўға қарады жанып, жанып.

Күн бойына жортаман,
Жуўыраман,
Өмир-отқа жанымды қуўыраман.
Сөйтип жүрип бир күнин және оның,
Күлин көкке шашаман,
Суўыраман.

Ойлайман кеп не ислеп,
Не питирдим.
Арасынан өттим де көп үтирдиң.
Еркин сөзде шынлық та,
Әдиллик те,
Аўызбиршилик ишинде бир пикирдиң.

Және өтти бир күни өмиримниң,
Тасқа уқсап шетимнен жемирилдим.
Бираз нәрсе етсем де,
Усы өзиме,
Толмайтуғын жери көп кеўилимниң.

## ӨТКЕН БӘҲӘР

Өткен бәҳәр
Балалық шағым еди,
Енди гүлге отырған бағым еди.
Қызғалдақтай қуяшқа бой созғанда.
Өмир-жолдың бәринде сағым еди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өткен жазым,
еди ол жаслығымдай,
Дәрьядай боп ақты да,
Тасты тынбай.
Гүзге қарай пәсейди ағыслары,
Аңғарының онында асты қумдай.

Өмир-гүзим барады өтип мениң,
Кеўил күйим,
Жанымда тетик мениң.
Жаслықтағы, турыпты, қәтелердиң,
Барлығына ақылым жетип мениң.

Қандай екен алдағы қысым мениң,
Қонатуғын басыма қусым мениң
Бахыт атлы?!
Болғаны қурымаса,
Ғаррылықтың гәштинен писим мениң.

## АМАНЛЫҒЫ ЕЛ, ХАЛҚЫМНЫҢ — БАЙЛЫҒЫМ

Аманлығы ел, халқымның — байлығым.
Суў ақпаса көмип таслар сайды қум.
Өмир атлы қүдиретте хәммеге,
Жетип атыр қуўаныш та,
қайғы, муң.

Қәнәҳәтли жеткерер бир айлығын
мүтәжине. Усы утысы жайлының.
Бул өмирде жарлының да,
байдың да,
Бар басында қуўаныш та,
қайғы муң.

## МЫНАЎ ӨМИР

Мынаў өмир тәшўиш пенен
ийленгенде, қарылған.
Шадлығына адамлардың
жүреги де жарылған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Аяғынды қыя бассаң
айырады арыңнан.
Горқаў болсаң, көзиң тоймас
жүрдай етер барыңнан.

Әдалатлық шынлық пенен
онда бирге қайнаған.
Бултлар басқан жери де бар,
қуяш күлип жайнаған.
Адам да көп өлгенинше
бахты бастан таймаған.
Инсапсыз да, көкирегин
шайтанлар да жайлаған.

Бул өмирде бахыт пенен
қайғы егиз туўылған.
Ҳәсиретте, шадлық пенен
бирге онда уўылған.
Бар ол жерде әдиллик те
қуўғын етип қуўылған.
Бирақ өмир шығысында
пәклик пенен жуўылған.

## БАЛАБАҚША ЖАНЫНДАҒЫ ОЙЛАР

Ата, ананың айы,
Күни,
Жулдызы.
Ғәрезсизлик заманының ул, қызы.
Сизлер қандай бахытлысыз бул күнде,
Жоқ биракта адамлардың муңсызы.

Торғайлардай жуғырласып тынбайсыз.
Гейде уйып бир бирин ди тыңлайсыз.
Қабырғаның қайысыўы не өзи,
Билмейсизлер, сонлықтан да сынбайсыз.

Бул дүньяның кеңлигин де,
Тарлығын,
Өмир берсе көресизлер барлығын.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тири болсаң аласызлар өмирдиң,
Алғысын да,
Сөгисин де,
Жарлығын.

Бәриң бирдей жууырысып ойнайсыз,
Ҳәтте теңдей қыял сүрип, ойлайсыз.
Басларыңда тууылған мың сауалдың
Жууапларын алмағанша қоймасыз.

Ақлықларым усы жерде мениң де,
Соның ушын ҳәптесине кеминде,
Мен өзиңе он келемен,
тынышлық,
бахытлыман ҳүким сүрген елимде.

Қанша адам,
Сонша болар тәғдир де.
Бағынбайды ол буйрыққа,
Ҳәмирге.
Балаларым бахтыңызды сорап мен,
Гейде аламан жалбарынып тәңирге.

## БУЛ ӨМИРДИҢ ҚАЙҒЫСЫ ДА

Бул өмирдиң қайғысы да,
жетип атыр қызығы.
Инсаплысы бар адамның,
бар оның да бузығы.
Сонлықтан да өз өзинен
ағармайды шашлар да,
Аңсатлықта сызылмайды.
маңлайлардың сызығы.

Жығылғанды сүйегеннен,
көп аяқтан шалғанлар,
Шынлығыңды жер менен де,
жексен еткен жалған бар.
Әдилликти мойынынан
қылғындырса ҳарамлық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақыйқаттың жағасына
қолларын да салған бар.

Өмиримди өткен мен де
ойларымнан өткердим.
Қандай болса, сондайынша
жүрегиме жеткердим.
Уқтым соны адам болыў
аңсат емес екенин,
Онын жолы арқасында
көп мийнеттиң, көп тердиң.

## БҮГИН ЖӘНЕ ЕСКЕ ТҮСТИҢ АЎЫЛЫМ...

Бүгин және еске түстиң аўылым,
Елжиреп кеп кетти жүрек, баўырым.
Сеннен жырақ жүргенимде өмирдиң,
Өткердим мен бастан талай даўылын.

Сениң еле сол баяғы турысың,
Өмир деген демде-ақ екен қурысын.
Көп жерлерде жаман атлы болдым да,
Айтаман деп ҳақыйқатын,
Дурысын.

Елим деген,
Халқым деген баланман.
Илҳәм алған ойың, қырың, далаңнан.
Саған келсем бир айланып қайтаман.
Әўлийеде жатқан әкем,
Анамнан.

Бәри мениң көзлеримниң алдында,
(Өмирден де аброй, атақ алдым да).
Қалған шығар шақалары сийрексип,
Сол байтерек болып кеткен талдың да.

Мен өзинди сағынаман баламдай,
Сен де маған мийирмансаң анамдай.
Бар ма екен мынаў жердиң үстинде,
Кеңисликлер мениң гөззал даламдай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТӘЎБЕ ЕТТИМ.

Бул өмирге хеш нәрсе береалмаған,
Жақсыға да бар адам ереалмаған.
Тәўбе еттим,
Көп екен туўысқан да,
Бирин бири душпандай көре алмаған.

Мен қәлеймен инсанның шад болғанын,
Ҳәр бириниң басына бақ қонғанын.
Тәўбе еттим,
Көрип мен бир анадан,
Ул, қызлардың туўылған жат болғанын.

Ҳәмме түсер ўақыттың қаразына,
Оғанда көп боп жүрген наразы да.
Тәўбе еттим,
Көрип мен перзентлерин,
Анасының келмеген намазына.

## ҲАРМА ДЕСЕМ ШАРШАҒАНЫҢ

Ҳарма десем шаршағаның,
Шығардай-ақ адамлар
Қыйын ўақта бир бириңниң
Күнлериңе жаранлар.
Өмир атлы тиришилик
Өрип жүрген жайлаўда,
Абыр, сабыр бола бермең.
Көзлериңе қаранлар.

Мынаў елде не жоқ дейсең
Жақсы да бар, жаман да.
Жер-анаға тәжим етиң
Басларыңыз аманда.
Бул өмирдиң бахыты да,
Шадлығы да, қайғысы,
Көзимиздиң тирисинде
Жетер саған, маған да.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүлик қурттай ел, халқының
Байлығынан сорған бар.
Көпке бармас ҳарамлықтан
Пайда болған қорғанлар.
Ўатан жалғыз, егер оның
Келешегин ойласаң,
Тынышлығын аяңлар,
Әдилликти қорғаңлар.

## ҚАБЫРҒАНЫ ҚАЙҒЫ БАР СӨТЕТУҒЫН....

Қабырғаны қайғы бар сөтетуғын,
Күнлер де көп бийкарға өтетуғын.
Ең болмағыр қәсийет,
қызғаншақлық,
Адамлардың басына жететуғын.

Сөзлерде көп сүйектен өтетуғын,
Айланаалмай артыңа кететуғын,
Ўақыт келер, адамды аш көзлилик,
Инсапсыз да,
иймансыз ететуғын.

## ЕЛГЕ ДЕГЕН МУХАББАТЫМ....

Елге деген мухаббатым
арта түсер күн, күннен.
Сен болмасаң ана-журтым
шынында да мен киммен?!
Жерлердиң де түпкирине
бараман сен жолласаң.
Адамлар да адам болар
егер өзиң колласаң.

Бахытыңды, шадлығыңды
көрсем кеўлим тасады.
Әрманларым мениң текте
сенде иске асады.
Елге деген мухаббатым
көз тиримде сөнбейди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенсиз мениң ислерим де
келиспейди, өнбейди.

## ОЙЛАНЫҢЛАР...

Ойланыңлар,
басыңда мийларың бар.
Бийкар өткен күнлерге қыйналыңлар.
Жақсылықтың жолында жүрген болсаң,
Алатуғын өмирден сыйларың бар.

Берилмеген қурыға бас дегениң,
Өз-өзинен ағармас шаш дегениң.
Қаттылықтан,
Ауырды көтериуден,
Анау жерде қалады тас дегениң.

Бермеген ғой тилди де тислеу ушын,
Ақылың бар барлығын ислеу ушын.
Атлар ғана тек оннан пайдаланар,
Сезикленсе оқыранып,
кисиеу ушын.

Көриу ушын адамға көз берилген,
Аңлау ушын нәрсени өзгерилген.
Мениң азат елимде
Ҳақыйқатын,
Айтыу ушын бәршеге сөз берилген.

## БӘРШЕМИЗДЕ ӨМИРГЕ

Бәршемизде өмирге
Келип, кетер бендемиз.
Толып аққан дәрьяда
Қалмағандай сеңнен из.
Умыт болар. Бүгинги
Көрген жанлар ертең жоқ,
Бәҳәр келди дегенше,
Асығады елге гүз.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир солай қулдырап
ағады да жатады.
Таңы атса биреўдиң,
биреўге күн батады.
Бахыт қушқан, шадлыққа
бөленгенде адам көп,
Ал биреўлер өлгенше
оның уўын татады.

Өмир-жолда тынбайсаң
тесилсе де табаның.
Ақмақ болсаң демде-ақ
қалар шығып сабаның.
Усы жерде бейиште,
ал көбинше ол, бирақ,
Майы қайнап атырған
нағыз өзи табаның.

## ҚЫЯЛЫҢА КЕП ЖҮРМЕСИН МУҢЛЫ ОЙ

Қыялыңа кеп жүрмесин муңлы ой,
Не қанатлар қатпай атып сынды ғой.
Ул уяға,
Ал қызлардың қыяға,
Қонғанының бәри елде уллы той.

Қурып алып шаңарағын өзиниң,
Беккемлейди қарып оған төзимин.
Улы, қызы
Мухаббаттан жаралған,
Енди олардың қарашығы көзиниң.

Көкиректе музың болса ерисин,
Жақсылыққа хәр бир адам жерисин.
Жасың қайтқан сайын дүнья тарылса,
Перзент пенен кеңейеди өрисиң.

Көп досларым әрманына жетпеди,
Қабырғасын қанша жанлар сөтпеди.
Ул, қызының бахыт тойын көреалмай,
Бул дүньядан кимлер және өтпеди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыялына кеп жүрмесин муңлы ой,
Не қанатлар ушпай атып сынды ғой,
Ул уяға,
Ал қызлардың қыяға,
Қонғанының бәри маған уллы той.

## КЕЎИЛ-АСПАН ДЕМДЕ-АҚ ҚУБЫЛАДЫ.

Кеўил-аспан демде-ақ қубылады,
Адам болып хәмме де туўылады.
Соң ишине периште,
Шайтан кирип,
Бул өмирди өзинше уғынады.

Биреў жасап,
биреўлер күн көреди.
Тынышлығын биреўдиң түн береди.
Бахытына,
биреўдиң шадлығына,
Қызғаншақлар ишинен түнереди.

Жаманлыққа жақсылық уўылады,
Көз жасларға әдиллик жуўылады.
Усындайын өмирдиң көре берип,
Кеўли адамның оннан да суўынады.

## БУЛ ДҮНЬЯНЫҢ ҚЫЗЫҚЛАРЫ

Бул дүньяның қызықлары
қалған шығар изимде,
Деп жүр едим, не бар енди
өмиримниң гүзинде.
Алжасыппан анығырақ
қарап едим мен оған.
Бираз нәрсе алдымда екен,
тәғдир жазған дизимде.

Улларымның бахтын көрдим,
енди қалған жағында,
Ақлықларым өсип атыр
гүлдей жайнап бағымда.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Олардың да тойларында,
күнлеринде қуўанған,
Болады еле талай мениң,
шағлайтуғын шағым да.

Солай етип келешекке
үмит пенен қарайман,
Жаратқаннан ел, халқымның
аманлығын сорайман.
Улларымның бахытының
арқасында еле мен,
Өмир-жолдың көп жерине
ойлап жүрмен, жарайман.

## ПЕРЗЕНТЛЕРДИҢ ӨЗ ҮЙИНИҢ...

Перзентлердиң өз үйиниң
Машқаласы, ғаўғасы,
Ҳәр бириниң алып атқан
Бар турмыстан саўғасы.
Өзлери де ул өсирип,
Қыз өсирип бул күнде
Олардың да қызып атыр,
Өмириниң саўдасы.

Өз күнине аман болсын
Ул да, қыз да, туўысқан.
Торғайлардай жуғырласып,
Сезип-жанын уғысқан,
Қәне енди болса бәри!
Әттең мынаў өмирде
Көп-ақ екен қаналас та
Бир-биринен суўысқан.

Түршигеди жаным мениң
Усыларды көргенде,
Жаман, жақсы деп ата, ана
Улын, қызын бөлгенбе?!
Мынаў жерде әлле қашан
Кетер еди бейиш боп,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамыйзат татыў, татлы,
Жасап, өсип, өнгенде.

## ЖАЗҒЫ ЖАМҒЫР

*2008 жылдың 22-июль күни жүз берген тәбият көринисинен дөреген қосық*

Жазғы жамғыр нөсерлеп,
Шелекледи.
Гүлдирмама жасынын келепледи.
Аўылымды қаплаған қара бултлар,
Оны өзге әлемнен бөлекледи.

Дүбелейге айланды даўылы да.
Буршақ болып шашылды жаўыны да.
Қушағына не түссе алаламай,
Бәрин басты жер-ана баўырына.

Жулып бираз үйлердиң төбелерин,
Тас етилип қағылған шегелерин,
Көрдим, билдим демеди. Ашшы көлдиң
Қырға атып таслады кемелерин.

Тамырынан дарақлар суўырылды,
Ҳаўа әсте баслады суўыныўды,
Суў қуйдырып үстинен туўған жер де,
Даўам етти өзинше жуўыныўды.

Соң бәри де изине қайтқан болды.
Журт таңланып көргенин айтқан болды.
Аздан кейин хеш нәрсе болмағандай,
Ыссы ҳаўа менен жер қайттан толды.

## БУЛ ӨМИРДЕ КИМГЕ ИЙЕК АРТАСАҢ

Бул өмирде кимге ийек артасаң,
Тырбаңлайсаң,
Өзиң бәрин тартасаң.
Әрманыңа жетиў ушын тынбастан,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир-жолда жуўырасаң,
Жортасаң.

Қолларыңнан келмес заттың өзи кем.
Кимлигин де оқыў мүмкин көзинен
Ғаррыға да жер таянған,
Жақсы ғой,
Өлимниң де берилгени тезинен.

Бахыт деген үлкен де емес,
Киши де,
Қандай болсын сыяды ол ишиңе.
Арқа сүйер көп болса да адамың,
Өзиңниң тек исенгейсең күшиңе.

Мынаў дүнья жыйналмаған үй яңлы,
Қой иске аспас,
Бас аўыртар қыялды.
Өмириңе ақмақшылық келтирген,
Қаплап болмас байлық пенен зыянды.

## ЖҮРЕГИМДЕ ҲӘСИРЕТТИҢ ДАҒЛАРЫ

*Өзбекстан қаҳарманы, халық шайыры*
*Ибрайым Юсуповтың естелигине*

Жүрегимде ҳәсиреттиң дағлары.
Келди мекен қайғы, муңның шағлары.
Сен өтип дүньядан
Қарақалпақтың,
Қаңырап қалды поэзия бағлары.

Қосықларың елиң,
Халқың ҳаққында,
Туўған жериң болды тахтың, бахтың да.
Қәпелимде өте шықтың өмирден,
Көкирегиңе алтын жулдыз тақтың да.

Үйиңизден Шыңғыс, Расул дуз татты.
Олар өлип жаныңызға муз қатты.
Болмағандай бәри кетти өтти де,


www.ziyouz.com kutubxonasi

«Сениң жигит ўақтың,
Оның қыз ўақты».

«Дузлы самаллардан» далам сырдандай,
Бүгин оған дүнья бетин бурғандай.
Акациялар алдындағы үйиннин,
Сени жоқлап,
Сыңсып жылап турғандай.

«Үмит жағысына» қонды тырналар,
Бул жерде де еле гүллер ырғалар.
Өзиң өткен менен мынаў әлемнен,
Сениң шайыр жаның мәңги нурланар.

«Жети асырымды» оқып қарасам,
Кеше сенде «Йош»лы болған баласаң.
Қыз минезли,
шийрин сөзли әжайып,
Поэзияның султанысаң,
данасаң.

Айтылмаған сеннен сөз де қалмаған.
«Аласатлы дүнья» бәрин жалмаған.
«Қарындасқа турған Әмиў бойында»
Жан барма екен бир нәзерин салмаған.

«Мен өмирге ашықпан» дым дер единң.
Шайыр единң,
азамат ең,
ер единң.
Жоқлығыңнан бекен бүгин елиме,
Өзгешерек сезилип тур керегиң.

Аққуўы ең Аралымның,
көлимниң,
Суўсыны еди поэзиян шөлимниң.
Бүгин сени соңғы жолға шығарып,
Қабырғасы қайысып тур елимниң.

Шарасы жоқ бул тәғдирдиң исиниң,
Мәңги қалар елде сениң исимиң.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әсирлер де өтер,
бирақ хеш қашан,
Орны толмас Ибрайымдай кисинин.

## МЫҢ АЎНАҚШЫП

Мың аўнақшып бүгин де жатаалмадым,
Сезди жаным ишинен от алғанын.
Ақылымды жуўырттым,
Миллетимниң,
Қарақалпақ боп неге аталғанын?!

Уйқым қашып бүгинде жатаалмадым,
Қарақалпақ боп неге аталғанын
Билейин деп ақтардым тарийхты да.
Ақырына биракта жетеалмадым.

Айтылып жүр түрлише жорымаллар,
(Мәнзилине жетеалмас жолы тарлар).
Ўақыт-қумның астында жатыр бүгин,
Қарақалпақ койыўда қолы барлар.

Қарақалпақ деп неге қойылғанын,
Айтайында қояйын ойымдағын,
Билеалмадым.
Мен соны хақыйқатым,
Және бүгин ишимнен мойынладым.

## АЛПЫС ЖАСҚА ШЫҚҚАННАН КЕЙИНГИ ОЙЛАР

Өмиримниң мен бул жағын билмеймен,
Мийзаннан соң гүзге кирген гүлдеймен.
Кеўил хошым бар ўағында жеп-жеңил,
Ол жоғында ап-аўырман,
Зилдеймен.

Өмир-жолым жүрер мениң кемейди,
Ўақыт-егеў жүйкемди де егейди.
Болғанлықтан үйли, жайлы улларым,
Барып, келер өрисим тек кеңейди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрманымның биразына еристим,
Барымды мен халқым менен бөлистим.
Инсап, ийман уялаған жаныма,
Барғаным жоқ басларына кери истин.

Тилегеним аманлығы елимнин,
Бақ, дәўлети туўған ана-жеримниң,
Бүгинде мен алпыс жастың бул жағы,
Не болады,
деп көп ойға берилдим.

Бул күнлери мийнетимниң жемисин,
терип жүрмен. Усы мениң жеңисим!
Алпыс жаста питпей қалған ислердиң
Толтырыўдың жолындаман кемисин.

## ИСЕНИМИ КҮШЛИ АДАМ...

Исеними күшли адам
қыран кустай алғыр-аў.
Әттең мынаў өмирде
жоқта емес салбыраў.
Үмит пенен исеним
жеткереди муратқа,
Олар питкен күннен-ақ
басланады албыраў.

## МАҢЛАЙ ТЕРСИЗ ӘРМАНЛАР...

Маңлай терсиз әрманлар
ҳасла иске аспайды.
Келиспейди талаплар,
оңына ис баспайды.
Мынаў-ақмақ дүньяда
адамларды талантлы,
Қызғаныштың ийтлери
бәрхә талап таслайды.

## ҚОСЫҚЛАРЫМ МЕНИҢ ДАЎАМ ЕТЕДИ...

Қосықларым мениң даўам етеди,
Жаңғырығы көкти шарлап кетеди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жердиң ески Қарақалпақ халқы да,
Ол да еле нийетине жетеди.

Турғанда жыр жүрегиме қуйылып,
Әлем маған қарағандай қыйылып.
Усындайда елдиң бахтын тилеймен,
Жаратқаннан жалбарынып,
сыйынып.

Жырларымның жалғасы да.
Даўамы.
Узақ еле,
Булаққа уқсап ағады,
Ҳәмде олар ҳәр бир үйдиң есигин,
Жақсы нийет болып барып қағады.

Қосықларым сырласым да,
Мунласым,
(Жыр булағы сарқылмасын,
Тынбасын.)
Жақсылықтан жаратылған оларға,
Қара күшлер дузақларын қурмасын.

Деген ойлар менен жасап жүриппен,
Қосық атлы безеалмайман бүликтен.
Қәдирине жетпейтуғын жырлардың,
Адамларға ишимнен мен иликпен.

## АҚЛЫҚЛАРДЫҢ ТОЙЛАРЫН.

Ақлықлардың тойларын көрсем деймен.
Ақ пәтия бәрине берсем деймен.
Олардың да уллары табытымды,
Көтерердей болғанда өлсем деймен,

Әрманыма мен сөйтип жетсем деймен,
Өмир-жолда не болса өтсем деймен.
Бахыт қушып турғанда
Перзентлерим,
Бул дүньяны тәрк етип кетсем деймен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЙНАЛҒАНДА КИМ БЕРЕР ҚОЛЫН...

Қыйналғанда ким берер қолын маған,
Питпегенде исим көп,
Болынбаған.
Жақсы тилек,
Ойымды ақырына
Жеткериўдиң сонлықтан жолындаман.

Усы ойлар жанымды тербетеди,
Қыйнап мени қара тер де етеди.
Қара нийетли адамлар түбинде бир,
терс қайтады,
оңбайды,
кери кетеди.

## БУЛ ӨМИРДЕ БАРЛЫҒЫ БАЙЛАНЫСЛЫ.

Бул өмирде барлығы байланыслы,
Жақтырады ҳәрекет айланысты.
Усылардың тәсири жер-уяда,
Шығарады келтирип шайқалысты.

Өмир сөйтип гүреске айланады,
Ол ҳәр қәдем,
Адымда байқалады.
Тиришилик дегениң солай етип,
Жер-бесикте мәңгиге шайқалады.

## ХАЛЫҚ ШАЙЫРЫ ИБРАЙЫМ ЮСУПОВТЫҢ ҚӘБИРИ БАСЫНДАҒЫ ОЙЛАР

Жатырсаң ба азаматым,
Шайырым.
Қосықларың-елге тийген қайырың.
Поэзияның жүрмиз суўға салаалмай,
Сен кеткели қырда қалған қайығын.

Қәбирине соқпақ түсип қалыпты,
Демек елиң және еске алыпты.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосықларың көп журтларға танытты,
Қарақалпақ деп аталған халықты.

Жатқанлардың бәри мынаў танысың,
Усы жерде питти «Үмит жағысың».
Бирақ даўам етип атыр жырларың,
Тирисиндеги Ибрайымның шабысын.

Ғәрезсизлик жырларынның өзеги.
Бүгин олар жер, жәҳәнды гезеди.
Қосықларың жоқлығыңды билдирмей,
Ел бахытын өзиң болып сезеди.

Салмайды бул жерге «бүлбүл уясын»,
Көриўде жоқ енди елдиң қуяшын.
Бирақ халқым шын жүректен өзиңе,
Шайырым деп төгер меҳир зыясын.

Жатырсаң ба азаматым,
Шайырым,
Булақ един,
Қалды оннан жайылым.
Ерте баслап,
Соң жүдә кеш қолыма,
Қәлем алған бар мениң де айыбым.

«Жети асырымың» қалды изинде,
Жақсы өтти сениң алтын гүзиң де.
Бир алланың иси кимди қосыўы,
Кимди қоспаў,
Өзиң түскен дизимге.

«Дала самаллары» уйтқыр бүгинде.
Саған бәри бирдей түн бе,
Күниң бе.
Өмир менен шегарасы өлимниң,
Усы жерде қосылады түбинде.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ҚЫЗЛАРЫ

*(Мухаммед Юсуп «Узбек қизлари»)*

«Севади, қуяди қилади алам.
Дорга осинг, аммо айтмас бировга


www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтмай севишини севганига ҳам
Тегиб кетаверар бошқа куёвга».

Қарақалпақ қызлары
өз алдына бир жаҳан.
Туўған жери олардың
гөззал, жәннет, нур-мәкан.

Танысардың алдында
сорастырар урыўын.
Ата, тегин жигиттиң,
аныҡлайды урығын.

Бой жеткенниң барлығы,
көп нәрсени биледи.
Қызғанады, сүйеди.
жүрек, баўырын тиледи.

Қарақалпақ қызлары
дегенинен қайтпайды.
Парасатлы, сабырлы,
орынсыз сөз айтпайды.

Әкесин де, анасын
көндиреди сөзине.
Олар берик болады,
исенеди өзине.

Жақсы егер көрмесе
дарға ассаң да тиймейди
Мухаббаттан басқаға
өлтир-басын иймейди!

## ӘМИЎ ДӘРЬЯ БОЙЫНДАҒЫ ОЙЛАР

Және келдим Әмиўим жағысына,
Ойымда еди, сүйсиниў ағысына.

Бирақ бүгин басқаша жағдайың дым,
Қақ жарылып атқанын таңлайыңның.

Көрип жүрек, баўырым езилип тур,
Өзиңниң де жаныңнан сезилип тур,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Күйиклери қайғыңның, ҳәсиреттиң,
Дәртиң менен сен мени ҳәлсиреттиң.

Өркеш, өркеш қумларың суўдыраған,
Талай еле машқала туўдыраман.

Деген янлы жыландай жылыслайды,
Тығылыўға оғанда қуўыс қайғы.

Қалай болды аўҳалың түсинбедим.
Бирақ сезип турыпсаң ишимдегин,

Саўалды да өзиңе беретуғын,
Жеримди де сен мениң өлетуғын.

Буның бәрин ўақтынша деп ойлайман,
Мен бойыңнан қоныс жер қолайлайман.

Талай еле көремен ағысыңды,
Гүллер өсип, ырғалған жағысыңды.

## ӨМИР САҒАН ГӘПИМ БАР АЙТАТУҒЫН..

Өмир саған гәпим бар айтатуғын,
Дым питкермей өзиңнен қайтатуғын.

Адам да көп, ал соның арасында
Көреди олар ағын да, қарасында.

Бул өмирдиң, сен деген усындайсаң,
Қыйналмайсаң, күймейсең, қысынбайсаң.

Әдиллигиң бар сениң, шынлығың да,
Бирақ оның биреўлер жуллығын да,

Табаалмайды көзлери жумылғанда,
Өмир сениң ишиңде муңың қанша!

Туўылғанда анадан теңдей болып,
Сонда дүнья түйилген кеңдей болып,

Кейин ала бәри де өзгереди,
Жақсыны да, жаманды көз көреди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўдарып сен тәғдирге барлығын да,
Кеңлигинде дүньяның, тарлығын да,

Ақырында аппақ боп шығасаң сен,
Адамзатты қәйткенде уғасаң сен.

Өмир саған айтайын деген сөзим
усы еди. Ал мениң мынаў өзим!

## ЎАТАН

Ўатан деген туўылған үйим мениң,
Меҳирине анамның сүйингеним.

Қоңсыларым хәўлимниң жанындағы,
Өзим еккен гүллерим бағымдағы.

Қәдем қойған биринши мектебим де,
Алыс, алыс жақларға кеткенимде.

Сағынышлар жанымды қыйнайтуғын,
Елге деген, ишиме сыймайтуғын.

Қуўанышым журтымның бахытына,
Айдын жолда баратқан бағытына.

Ўатан деген Аралым, Үстиртим де,
Сүттей жарық боп атқан үсти түнде.

Әмиўим де, қырларым, шөллерим де,
Аққуўлардың мәканы көллерим де.

Қаратаўым үйилген қабақлары,
Булқүлдеген қызылда тамақлары.

Гесирткенде, жылжыған жыланларың,
Бадайында суп-сулыў құланларың.

Шыдамлықтың үлгиси сексеўилиң,
Елим ушын деп жүрген көп себилиң.

Бәри мениң Ўатаным, аспаның да,
Мойнағым да, қырдағы бостаным да,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тыңларың да, қумларың, таслағын да,
«Қырық қыз»ын өзимниң дастаным да.

Өмиримниң жалғасы ул, қызларым,
Ақлықларым олардан-жулдызларым.

Усылардың барлығы Ўатан маған,
Бар оғанда адамлар жетеалмаған.

Ўатан деген-
Туўылған үйим мениң,
Меҳирине анамның сүйингеним.

## ГҮЛДИРМАМА

Гүлдирмама дирилдетип жер, көкти,
Бәрин бирге булт ишинен тербетти.
Тиришилик қалды болып бир уўыс,
Жаны бардың барлығын ол тебрентти.

Найзағайдың зарядлары шашылды,
Жер қабыллап жатқан яңлы жасынды.
Оның мынаў гүлдирлиси силкинип,
Қақ бөлердей таўынды да.
тасынды.

Соң жамғыр да қуйды жерге шелеклеп,
Турмады ол ҳеш нәрсени бөлеклеп.
Гүлдирмама найзағайдың отларын,
Булт ишинен жыйнап жатты келеплеп.

## БАЛА ГЕЗДЕ ДОС ТА КӨП...

Бала гезде дос та көп,
Жора да көп, қарасам,
Тынбай шаўып, шапқылып
Жуўырыўға жарасаң.
Жаслық келип үйленип,
Машқалалар артқан соң,
Көбисинен олардың
Жолды бурыў саласаң.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәбийий бул нәрселер,
Ҳәмме бастан кеширген.
Жаслықтың да отларын
Ўақыт демде-ақ өширген.
Балалықта ойнаған,
Бирге жигит болғанда,
Сол досларың бирақта
Шықпайды екен есиңнен.

Барған сайын жас қайтып
Досларың да қалмайды.
Бирим-бирим сум әжел,
Изли изинен жалмайды.
Тирилери олардың
Енди қалған жағында,
Улдың, қыздың бахыты
менен өзин алдайды.

## КҮННЕН КҮНГЕ, АЎЫЛЫМ АЛЫСЛАЙСАҢ

Күннен күнге, аўылым,
Алыслайсаң сен меннен.
Қушағына өмирдиң
Мен өзиңде енгенмен.
Жетимликтиң азабын,
Жалғызлықтың қысымын,
Қара мийнет, маңлай тер,
Шыдам менен жеңгенмен.

Үйимиздиң түбинен
Әмиў қырып жағысын,
Ағар еди көрсетип
Бизге ийрим, ағысын.
Аўылымнан басланды
Мынаў үлкен өмирге,
Шаршаў, ҳарып, талыўды
Билмейтуғын шабысым.

Есиңдеме сениң сол
Қара бала баяғы,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир нәрсемди сезди ме
Тәғдир мени аяды.
Бул дүньяда жетим де,
Жетип атыр жарлы да,
Орнын таппай өмирден
Ийт қайзаған таяғын.

Қатар, қурбыларымнан
Бул күнде кем емеспен.
Аўылыма айтпаған
Шықты екен нем естен?!
Ыразыман халқыма,
Керек болған жерлерде,
Қалдырып хеш көрмеген
Ойласықтан, кеңестен!

## АЎЫЛЫМНАН БИР КӨРИНИС

Әмиў туўлап ағысы жулқынғанда,
Кәнарына сыймай ол қылқынғанда,

Ақ желқомлы кемелер талпынғанда,
Өрлей алмай алдына алқынғанда,

Арал шапшып ақ көбик боп атқанда,
Көллеримниң үстинен таң атқанда,

Ушып, қонып аққуўлар шалқығанда,
Айдынларда сан мың қус қалқығанда,

«Түйе табан»[1] гүллерде ашылғанда
Теңизиме жулдызлар шашылғанда,

Күн нурына қундызлар ысынғанда,
(Жәннет деген бар болса усыманда).

Көллеримди балықлар ылайтқанда,
(Аңшыларға бәри бир мың айтқанда),

---

[1] «Түйе табан»-бурын бизиң аўылдың көллеринде өсетуғын лилия гүллери еди. Жергиликли халық оны «түйе табан» дейтуғын еди. Себеби лилия гүлиниң суў бетиндеги жапыраклары түйениң табанына уқсайтуғын еди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала едим, сонда да бир жағында,
Мен бар едим, қуйылған жыр жаныма.

Усылардың барлығын көзим менен,
Көрген едим, сонлықтан сөзим менен,

Сүўретлеўге хәрекет еттим бүгин,
Сөйтип жүрип және бир өтти күним.

## ТҮБИНДЕ БИР БӘРИ ДЕ САРҚЫЛАДЫ.

Түбинде бир бәри де сарқылады,
(Таў шыңынан мың жыллық жар қулады).
Әмиўдиң де суўлары
Ким ойлаған.
Тап буншалық боп қурып, тартылады.

Өмири де адамның зуўлап өтип,
Демде-ақ ғарры болады тиси кетик.
Күннен-күнге сарқылар күш, қуўаты.
Көринсе де сыртынан қуўнақ,
тетик.

Бир күн деми оның да таўсылады,
Көринбестен көзлерге жан шығады.
Сөйтип жарық дүньяның
Бул сум әжел,
Мәңгиликке қапысын қаўсырады.

Болмағандай өмирде бахыттың көп,
Айтаалмайсаң тәңирге қағыттың деп.
Түбинде бир бәри де сарқылады.
Ақыры жоқ.
Соңы жоқ ўақыттың тек.

## АРАЛДЫҢ ДА АЙДЫНЫНА ҚОНҒАНЫН

Және келдиң көз алдыма Аралым,
Толқынларың ақ көбик боп шапшыған.
Ойларымда айдынына қарадым,
Түн бойына жулдызларды қақшыған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыялымда Әмиўимнин умтылып,
Көрдим саған суўын қуйып атқанын.
Ақ қуўлардың бир бирине ынтығып,
Гезлесип боп,
Мүлгип, уйып атқанын.

Пляжына және келдим ойымда,
Алтын қумың күн нурына ысынған.
Жағысында даўам еткен тойымда,
Жан едик биз бир биринен қысынған.

Ойларымда теңиз жақтан күн шығып,
Көрдим бүгин нурын шашып турғанын.
Таўдай, таўдай толқынлардың қулшынып,
Жағысына шуўылдап кеп урғанын.

Мен тиледим соң барлығын усының,
Иске асқанын,
Шын жүректен болғанын.
Қумай атлы мустақыллық қусының,
Аралдың да айдынына қонғанын.

## КӨРГИМ КЕЛЕР БАХТЫҢДЫ....

Не десенде туўған жер сеники жөн,
Даласындай халқымның кеўили кең.
Мириўбетте,
Инсапта мен еллерди,
Көргеним жоқ өзиңе келердей тең.

Сенде бәри мәртебем,
Бахытым да,
Несип еткен ўақтында тахытың да.
Қуўанышқа бөленген күнлеримде,
Минип кетер дем питсе табытым да.

Жолларымда өзиңде жүрип өткен,
Болды гезлер шыдамай турып кеткен.
Тартпайтуғын табаным
Жерлерден де,
Аттың басын алыстан бурып кеткен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен адамман туўған жер өзиң менен
Саған деген бир уллы сезим менен
Жасап жүрмен.
Болса да жасым бираз
Көргим келер бахтыңды көзим менен.

## АЛПЫС ЖАС ТА БИРАЗ ЕКЕН

Алпыс жас та бираз екен
Өтмишиме ой жуўыртып қарасам.
Жақсы енди болар еди-аў
Онын усы бул жағына жарасам.
Мынаў жерде ақылың да,
Қолларың да жетпес нәрсе көп екен,
Сонлықтанда бул өмирден
Әрман менен өтип кетип барасаң.

Кешегидей болған менен
Қанша өмир қалып кетти алыста.
Болды онда қуўаныш та,
Ҳәсирет те, кемшилик те, табыс та.
Баратырман бул күнлери
Жолларында әрман менен мақсеттиң,
Қатарымнан кем болмайын,
Қалмайын деп өмир атлы шабыста.

Алпыс жас та көп нәрсе екен
Оннан бери қурып қалды Аралым.
Питип кетти балалық та
Аўызлары жанға түскен жараның.
Бул дүньяға келгеннен соң
Адам болып жасаў керек ҳәр кимде,
Себеби ол билгенлерге
Той да емес, ойын да емес, қарағым.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Басымызға не түспеди,
Не көрмеди көзимиз.
Талай әрман иске аспай,
Жерде калды сөзимиз.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондадағы көп миллеттиң
Бири болып, ўақтында,
Қарақалпақ, туўған жерге
Отаў тиктик өзимиз.

Нешше әсирлер биреўлердиң
Қолларына қарадық.
Көтералмай басымызды,
Күнлигине жарадық.
Буның бәри тарийх бүгин,
Бирақ сабақ боп қалсын,
Мустақыллық уллы күнге
Шекем өткен аралық.

Аз халықпыз жер, жаҳанға
Кеткен тарап, шашылып.
Көп заманлар аяқларға
Қалдық та биз басылып.
Бахыт қусы-ғәрезсизлик
Қонып елдиң басына,
Бүгин оның бой тикледик
Ийинине асылып.

## ӨМИР –ТУЛПАР МУДАМЫ АСЫҒАСАҢ.

Өмир-тулпар мудамы асығасаң.
Егер қурып қаласаң тасымасаң!
Қулшынып кеп алдыңа тыным таппай,
Қанатына
ўақыттың асыласаң.

Жерге минип жүресең ушасаң да,
Ҳәр кимди сен ҳәр түрли қушасаң да.
Сәл егленип артыңа қараў ушын,
Болса аяғың деп едим тусасам ба?!

Изиңе де айланып қарамайсаң,
Қуўандырып,
Жанларды жаралайсаң.
Бир анадан туўылған ул, қызды да,
Оларды да тәғдир деп алалайсаң.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир базар сыяқлы
Ызық, ызық.
Маңлайында хәр кимниң тәғдир-сызық
Инсаплы да көп онда,
Ийманлы да,
Терис қайтқанлары да,
Ақмақ,
Бузық.

## БАРЛЫҒЫ ДА КҮНЛЕРДЕЙ-АҚ КЕШЕГИ...

Барлығыда күнлердей-ақ кешеги.
(Тәғдир булты тек алдына көшеди).
Өмир деген сондай екен оның да,
Биреў отын,
Биреў суўын кешеди.

Бала-қыял,
Әрманларым көп еди,
Бирақ оның биразлары көк еди.
Өмир деген биреўлерди тепкилеп,
Биреўлердиң маңлайынан өбеди.

Адам болдым туўған ана-жеримде,
Елим ушын бар төгилген терим де.
Бәрше өтер бул өмирдиң табаалмай,
Алды, артын да.
Есигин де,
Төрин де.

## БИР КҮНШЕЛЛИ БОЛМАЙ ЖЫЛЛАР...

Бир күншелли болмай жыллар жоғалды,
Уақыт билмес саўабынды,
Обалды.
Бабаларым излеринде сизлердиң,
Еске алардай өзлериңди не қалды?!

Бизлер бармыз соның өзи жетеди.
Жалғаншыға келген адам кетеди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким болса да көрип жүрмен, өмирден,
қыймай оны,
Әрман менен өтеди.

Қыйынлыққа талай мәрте көндик те,
Сөйтип жүрип ел боп,
өсип, өндик те.
Сонда бизлер бул өмирге тек ғана,
Ул, қыз таслап кетиў ушын келдик пе?!

## ГЕЗЕК КҮТИП ТУРҒАНДАЙ

Бул өмирде барлығы
гезек күтип турғандай.
Бағ болғысы келеди
далаларда сырдандай.

Ата, ананың орынын
улы, қызы басады.
Бизге шекем бул жерде
басқалар да жасады.

Анасына қыз бала
хәўес печен қарайды.
Бой жетиўге асығып
күнде шашын тарайды.

Әкесине уллары
еликлеп кеп жүреди.
Ержетип-ақ қалғандай
дүрсилдейди жүреги.

Сөйтип дүнья дөңгелеп,
айланады, тынбайды.
Онда бәри, шадлықта
қуўанышта, муң қайғы.

Тирилердиң ислери
өлгенинше питпейди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул әлемнен өткенлер
ғана гезек күтпейди.

## ӨМИРИНИҢ ҚАЙ ЖЕРЛЕРГЕ...

Өмириниң қай жерлерге
жетерин ким биледи?!
Ўақыт бизди шаршаттырып
үстимизден күледи.

Тәғдирине жазылғанын
дейди инсан көреди.
Буннан басқа бирazлардың
гәпи де жоқ төрели.

Жасарында жасаған көп,
асарын да асаған.
Жасларға да оқ атады.
әжел турып тасадан.

Талайлардың басларына
бахыт қусы қонады.
Ислери де келиседи,
талаплары оңады.

Биреўлердиң маңлайының
соры қайнап атқаны.
Нанына да жетпей атыр
күн бойына тапқаны.

Усылардың барлығының
адам өтип ишинен,
Айырылады дәрманынан,
қуўатынан, күшинен.

Өмириниң қай жерине
жетерин ким биледи?!
Ўақыт бизди шаршаттырып
үстимизден күледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМ ДЕГЕН ДҮНЬЯҒА

Адам деген дүньяға
Жасаў ушын келеди.
Жер-анада,
Уяда,
Тартады өмир-кемени.

Тырбанлайды, тынбайды,
Жуўырады, жортады.
Сөйлеседи, ымлайды,
Өсек гәптен қорқады.

Гейде көрип турса да,
Көрмегендей болады.
Базда билип турса да,
Билмегендей болады.

Өмир гүрес майданы.
Жеңиледи, жеңеди.
Қыдырады пайданы,
Тәғдирине көнеди.

Машқаласын өзиниң,
Билгенинше шешеди.
Жыйнап шыдам, төзимин,
Отты, суўды кешеди.

Өмириниң соңында
Изимде не қалады.
Деген саўал,
Онның да,
Жанын енди алады.

## СӨЗЛЕРИҢНИҢ БОЛСА ДУЗЫ, САЛМАҒЫ...

Сөзлериңниң болса дузы,
салмағы,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйын кешпес күниң өмир-жолдағы.
Бирақ ақыл тәбияттан берилер,
Әттең, олда нәрсе емес қолдағы.

Ҳәр нәрсениң болғанындай мөлшери,
Сөзлердиң де бар есабы,
өлшеми.
Ауызыңнан шыққан ҳәр бир ойсыз сөз,
Адам етпей таслайды да ол сени.

Айтылған сөз оқтай ол да атылған,
Тартып болмас басты жазған хатыңнан.
Жууабы бар тистен шыққан сөзлердиң,
Тилден адам-ҳәр бәлеге шатылған.

Сонлықтан да өмиримше өзимди
Тергеп, өлшеп айтып журмен сөзимди.
Онын ушын ең биринши гезекте,
Болыу керек шыдамлы да,
төзимли.

## БҮГИНДЕ МЕН

Бүгинде мен жатып, турып
көп нәрсени ойладым.
Тиришилик сен қой сирә
тынышыма қоймадың.
Сонлықтанда әрман-жолда
баратырман асығып,
Алпыс жасқа шықсамдағы
өмирге еле тоймадым.

Бахытымды жаслайымнан
жүрмен излеп қулшынып.
Өмиримниң көбисиниң
турды алдынан күн шығып.
Әрман-жолда өз арбамды
өзим тарттым, тынбадым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Табанларым тесилсе де,
қалса да арқам қыршылып.

Сонлықтанда бул өмирде
табысларым баршылық.
Онда маған еткен де көп
қыянет те, қарсылық.
Шын жүректен адамларға
айтатуғын сөзим бар,
Қатарыңнан қалған күни
өлиў керек арсынып.

## ҚЫЙЫН НӘРСЕ ТИРИШИЛИК ДЕГЕНИҢ....

Қыйын нәрсе тиришилик дегениң,
Көринбейди иши өмир-кемениң.
Излеп жүрген әрманың да,
Бахытың,
Аржағында сен шықпаған төбениң.

Биреўлердиң қуўдай шашы,
Сақалы,
Бақ, дәўлеттиң демде-ақ таяр бақаны.
Адам да көп жасар жасын жасаған,
Жап-жас болып таўсылғанда тақаны.

Биреўлердиң он қызы бар улы жоқ,
Он баланың әкеси бар пулы жоқ.
Бахыт қушып атқанда көп,
биреўдиң,
азап шегип,
қыйланбаған күни жоқ.

Жүрек, баўырым усындайдан сызлайды,
Бул дүньяда көп-ақ екен муз- қайғы.
Мынаў өмир,
Тиришилик қәлипке,
Түскен енди нызамларын бузбайды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕРНАЗАР АЛАКӨЗ БИЙ

Уллы бабам,
Батырым,
Ерназарым,
Жүрегинен өткерген елдиң зарын.
Жигирмаланшы әсирдиң ақырында,
Иске асты сениң де арзыўларың.

Елим деп сен жандың да,
Күйиндиң де,
Туўған жердиң көркине сүйиндиң де.
Азатлық деп қурбан боп,
жүрегиңде,
Қап кеткенин билемен түйиннниң де.

Қарақалпақ табынған халқың сениң,
Жүзиң бүгин елиңде жарқын сениң.
Усы миллет,
Журт пенен байланыслы,
шығып атқан атың да,
даңқың сениң.

Қарақалпақ халқының шаңарағы,
Өнип, өсип өзинен жаңарады.
Сен туўралы натуўры сөз айтылса,
Жаны аўырып,
Кеўили қабарады.

Уллы бабам,
Батырым,
Ерназарым,
Жүрегинен өткерген елдиң зарын,
Азаматсаң,
Қорғаған көз жумғанша,
Қарақалпақ халқының намыс, арын.

Мен де бүгин өзиңе басымды ийип,
Отырыппан. Халқым деп жанып, күйип.
Жүрген жанман.
Әлемнен өтким келер.
Туўған жерин Ерназар бийдей сүйип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕРЕК

Жан, ийнине от тийгизип.
Елиң ушын жаныў керек.
Халқына да арасында
Басты ийип алыў керек.
Әрман-жолда тыным таппай
Өмиринше шабыў керек.
Өмир-булақ суўынан да
Өз ўақтында қаныў керек.
Жақсылықтың жолларын да
Кеўилиңе салыў керек.
Инсап пенен ийман –нурды
Көкиректе жағыў керек.
Ким қыянет етсе журтқа
Өлгенинше налыў керек.
Жаманлықты қара жерге
Қазық қылып қағыў керек.
Заман -дәрья ағысында
Изде қалмай ағыў керек.
Қандай жағдай болсадағы
Адам болып қалыў керек.

## УЛ, ҚЫЗ ДЕСЕ....

Ул, қыз десе жанымызды
Беретуғын халықпыз.
Кеўил, күйи, сырларына
Оның иштен қанықпыз.
Етеалмасақ айтқанын да
Өлетуғын жанып биз
Мәселеде перзент деген
Айдай, күндей анықбыз.
Бирақ бахыт деген усы
Кимде:
Улда,
Қызда ма?!
Уллар да көп ата, анаға
Жүрек, баўыры муз қала.
Мениң ушын дүньядағы,
Уллы перзент қыз бала!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КАФФОЛ АШ-ШОШИЙ ҲӘЗИРЕТИ ИЙМАМ (ҲАСТИЙМАМ) ЗИЯРАТ ЖАЙЫНДАҒЫ ОЙЛАР

2008-жылдың 28-август күни Х әсирде (904-978-жж) гөне Шош, Ташкенттиң аймағында жасаған ислам дүньясының уллы алымы ҳәм данышпаны Каффол Шоший ҳәзирети иймам (Ҳастиймам) Мақбарасын зыярат еттим. Бул зиярат жайда Қураний кәримниң киййк терисине жазылған (VII әсирде) қолжазбасы сақланбақта.

Бул жерде мен бурын болғанман[1].
Сонда жаным талай толғанған,
Көзлериме жаслар үйирилип,
Жүрегиме қайғы толғаннан.

Жылағанман өксип ишимнен.
Сол гезде-ақ едим түсинген.
Ақмақшылық болып атқанын,
Аяқ астыларында жатқанын,

Қәбирлери уллы жанлардың,
Атыўына жарық таңлардың,
Сонда мениң көзим жетпеген.
Зыяратшыға жоғал кет деген.

Заман еди, өлсин, қурысын,
Ҳақыйқатын, айттым дурысын.
Ғәрезсизлик елим алғалы,
Әсирлерди өзи жалғады.

Тарийхында оның тикледи,
Қуранымды қайта түпледи,
Адалатлық шықты жарыққа,
Жайнап, жаснап қалды халық та.

Менде бүгин ийип басымды,
Қәбирдеги мәрмар тасынды,
Қолым менен сыйпап, сыладым,
Сездирместен иштен жыладым.

---

[1]Ташкентте студент болған ҳәм жумыс ислеген ўақытларымда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул жердиң де абат болғанын,
Тырналардың келип қонғанын.
Кеўилимди жәмлеп жубандым,
Қутлы болсын жаңа заманың,
Ҳастиймамым!

Он әсирдиң арғы жағынан,
Бизге жетип елдиң бағынан,
Ылайықлы орныңды алдың.
Ҳәстиймам боп мәңгиге қалдың.

## САҒЫНЫШТАН СЫЗЛАП ЖҮР ҒОЙ ЖҮРЕГИМ...

*Туңғыш ақлығым Даниярға*

Сағыныштан сызлап жүр ғой жүрегим,
Айым,
Күним,
Көзлеримниң нуры едиң.
Тунғыш ақлық болғанлығың ушын ба?!
Сен жанымның йошы едиң,
Жыры едиң.

Төбем көкке тийгендей боп жүр едим,
Сағынышқа толды бүгин жүрегим.
Бул дүньядан таптым деп мен ойлап ем,
Өмиримниң жалғасының тирегин.

Қулыным сен меннен жүдә алыста,
Жүрсең бүгин белгисиз бир жағыста.
Бул өмирде көп-ақ екен, шырағым
Ойсызлық та,
Даў, жәнжел де,
Қағыс та.

Көз алдыма келдиң, жаным, бүгинде.
Жүзимде де,
Сөзимде де,
Үнимде,
Ҳәсирет бар. Үмитим көп биракта,
Аман болсаң болар, балам, түбинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир—жоллар кесиспестен турмайды,
Ол манларда мың қуўаныш,
Мың қайғы.
Ақмақлығы ушын адам дегениң,
Көз жас төгип түбинде бир шырлайды.

Бул гәплерим қаратылған анаңа,
Барлық сөзим кетти бирақ далаға.
Ел басқарған,
Көпти көрген атаңның,
Тегинликте жаны от боп жана ма?!

## БУЛ ӨМИРДЕ ТАР ДА, ТАЙҒАҚ КЕШИЎ БАР....

Бул өмирде тар да, тайғақ кешиў бар,
Жанбай атып пыңсып,
Түтеп өшиў бар.
Қорқыныштан сасқалақлап,
Албырап.
Суў көрмей-ақ кийимлерди шешиў бар.

Онда қайғы,
Қуўаныш та жетеди.
Биреў бахыт, шадлық қушып өтеди.
Биреўлерге сарайлары боп турып,
Биреўлердиң көп көринер кетеги.

Тәғдиринде түрли нәрсе болады.
Адам деген бул өмирдиң қонағы.
Өлгеннен соң
Ким, кимнинде көзлери,
Бир-ақ қамтым топыраққа толады.

## КИМ АПКЕТКЕН СОЛ БАЙЛЫҚТАН

Еки ийинин жулып жеген,
Урынып,
Ҳарам байлық жыйғанда көп қырылып.
Ондай жолға түскен адам хеш қашан,
Енди оннан шыға алмайды жырылып.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳадал жанлар шадлық болғай қушқаның,
Басыңыздан бахыт қусы ушқанын
Көрмегеймен. Ҳарам байлық түбинде,
Адам сениң ең биринши душпаның.

Илим менен китап болды жыйғаным,
Қосық, жырға нәпсимди мен тыймадым..
Ким апкеткен сол байлықтан,
كеминде,
О дүньяға қушағына сыйғанын?!

## АДАМЛАРДЫҢ ИСЕНЕМЕН СӨЗИНЕ...

Адамлардың исенемен сөзине,
Қарап турып айтса гәпин көзиме.
Қалғанда да гей бир гезде алданып,
Мен айыпты тақтым бәрҳә өзиме.

Исенимниң бар басында шырағы,
Ким болса да оған кеўлин бурады.
Мениң өзим досларыма инанғым,
Не деседе келеди де турады.

## ӨМИРИМНИҢ ЖҮРМЕН БҮГИН ГҮЗИНДЕ....

Өмиримниң жүрмен бүгин гүзинде.
Әжимлерим тереңлести жүзимде.
Адамлардың, қарап турсам,
О сумлық,
Қалып атқан нәрсе де жоқ изинде.

Ўақыт күнниң күлин көкке суўырған.
Өмир-жолда бәрше тынбай жуўырған.
Ойлап көрсем әрман менен адамлар,
Сыяқлыдай өлиў ушын туўылған.

Әке болып,
Ана болып үлгерип,
Бахыт қушып бир бирине гүл берип
Өмир сүрип атырғанда баршылық.
Жүргенде көп ырыл, тырыл күн көрип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунын бәри өмир десип аталған.
(Барма жанлар о дүньядан хат алған?)
Адам болып өтиў ушын әлемнен,
Мен өзиме жаслайымнан қаталман.

## БИЛМЕЙДИ...

Қәдирин суўдың билмейди,
Хәр күни оны кешкенлер.
Адамды көзге илмейди,
Тәрбия алмай өскенлер.

Ул, қыздың дәртин билмейди,
Ата, ана болып көрмеген.
Жүрек, баўырын тилмейди,
Үйинде биреў өлмеген.

Қәдирин елдиң билмейди,
Журтларға өзге бармаған.
Бир-бирин ақмақ күнлейди.
Жоллары оның армаған.

## ОТЫРҒАН КҮНИМ БОЛҒАН ЖОҚ

Отырған күним болған жоқ,
Келер деп өзи бахыттың.
Исиме кеўлим толған жоқ,
Қәдирин билдим ўақыттың.

Сонында ушын өмирде,
Еристим бираз табысқа.
Ғәрезсиз,
Азат елимде,
Бүгинде жүрмен шабыста.

## АҚЛЫҒЫМ БАБУРҒА

*(1-классқа барыўы мүнәсибети менен жазылған қосық)*

Айналайын Бабурым,
Жүрегимде өзиң, баўырым.
Басынан мынаў өмирдиң,
Өткерген түрли даўылын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атанның тыңла сөзлерин,
Жақсылық көрсин көзлериң!
Мектепке қойған қәдемиң,
Мүбәрек болсын әлемиң,
Өзиңе туңғыш ашылған.
Несийбең елге шашылған,
Мол болсын, күним Бабурым,
Жүрегимде өзиң, бауырым.
Демда-ақ өмир, шырағым,
Пилиги яңлы шыраның,
Түрлише ол да жанады,
Бул турмыс атлы шананы,
Өзинше хәр ким тартады.
Машқала, тәшўиш артады,
Есейген сайын, қулыным,
Қатаяр сөйтип буўының.
Усының бәри жолыңда,
Ортайыў менен толыңда,
Алдыңда сени күтеди,
Жүндей қып өмир түтеди,
Бәршениң бермей тынышын.
Шабады адам күни ушын.
Не етсең бәри қайтады,
Ойсызлықларда бир күни,
Оларда сөзин айтады.
Усылардан өзиң, Бабурым,
Еткейсең жуўмақ, бауырым!

## АРАЛДЫ ЖОҚЛАЎ

Кең әлем саған тарылып,
Дуз бенен қумың қарылып,
Жатырсаң жаным,
Аралым,
Таңлайың қақ-қақ жарылып.

Қусларың салған қыйқыўды,
Билмеди тыным,
Уйқыңды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўсызлық сенин Аралым,
Шығарды-аў уйқы-туйқынды.

Қумлардың түтеп атқандай.
Өртенип ишин жатқандай.
Ҳәсиретим сениң, мениң де.
Жаныма муз боп қатқандай.

## ӨМИР - ДӘРЬЯ ДЕГЕНИҢНИҢ....

Өмир дәрья дегениңниң
Көп-ақ екен ийрими,
Суўы оның қанша қуйған
Менен теңиз толар ма?!
Улға, қызға ата, ананың
Шексиз болар мийрими,
Меҳирине перзентиниң
Сонша мүтәж олар да.

Мухаббат ғой бул өмирди
Өмир етип турған да.
Қайда едиңлер бахыт қусы
Басларыңа қонарда?!
Оның өзи жаратылған
Поэзия, нурдан да.
Ашық жанлар бир бирине
Сонша мүтәж- оларда.

## ҮЙЛЕНИЎ ТОЙЫ БОЛЫП АТЫРҒАН ЖАС ЖУБАЙЛАРҒА

Шыққандайсыз әрманның асқарына.
Бахыт қусы қонып тур басларыңа.
Мухаббатты сақлаңлар,
Сүрникпеңлер,
Өмир жолдың қағысып тасларына.

Ел жыйылған пәтия бериў ушын,
Тойларыңды сизлердиң көриў ушын,
Жаслық-


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәхәр, жазларын ядка алып,
Мухаббатқа қайтадан жериў ушын.

Шақмақ шағып турыпты көзлеринде ,
Шадлық пенен қарылған сөзлеринде.
Алыслардан айланып еске түсип,
Тур ғой мениң сол жаслық гезлерим де.

Жаслығыңның қәдирин билиңизлер,
Шалқып, ойнап,
Жадырап күлиңизлер.
Бир-бириңниң қыйналған күнлеринде,
Жүрек, баўырларыңды тилиңизлер.

Күнлериңди ертеңги ойлаңызлар,
Мухаббатқа қанбаңлар,
Тоймаңызлар.
Өмир-теңиз дегенниң тереңине,
Емин, еркин оған да бойлаңызлар.

Бир бириңниң күниң жараңызлар,
Өзлериңди бахытлы санаңызлар.
Қайтып келип жумыстан көрискенде,
Көзлер менен сағынған қараңызлар.

Қанатында жаслықтың ушыңызлар,
Бир-бириңди жалықпай қушыңызлар.
Бәхәр,
Жазың өткен соң гуз келеди,
Оннан кейин қар, суўық, қысыңыз бар.

## ТИЛ ҲАҚҚЫНДА

Ана тили болмаған,
Миллет болмай қалады.
Халық
Тилин қоллаған,
Қәдирлейди ананы.

Сөз жүйеси табылса,
Мал ийесин табады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўзы адамның жабылса,
Тилин тислеп қалады.

Тили менен ақылы,
Бирге болған оңады.
Көбейеди жақыны,
Басына бағ қонады.

Жақсы, жыллы сөз бенен,
Жылан шығар ининен.
Оның күшин сезбеген,
Бәле табар тилинен.

Урыс, жәнжел деген де
Усы тилден шығады.
Кеўилдиң кеңлигин де,
Сол арқалы уғады.

Тили қысқа адамның,
Келиспейди талабы.
Өз сөзлери жаманның,
Жағасынан алады.

Адамлардың бурында,
Тиллерин де кестирген.
Кеткен сөзи қырынға,
Табанларын тестирген.

Халық
Тилин қайғырған,
Миллет бола алады.
Тиллеринен айрылған,
Мәңгүр болып қалады.

Тилиң менен адамсаң,
Жақсы, жаман сөзлер бар.
Ол болмаса тамамсаң,
Ҳайўанда да көзлер бар.

## УЛ ӨСИРИП, ҚЫЗ ӨСИРИП....

Ул өсирип, қыз өсирип
алақанда аялап,
Күш қайтқанда отырармыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

көленкесин саялап,
Деп ойлайды перзентиниң.
Әттең мынаў өмирде,
Дузын, сүтин ата, ананың
кеткенде көп заялап.

## БИЙКАР, БОСҚА ӨТКЕН КҮНДИ

Бийкар, босқа өткен күнди
өмириңе санама,
От деген де ойлап көриң.
тақыр жерде жана ма?!
Хәр мәўриттиң қәдирине
адамларды жетпеген,
Ақырында өзи-ақ оның
қалдырады далада.

## БУЛ ӨМИРДЕ ЖУЎЫРАСАҢ, ШАБАСАҢ...

Бул өмирде жуўырасаң,
шабасаң.
Сүйисесең,
Тебисесең,
Шағасаң.
Адамның да көргиң келмес гей ўақта,
Зорсаң-ай деп ийининен қағасаң.

Айланасаң шыр гүбелек уршықтай,
Оянасаң уйқыдан да күн шықпай.
Қуўанасаң өмир-түтин ишинде,
Жүргениңе жолын таўып туншықпай.

Керек жерде көрсетесең төбеңди,
Умытасаң өкпе, гийне дегенди.
Тиришиликтиң тындырмайды желқомы
Көз жумғанша қуўып өмир-кемеңди.

## ӨЗИҢ МЕНЕН...

Өзиң менен бул дүньяның
Ашшысын да, дуўшысын да бөлистим,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сениң менен биргеликте
Бираз ғана табысқа да еристим.

Улларымыз адам болды,
Үйли, жайлы, орнын тапты өмирден.
Қарақалпақ деп аталған
Туўған жерден, ата-мәкан, өңирден.

Ақлықлардың шадлығына
Бул күнлери жүрмиз бирге бөленип,
Мийнетимиз солар ушын
Еткен бизиң атырғандай төленип.

Тәғдириме ыразыман
Сени таўып қосқаны ушын өзиме.
Елиў жасқа шыққсаң да сен
Суп-сулыўсаң, еле айдайсаң көзиме.

## БУЛ ӨМИР ДЕГЕН

Бул өмир деген
Турысы менен қарсылық,
Сағыныш пенен
Сарғайып жүрген сарсылып
Адам көп онда.
Қылығын жаман улының
Әкелер де бар
Өлипте атқан арсынып.

Қәйтседе бизди
Бул өмир деген қыйнайды,
Адам бар жерде
Нәпсисин әжел тыймайды.
Болғаны менен
Мың түрли бахыт, оның да,
Адамға бәрин
Пүтини менен қыймайды.

## ТУЎҒАН ЖЕРИМ..

Туўған жерим!
Басыңнан не өтпеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ сениң үстиңнен ел кетпеген.
Арал болып несийбең,
Ырысқалың,
Әмиў-ана журтымды шөллетпеген.

Қарақалпақ халқы да батыр болған,
Он душпанға бир жигит татыр болған.
Бирақ түрли жағдайға байланыслы,
Маңлайлары сорлы да,
Тақыр болған.

Ғәрезсизлик-
Басыңда бахыт қусы,
Қанша әрман боп еди ўақыт усы.
Душпаның да көп сениң бир қолайын,
Таўып алып кеп жүрген қағытқысы.

Бүгин айдын туўған жер жолың сениң,
Сонлықтанда бәлентте қолың сениң.
Енди қайтып хеш қашан ортаймасын,
Төгилмесин шайпалып толың сениң.

## ҚАЙ ЖЕРЛЕРГЕ КЕЛГЕНДЕ

Қай жерлерге келгенде
жолым мениң питеди,
Ол маңларда билмеймен
нелер мени күтеди ?!
Өмиримше сонлықтан
жақсылыққа талпындым.
Бул күндеде жүриппен
хызметинде халқымның.
Не ислесем бәри де
түбинде бир қайтады.
Демде-ақ шығып алдыңнан
кимлигиңди айтады.
Таўсылмасын қай жерде
жолың сениң, билгейсең,
Елиң ушын жүрегиң,
баўырыңды тилгейсең.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Саўап ислер алдында
жақсылық боп күтеди.
Жаманлығың хәр қашан
жаман болып питеди.

## ӨМИР-ЖОЛДА КЕЛЕМИЗ

Өмир-жолда келемиз қол усласып,
Жаслықты да өткердик толып, тасып.
Бүгин бизлер әлемнен ерте кеткен,
Ата, ананың турыпбыз орнын басып.

Улларымыз ер жетти,
үйли, жайлы,
Ақлықларым ап бер дер көктен айды.
Бираз болып қалса да жасларымыз,
Өмир бизди сонда да тындырмайды.

Өтелмеген көп еле парызымыз,
Қайтара алмай жүргенде қарызымыз.
Бирақ мынаў өмирге екеўимиздиң,
Айтатуғын қалған жоқ арызымыз.

Өткен күнлер артына айланбайды,
Қазығына хеш кимниң байланбайды.
Жалғыз өзи ўақыттың
Өмир-жолда,
Қудиретин көрсетип тайранлайды.

Әрманына биреўди жеткереди,
Қысыўметин биреўге өткереди.
Тәғдирине биреўдиң көпир салып,
Көпирине биреўдиң от береди.

Өмир-жолда келемиз қол усласып,
Жаслықты да өткердик толып, тасып.
Бүгин бизлер әлемнен ерте кеткен,
Ата, ананың турыпбыз орнын басып.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖОЛЛАР

Жоллар мени көзимди ашсам
Шақырасаң, турасаң,
Алпыс жылда жүрип өткен
Басларыңды қурасам,
Өмиримниң баратырман
Бөлегинде ең соңғы,
Тәғдир енди оны өзиң
Қай жақларға бурасаң?!

Өмир жолда талай, талай
Тәғдир менен қағыстым.
Ийримине батып, шөмип
Ақтым ўақыт-ағыстың.
Әрманыма жетиў ушын
Тыным таўып көрмедим.
Ес билгели ишиндемен
Өмир атлы шабыстың.

Жолларымның қай жерлерде
Үзилерин билмеймен
Кеўилимде батып кетип
Баратырған күндеймен.
Мениң бирақ әрманым жоқ
Улларымнан туўылған,
Ақлықларым менен еле
Талай мәрте гүллеймен.

Күннен күнге өмир-жолым
Барады енди келтерип.
Не ислеген болсам бәрин
Отыр бүгин ел көрип.
Жол дегениң аяқ асты-
Тәғдирине көнликкен,
Болған менен жаманлардан
Жатады олда жеркенип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫЛ ДЕГЕН ДЕ

Жыл деген де жылға уқсамай қалғандай,
Кешеги өткен күниң бүгин жалғандай.
Бул ўақыттың зуўлаўынан бели де,
Ана-жердиң бүгилгендей,
Талғандай.

Жыллардағы бараткандай келтерип,
Иштен жанып атырғандай өртенип.
Ўақыт деген құдиреттиң алдында,
Жулдызлар да ете алмайды еркелик.

Жыл дегениң дымда болмай қалғандай,
Алпыс жасым ол да бүгин жалғандай,
Қарап турсам ўақыт мени демде-ақ,
Ғаррылықтың жолына да салғандай.

## ЖАСЛЫҚ ЕСКЕ ТҮСИП...

Жаслық еске түсип арқаң қозады,
Қыял, ойлар бир биринен озады.
Өмир-гүлиң үмитине асылып,
Ертеңине олда мойнын созады.

Тиришиликтиң бар өзиниң қозағы.
Шадлық,
Муңы,
Бейиши де,
Дозағы.
Жер-анадан басқасының бәри де,
Бул дүньяда гөнереди,
Тозады.

## ӘРМАНЫНА БУЛ ӨМИРДЕ КИМ ЖЕТКЕН...

Әрманына бул өмирде ким жеткен?!
Адамда көп бийкар, босқа күни өткен.
Мен өзимди сезинемен
Бахытлы,
Ел исенип берген маған миннеттен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақылымның жетип,
Қолдан келгенин,
(Жақсы адамлар жақсы дейди өлгенин).
Бәрин еттим арқа сүйеп халқыма,
Исенгеним,
Ўападарым ел мениң.

Қанша бахыт қушсамдағы жердемен
Қарақалпақ деп аталған елде мен
Адам болдым.
Усы журттың көгинде,
Бир көринип кеткен мен де бендемен.

## СЫРЛАСАМАН ӨЗИМ МЕНЕН

Сырласаман өзим менен
өзим гейде оңашада қалғанда,
Сораў берип өзиме өзим
не боп атыр деймен мынаў жалғанда.
Менде алпыс жасқа шықтым
демде-ақ екен өмир-күни адамның,
Өтип кеткен жылларымның
болды ишинде зәҳәрден де, палдан да.

Өмир-жолдың сезсемдағы
қанша енди ақырына қалғанын,
Тәңир берсе көп жасайсаң
деп өзимди өзим бүгин алдадым.
Адам болыў ушын тынбай
көп қыйнадым жанымды да, сонда да
Биреўлердиң бахытына
мен көзимнин қыйығын да салмадым.

Сораўым көп өз өзиме
бул өмирде не иследим, не қойдым.
Гейде сөйтип отыраман
теңизине батып, шөмип мың ойдың.
Алпыс жастың асқарына
шықсамдағы әрманымды қуўалып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаўып кетип баратырман
мен ишинде таўдың, тастың, қыр, ойдың.

## ГҮЗ

Кирди жаздың қойнына гүз билдирмей,
Турсада ол өзинше көз илдирмей.

Қәпелимде ызғырық түсти де гүз,
Салқынласты дөгерек үстине муз

Кийген яңлы. Жапыраклар бопырады,
Кебир тартты жердиң де топырағы.

Қуслардың да өзгеше жуғырлысы,
Қурт, қумырсқа дегеннин қыбырлысы.

Күннен күнге келтерип күн дегенин
Қараңғысын қойылтты түн дегениң.

Самал жерде көтерди, шаң, тозаңың,
Кешегиден кешикти таң, азаным.

Сары менен малынған қыл қәлемди,
Сүртип тәбият бояды жер, әлемди.

Кирди жаздың қойнына гүз билдирмей.
Турған менен болмады көз илдирмей.

## АСЫҒАМАН

Асығаман ататуғын
Таңларыма алдағы,
Жангенеме батсадағы
Өткен күнниң салмағы.
Өмир-жолдың қай жерине
Жетерим де белгисиз,
Бул жағында алпыс жастың
Қанша демим қалғаны.

Асығыў бул албыраклап,
Емес алға жууырыў.
Бағдарыңды билип, билмей.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир-жолда шубырыў.
Асығыў бул тынбай шабыў,
Әрманыңның изинен,
Мийнет етиў, өз майыңа
Өзиңди өзиң қуўырыў.

Мақсетиме жетсем деймен,
Бар гезиңде күшимниң,
Өмирдиң де мәнисине
Жол ортада түсиндим.
Соңлықтанда асығаман.
Қәлемеймен қалғаның,
Шала болып ойлап жүрген,
Баслап қойған исимниң.

## ЖЕТИМЛИККЕ ӨШЕГИСИП

Жетимликке өшегисип
Өмир-жолға шыққанман.
Қалғып кетсем жүрегиме
Ар-ийнесин суққанман.
Қатарымнан қалмаўымда,
Табысларым ерискен,
Бул өмирдиң қыйынлығын
Бираз ерте уққаннан.

Ата, анамның әрўағына
Жүрдим бирақ сыйынып.
Өзиме өзим қатты болдым
Кетпеў ушын суйылып.
Жетиммен деп отырмадым
Көз жас төгип. Бийикке
Шыққан сайын сергеклестим.
Көргеним жоқ буйығып.

Жетимликти адамзаттың
Басларына бермесин.
Меннен басқа енди оны
Қайтып ҳеш ким көрмесин.
Ата,ана ул, қызлары
Адам болып кеткенше


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайып алып қанатларын
Қуслардай боп сүрмесин.

## КИМ КЕПИЛЛИК БЕРЕ АЛАДЫ.

Ким кепиллик бере алады.
тәғдирине ертеңги?!
Хәсиреттен мениңдағы
талай жаным өртенди.
Оның өзи турған жумбақ:
бахыт берип турып-ақ,
Аяғына жеткермейди
басқа тартқан көрпеңди.

Тәғдириңниң қай жағынан
не келерин билмейсең,
Биреўлерге тикенектей,
биреўлерге гүлдейсең.
Соның ушын мәнзилиңе
барып қайтып, ўақтында,
Рети кеп турған жерде
шалқып, ойнап, күлгейсең.

Бәле, қада деген нәрсе
аяғыңның астында.
Өмириңниң жолларында
дос, душпаның, қастың да.
Байқаўымша тәғдирдиң де
бар өзинше өлшеми,
Ойнақласаң от басасаң,
төгилесең, тастың ба?!

## ӨМИР ҚЫЗЫҚ

Өмир қызық абыр, сабыр
боп жатқаны, боп жатқан,
Жақсыға да, жаманға да
қуяш батып, таң атқан.
Биреўлерге байлық берип
қосып бирге бахытын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўлерге онын өзи
тийин, тебен санатқан.

Өмир қызық биреўлерге
берген болса жүз жасты.
Биреўлердиң жарасынын
аўзын алып дуз басты.
Түрли жағдай, биреў күлип,
Биреў жылап отырған
Кеше жыллы орны бардың
бүгин көрсең муз асты.

## ӨТКЕН КҮННЕН САБАҚ АЛЫП..

Өткен күннен сабақ алып,
жүрмен оқып, үйренип.
Жақсылығын үлги етип,
жаманынан жийренип.
Өйтпегенде бул гезлери
ўақыт атлы тулпардың,
Жатар едим аяғынын
астында мен ийленип.

Аға болдым халқыма да,
елимди де басқардым.
Арасынан өттим талай
таўлардың да, таслардың.
Өткен күннен сабақ алып,
оқып, билип, үйренип,
Бийигине шығып турман
алпыс атлы асқардың.

Өмириме алдымдағы
исенимли қарайман,
Әрман-жолдың биразына
деп жүриппен жарайман.
Өткен күнниң сабақлары,
оннан алған илимим,
Жақтартыр күнлеримди
жас қайтыўдан қарайған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАТАЎЫМ СЕН ҲАҚҚЫНДА

Қаратаўым сен ҳаққында
Және мениң қосығым.
Жаның менен сезип турсаң.
Кеўилимниң босының.

Ел дегенде ағыламан
Жүрек, баўырым елжиреп.
Туўған жерди улығлаўға
Мәртлер керек, ер жүрек.

Қаратаўым байлық жатқан
Жерлеримниң қақпағы.
Ел хызметине таяр турған
Азаматтай сaптағы.

Маңлайына питкен елдиң,
Күни ертеңги бахтысаң.
Сен Қаратаў болған менен
Маған айдай жақтысаң.

## АТА, АНА ҚУШАҚЛАРЫН КЕРЕДИ....

Ата, ана қушақларын кереди
баласына. Дүньяда ең кереги!
Бирақ үйли, жайлы болған ул, қызы,
Ал олардан қашықласа береди.

Басқа түскен нәрсени көз көреди,
Жақсылықтың жақсылықта дереги.
Өз отаўын тиккен улың, қызыңның,
Аралары узақласа береди.

Өмир солай.
Ата, ананың жүреги
Ул деп, қыз деп соғар
Перзент тиреги!
Ал олардың жалғастырып арасын,
Ақлықлары келип, кетип жүреди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘРМАН-ЖОЛДА ТЫНБАЙ ШАЎЫП...

Әрман-жолда тынбай шаўып келемен,
Елге хызмет етемен көп еле мен.
Адамлардың тил тийгизген халқыма,
Қолларында
Ким болса да өлемен.

Туўған жерди көтеремен басыма,
Жүгинемен топырағына,
Тасына.
Адамларды миллетимнен мин тапқан,
Жолатпайман көз тиримде қасыма.

Өз журтыңа не жетеди айтыңлар,
Жақсыдан да,
Жаманнан да қайтым бар.
Билип, билмей тил тийгизип елиңе,
Ҳәсиге де кеткен болсаң қайтыңлар!

## АҚЛЫҒЫМ РАЎШАНДЫ ЕСЛЕП

Он бир жаска шықтың бүгин баўырым,
Билсемдағы бул өмирдиң аўырын,
Мен буншалық деп ойлаган жоқ едим,
Көрсемде оның талай үргин,
Даўылын.

Басқа елге сени алып кеткели,
Демде зуўлап төрт жылдың да өткени.
Соннан бери қабырғамның жүйлерин,
Ҳәсиреттиң сол сөткени,
Сөткени.

Сағaн деген сағыныштан сарғайдым,
Мүшкил маган таўсылыўы хәр айдың.
Сен кеткели баласынан айрылған,
Шырлап жүрмен анасындай торғайдың.

Көз алдымда турсаң өзиң бүгин де,
Сен кеткели мениң өмир жүгим де


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ауырласты.
Бар биракта үмитим,
Көрисиўден аман болсаң түбинде.

Көптен бери хабар, атар өзиңнен,
Болмаған соң жүрек, баўырым езилген.
Сүўретиңнен сағынышлы қараған,
Айналайын Раўшаным көзиңнен.

## ЎАҚЫТ БИЗДИ ӨЗИ МЕНЕН

Ўақыт бизди өзи менен
бирге алып ағады.
Өмир берип, оны да ол
шамдай етип жағады.
Нызамлары қатал оның
шетке шыққан адамды,
Аямайды, қара жерге
қазық яңлы қағады.

Өмир деген қайнап атқан
еслетеди табаны.
Ўақыт оның астын көсеп
тынбай отын жағады.
Адамларды елим, халқым
деп жанларын қыйнаған,
Ертели, кеш атақ, даңқтың
өзлери излеп табады.

Абырайдың, даңқ, атақтың
кимге керек жалғаны.
Ондайлардың кепек қурлым
болмайды да салмағы.
Адамның да бул дүньядан
өткеннен соң кимлигин,
Өлшейтуғын өлшеўиши,
изинде не қалғаны!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЫРНАЛАР

Суўға толды бәҳәрде көп жылғалар,
Кең даламда жасыл майса ырғалар.
Таслап кеткен көллерине гүздеги,
Қайтып келип қонып атыр тырналар.

Туўған көлин сағыныпты сарғайып,
Биразлары қалған соннан тарбайып.
Жер үстиниң бәри олардың Ўатаны,
Онның ушын тырналарда барма айып?!

Және бәҳәр,
Қулдырап жаз өтеди,
Бир-бирине тырналар наз етеди.
Ажыратылған қысқа ўақыт ишинде,
Қумарларын тарқатып ҳәз етеди.

Өзлеринше сырласады олар да,
Унамаған жерге қайтып жоларма?!
Ким биледи,
Аймаласып атырып,
Абайланлар дейме ушып, қонарда?!

Суўға толды бәҳәрде көп жылғалар,
Кең даламда жасыл майса ырғалар.
Таслап кеткен көллерине гүздеги
Қайтып келип қонып атыр тырналар.

## ӨТКЕН КҮНГЕ ОЙ ЖУЎЫРТЫП

Өткен күнге ой жуўыртып,
қарадым мен бүгин де.
Әрманым көп жатқан еле
жүрегимниң түбинде.
Сонлықтан да баратырман
мақсетиме қулшынып,
Қалмайын деп қатарымнан,
қосықта да, илимде.

Сөйтип мениң өткен күнге
гейде кеўлим толмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай ўақта жаным сызлап
кейпим, мазам болмайды.
Усындайда ата, анамның
рухлары, сеземен,
Баласына медет берип,
мени өзлери қоллайды.

## САҒЫНДЫМ

Өмир-гүзи түсип мениң бағымның,
Сарғыш тартты жапыраклары жанымның.
Көптен бери аңсап жүрген баралмай,
Бала болған аўылымды сағындым.

Қыйын күнде тек өзиме шағындым,
Арасынан өттим талай сағымның.
Қушағында әкем менен анамның,
Бала болған дәўранымды сағындым.

Өмир-жолда тыным таппай сабылдым,
Ел, халқыма,
Туўған жерге табындым.
Жүргенимде сөйтип мени мәңгиге,
Таслап кеткен жаслығымды сағындым.

Көзлериңниң отларына бағындым,
Берген ўәде, сөзлеримнен табылдым.
Тумлы, тусқа қанатлары қатайып,
Ушып кеткен досларымды сағындым.

Өмир-гүзи түсип мениң бағымның,
Сарғыш тартты жапыраклары жанымның.
Көптен бери аңсап жүрген баралмай,
Бала болған аўылымды сағындым.

## ЕЛЕ ТАЛАЙ ОЙДАН, ҚЫРДАН ӨТЕМЕН

Еле талай, ойдан қырдан өтемен,
Парызым көп өтелмеген,
өтеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрман-жолда егленердей мен емес,
Мақсет еткен мәнзилиме жетемен.

Қыйынлықтың жағасынан аламан.
(Көп нәрсеге қанық болған баламан).
Қарақалпақ деп аталған мен елдиң,
Қушағында мәңгиликке қаламан.

Усы журтта бахытым да,
қайғым да.
Жарығы да,
Қараңғысы айдың да.
Өмир-жолдың қиятырып айырым,
Жерлеринде тайғанадым,
Тайдым да.

Еле мениң көп питпеген ислерим.
Бармақты да талай мәрте тиследим.
Өмир басқа болар еди көз болса,
Көретуғын адамлардың ишлерин.

## ӘРМАНЛАРЫМ ШАҚЫРАДЫ

Әрманларым шақырады
мени алдыма тындырмай.
Ул, қыз ғамын ойлай берип,
басым мениң мыңғырдай.
Өмир-жолдың қыйынлығын,
жеңиў ушын шыдамлы,
Болыў керек қара сорда-ақ
өсе берер жыңғылдай.

Қалмаў керек ярым жолда,
ондай өмир өмирме?!
Өйтетуғын болсаң неге
келдиң мынаў өңирге.
Мен халқымның төзимине,
қайыл қала беремен,
Боян деген өсимликтей,
өсе берер кебирге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай жағдай болсадағы,
айтыў керек дурысын.
Әдилликти шынлық пенен
орнатыўға тырысың.
Унатаман адамларды,
әрман-жолда тынбаған.
Күни өтсе күним артық
деген өмир қурысын!

## ЕЛИМ ДЕП МЕН ЕМИРЕНГЕН АДАММАН

Елим деп мен емиренген адамман,
Киши пейил,
ҳақыйқатшыл,
ҳадалман.
Орынсыз сөз сен ҳаққында айтылған,
Жүрегиме қанжар болып қадалған.

Туўған жерим сениң менен адамман.
Өзиң барда мениң ҳеш ким жағамнан
Алмақ түўе,
Жолай алмас қасыма,
Сен болмасаң онда мен де тамамман.

## МАҢЛАЙЫМНАН СЫЙПАР ЕДИҢ

Маңлайымнан сыйпар едиң,
анажаным, егер өзиң болғанда.
Бул өмирге кеўил қурғыр,
деген нәрсе туўды, питти толғанба?!
Алпыс жасқа шықтым мен де,
сонлықтан да бул жағында сен енди,
Мениң емес, ақлық шаўлық-
-ларымның бол тилегинде оннанда.

Солар менен өмиримиз,
екеўимиздиң даўам ете береди.
Көрмегенди туўған жерде,
өзиң, мениң —олар енди көреди.
Бул дүньяға жарық мынаў,


www.ziyouz.com kutubxonasi

шыққаннан соң адам болып, анажан,
Бизлерге де усы еди ғой,
тиришилик питкеннен соң кереги.

Өмир солай оның өзи,
дөңгеленип турған нәрсе айланып.
Оған хеш ким, хеш қашан да
шырматылып қала алмайды байланып.
Бәримиз де өткиншимиз
сонлықтан да мынаў жердиң үстинде,
Адамлардан кете берер
мәңгиликке қуяш қалып, ай қалып.

## ЖЫЛАТЫП ТА БУЛ ӨМИР, КҮЛДИРЕДИ

Жылатып та бул өмир,
Күлдиреди,
(Алдындағы ертеңин ким биледи?!)
Бахыт берип турып-ақ, кәпелимде,
Жүрек, баўырын адамның тилдиреди.

Ўақыт — жүгин иснанның үстине артып,
Турмыс ийти тындырмас тислеп, тартып.
Қара тер боп мийнет те еткенде көп,
Көрген емес биреўлер ислеп жартып.

Биреўлер бай,
Биреўдиң наны ууайым,
Айға барып салмақшы биреў жайын.
Өмир деген нәрсе емес үлестирип,
Теңдей етип хәр кимниң берер пайын.

Ким не қылса өзине қылып атыр,
Қасқырлары қасқыр боп улып атыр.
Саўап иси адамды иймаңлы етип,
Жаманлығы терисин сылып атыр.

Өмир деген усындай мың қубылған,
Шадлық пенен қарылған,
Уўы уўылған.
Бул жалғаншы дүньяда бахытлы боп,
Өлгенинше, қәне айтың, ким туўылған!?


www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕН ӨМИРГЕ АШЫҚПАН

Мен өмирге ашықпан
билгели усы есимди.
Әрман-жолда жуўырып
табанларым тесилди.
Жаслығымның бағында
талай гөззал қызлардың,
Бурымлары жипектей
мойыныма есилди.

Өз ақылым менен мен
бахытымды жараттым.
Басшы да боп елиме,
журтты аўзыма қараттым.
Жақсылыққа жумсадым
бар билимим, күшимди,
Илимниң де нурларын
туўған жерге тараттым.

Ел тағдири менен де
жасап жүрмен толғатып.
Кемислиги суўдың да
атыр оны сорлатып.
Көз алдымда Аралдың,
қурып кетип, жоқ болып,
Баратқаны бәринен
тур жаныма сол батып.

Мен өмирге ашықпан
көзлеримди жумғанша,
Изим еле түспеген
бирақ онда шың қанша?!
Асығыспан сонлықтан,
Демиме де ең соңғы,
Билип болмағанлықтан
қалғанлығын күн қанша?!

## ҚАЛАР, ҚАЛМАС ЕЛ ИШИНДЕ СӨЗЛЕРИМ...

Қалар, қалмас ел ишинде сөзлерим,
Бир нәрсеге анық жетти көзлерим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ул, қызының ойлап жүрип тәғдирин
Ата, аналар умытады өзлерин.

Толтырады көз жумғанша кемисин.
Бақ, дәўлети деп жүреди-жеңисим.
Қалмаўы ушын енди олардың сүрнигип,
Қыдырады өмир-жолдың тегисин.

Бул дүньяға шыққандағы көргени,
Әрманының шыңы олар жердеги.
Не ислесе солар ушын барлығы,
Өмир бойы жыйнағаны,
тергени.

Өмирлерин етиў ушын зыяда.
Қыз перзентин қондырады қыяға.
Ержеткен соң қәйткенде де сыймайды,
Енди олардың барлығы бир уяға.

Өмир ғой бул,
Усындайдан жаңарып,
Батқан қуяш атар таң боп ағарып.
Бахытлы да ата, ана көп, әттең-ай,
Жүргенлер де кеўиллери қабарып.

## ТӘҒДИР МЕНИ ТАЛАДЫ ДА

Тәғдир мени талады да,
басымнан да сылады.
Қайсарлығым, шыдамлығым
мүмкин оған унады.
Әдилсизсең депте оның,
өзине мен шағындым,
Еситердей дәртлеримди,
болмаса да қулағы.

Биреўлердиң жек көргени,
биреўлердиң көзине,
Ай көринип исенеди,
барлық айтқан сөзине.
Усындайдан жуўмақ етип,
деп турғандай тәғдирде,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр бир адам қай ўақтада
беккем болсын өзине.

Сонлықтанда ҳәр биримиз
өзимизге қарайық.
Биреўмиздиң күнимизге
биреўимиз жарайық.
Тәғдириңе жазылғаны
болады да, қәйтемиз,
Дегенлердиң өмир-жолы
бара берер тарайып.

## ҲЕШ КИМГЕ ДЕ БАСЫМДЫ ИЙИП...

Ҳеш кимге де басымды ийип көрмедим.
Өмир-дәрья ағысында өрледим.
Ес билгели әрманымның көгине,
Шығыў ушын қанатымды сермедим.

Сонлықтанда қалғаным жоқ қатардан.
Мени алдыма шақырады атар таң.
Ўақыт зуўлап бийигинен қуяшым,
Асырылды.
Демим питсе батарман.

Көргеним жоқ ҳеш биреўге жағынып,
Өстим текте туўған жерге табынып.
Өз елимнен шыға қойсам еки ели,
Қайтып жүрмен ақлығымдай сағынып.

Ҳеш кимнен де жәрдем сорап көрмедим,
Жалған,
өсек сөзлерге де ермедим.
Жетиў ушын бийигиме гөзлеген,
Жанымның да тынышлығын бермедим.

Сол себепли табысларым көп мениң,
Бунның бәри маңлайдан тер төккеним.
Сондадағы мен өзимди өмирдиң,
Арбасына сол жеккеним,
Жеккеним.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРИҢШЕ БАСЫҢА

Өмиринше басына
бахыт қусы қонбайды.
Күйик болған дәрттинде
бар онында ақыры.
Кемисин де, қутығын
бул дүньяның оңлайды,
Хызмет етсе адамның
жақсылыққа ақылы.
Әттең, бирақ оның да
нәрсеси көп ойлаған.
Анаў, мынаў дегенге
көзлери бар тоймаған.
Жақсылықтың жаманлық
минип алып үстине,
Көрип жүрмен, жеңисин
ол да өзиниң тойлаған.

## КЕШИРЕК ОТАЎ ТИКСЕМ ДЕ

Кеширек отаў тиксем де
Кеттим мен демде-ақ жетилип.
Қабырғам жүйи биракта
Қалайын деди сөтилип.
Әрманларымның көбиси
Иске асты, менде сонлықтан,
Тийкар жоқ хеш бир отырар
Өмириме өткен өкинип.

## ҚУЎАНЫШЫН БҮГИНГИ ТОЙЛАҒАНДА

Қуўанышын бүгинги тойлағанда,
Айдынына өмирдиң бойлағанда,
Кең дүньяның ертеңги тарайыўын,
Бул адамзат дегениң ойлағанба?!

Барлық бәле көзлери тоймағанда.
Жақсылыққа жақсы ат қоймағанда.
Жеңилирек өмирде болар еди,
Хәр бир адам иманын ойлағанда.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУЛ ӨМИРДИҢ ПАЛЫНАН

Бул өмирдиң палынан
Кимниң келмес татқысы.
Әрман-жолға түседи
Маңлай тердиң жақтысы.
Мынаў турмыс дегенде
Не жоқ дейсең, бар оның,
Ашшысы да, душшысы,
Жумсағы да, қаттысы.

Инсанлардың басынан
Бәри усының өтеди.
Әрманына биреўлер
Жетпей, биреў жетеди.
Адамлардың көбиси
Мынаў жалған дүньядан,
Не ислеп, не қойғанын
Билмей өтип кетеди.

## ГҮЛ ӨСПЕЙДИ ЖАРЫҚ КӨРМЕЙ...

Гүл өспейди жарық көрмей,
Күн көрмей.
Гүзги аспан тураалмайды түнермей.
Өмир келте, сонлықтанда көп оннан,
Өтип атқан ҳеш кимде боп үлгермей.

Өмирде бул жағып қойған тандырдай,
Көз жаслар да жаўып атыр жамғырдай.
Сонлықтанда адам да көп,
Изинде,
Кетип атқан бирде белги қалдырмай.

Бола алмайды ҳеш кимде онда мәңгилик.
Тиришилик ҳәм қуўаныш,
ҳәм бүлик.
Мынаў жерде ҳәмме ушын бирдей боп,
Қуяш батып,
Турады атып таң күлип.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОҒЫЗЫНШЫ АҚЛЫҒЫМ ТУЎЫЛҒАН КҮНГИ ОЙЛАР

Өмир деген усылай
Барады екен жалғасып.
Кеттим мен де бул күнде
Бираз жерге, жол асып.
Тоғызыншы ақлықтың
Бул дүньяға келгени,
Тәңиримниң өз улын
Киятқаны қолласып.

Сөйтип ойлап ишимнен,
Қуўаныштан толқыдым.
Өмир-атлы кемемди
Алып ушып желқомым
Толтыр дейди орынын
Жиберилген жаслықта,
Бирең-сараң қәтениң,
Кемис, қутық, олқының.

Бәриңизге мен бүгин
Бахыт, дәўлет тиледим.
Алшы түс деп тәғдирдиң
Асықларын үледим.
Бирақ өмир-өмирге,
Уқсамайды адамда,
Урынып тур геўдемде
Соны билген жүрегим.

Туўысқанлар жыйналып
Ислам қойдық атыңды.
Мен хеш кимге билдирмей
Жаздым қосық-хатымды.
Төрт ағаң бар алдыңда,
Төрт апаң бар, баўырым,
Ес билген соң билерсең,
Кимсең, хаслы затыңды.

## ШАРШАҒАНЫМ ГЕЙДЕ УСЫ

Шаршағаным гейде усы сезилгендей,
Тула бойым болады езилгендей.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслық пенен арасы
ғаррылықтың,
Жақын екен, ойласам, көз илгендей.

Күнлер қуўып бир бирин зымырады,
Айлар жылға жетсем деп жуўырады.
Нәтийжеде жаслықтың
Күлин көкке,
Көзди ашып жумғанынша суўырады.

Сонлықтанда бәрине үлгериўим,
Керек мениң ертеңге гүл бериўим!
Шаршаўды да сезилген
Жыйнастырып,
Өзимди де тезирек меңгериўим.

## ҚОСЫҚТЫҢ ТУЎЫЛЫЎЫ

Аңсатлықта жыр-қосық туўылмайды.
Бирақ қара терге де жуўылмайды.
Мен шайырман деп жүрген адамларды,
Көре қойсам жүрегим суўылдайды.

Келмейди ол жақыннан,
алыстанда.
Жигит пенен қыз туңғыш танысқанда,
Туўылады қосықлар.
Жүреклери,
Бир биринен тутанып алысқанда.

Туўған елди,
Ўатанды сағынғанда,
Жерге, киндик қан тамған, табынғанда,
Туўылады қосықлар.
Сүйиклиңниң,
Көзлерине ың-жыңсыз бағынғанда.

Һәййиўинен айтылған аналардың,
Күлкисинен,
Бахтынан балалардың,
Туўылады қосықлар.
Оның өзи,
Сөзи де емес қалдырған даналардың.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип қосық дегениң туўылады,
Жан нурына шайырдың жуўынады.
Шықпаса ол дейдинен, онда оның,
Жаны күйип,
Кеўили суўынады.

## АЎЫЛЫМ

Күннен күнге сен меннен алыслайсаң,
Аўылластан маған ғой аўыспайсаң.
Билип жүрмен,
қатарым сийрексиди.
Бирақ өзиң деминди таўыспайсаң.

Ўақыттан да,
дәўирден қалыспайсаң,
Жулқынып та,
урынып жарыспайсаң.
Кеткен адам өзиңнен жуз жылдан соң,
Қайтып келсе оған да таныстайсаң.

Сезип турман ишиңнен даўыслайсаң,
Мениң менен дейсеңбе табысқайсаң!
Булқып аққан Әмиўиң ойымдағы,
Сол баяғы өзиме жағыстайсаң.

Ойларымнан өткердим усыларды,
Ғаррылықтың суўықта,
қысы қарлы.
Өз уясы ҳәр кимниң, өз қорғаны,
Туўған жери жанының ысынары.

## ТӘҒДИР ЕКЕН

Тәғдир екен көрдим еки дүзимди,
Бири қуўрап сабағынан үзилди.

Оның ақтан көбирек еди қарасы,
Жанына да батқан еди жарасы.

Сонлықтан ол узақ жасай алмады,
Жүзекилик басын оның жалмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азатлыктын еӊ биринши кунинин,
Гуўасыман тунғыш ғумша-гүлинин.

Еркинликтиӊ атқан сонда таӊынын,
Оны күткен кеўиллердиӊ хағынын.

Көрди көзим қуўанышты,
Бахытты.
Ғәрезсизлик басланған күн -ўақытты.

Ел басына қумай қустыӊ қонғанын,
Соннан бери ислеринин оӊғанын.

Көрип жүрмен анық мақсет, жолымыз.
Татыў журтпыз, көкиректе қолымыз.

Тәғдир екен көрдим еки дүзимди,
Бири қуўрап сабағынан үзилди.

Екиншиси,
Азат елим өзимниң,
Ғәрезсизлик қарашығы көзимниң.

## ӘМИЎ–АНА КҮНИМИЗГЕ...

Әмиў-ана күнимизге
Жарап турған өзиӊсеӊ.
Өмир ўайран болар егер,
Сен азырақ көз илсеӊ.

Адамныӊ да, даламныӊ да
Бойындағы қанысаӊ.
Тиришилик деп аталған
Қыбырлыныӊ жанысаӊ.

Шигитисеӊ ақ пахтамныӊ
Бийдайымныӊ дәнисеӊ.
Қарақалпақ журтыныӊ сен
Шадлығысаӊ, сәнисеӊ.

Сени кушып анамдай ғып
Аймалағым келеди.
Көрсем ағып турғаныӊды
Бойыма күш енеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ултанында бир уртлам да
Суў қалмаған гезлери,
Усы аўҳалға алып келген
Кимселердиң көзлери

Ағып түскей деп тилеймен.
Кеўилимде жаманлық,
Сақлаған мен жан емеспен,
Ойлағаным аманлық.

Әмиў-ана күнимизге
Жарап турған өзинсең.
Өмир ўайран бола жақтай
Сен азымаз көз илсең.

## ҮМИТ ТОЛЫ АҚ ТАҢЫМ

Үмит толы ақ таңым
Және бүгин атпақта,
Ҳадал жаным қуяштың
Нурынан нәр татпақта.

Қандай шийрин бул өмир,
Қандай қыйын бул өмир,
Ҳәсиретке, шадлыққа
Толы-ақ екен бул өңир!

Бахыт қушқың келеди
Бирақ олда жырақта.
Сарқылмай-ақ көмилип
Атқанда көп булақ та.

Ертеңинен бир тәўир
Нәрселерди күтесең ,
Әрман-жолда жаныңды
Жүндей етип түтесең.

Келешектен үмитин
Үзген күни адам да,
Бул өмирдиң ол ушын
Болған жери тамам да.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Үмит толы ақ таңым
Және бүгин атпақта.
Ҳадал жаным қуяштың
Нурынан нәр татпақта!

## АҚЛЫҒЫМ ИСЛАМҒА

Жылама, жаным,
Анаң да, әкең қасыңда.
Дегени усы
Бахыттың қусы басыңда.

Үйимде байрам
Қырқыңа сениң шыққаның.
Булда бир дәўлет,
Сол болды мениң уққаным.

Демде-ақ, күним,
Бирге де еле толасаң.
Анаңның бахты,
Әкеңе қуўат боласаң.

Жылама, жаным,
Уйқыға әбден тойып ал,
Анаңның бираз
Мазасын алдың, қойып ал.

Дүньямның бәри
Сеники, жыйған тергеним,
Жақсылық болсын
Өмирде барлық көргениң.

Сен ушын жазып
Отырман қосық-хатымды.
Болсын деп уллы
Ислам деп қойдық атыңды.

Болғайсаң, жаным,
Ылайық усы уллы атқа.
Хызметиң менен
Елиңе медет, қанат та.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылама,күним,
Әкең де, анаң қасында.
Дегени усы
Бахыттың қусы басында.

## ӨМИР АТЛЫ ТАР ЖОЛ, ТАЙҒАҚ КЕШИЎДЕ...

Өмир атлы тар жол,
Тайғақ кешиўде,
Барлығы бар:
Жанып,
Сөнип,
Өшиў де.
Мәкан басып аўыл болыў,
Ел болыў,
Арқаланып посып,
Қонып,
Көшиўде.

Өмир атлы тар жол,
Тайғақ кешиўде,
Барлығы бар
өлим,
өнип,
өсиўде.
Дос боп жүрип ойламаған жерлерде,
Душпан болып ала жипти кесиўде.

Өмир атлы тар жол,
Тайғақ кешиўде,
Қыйынлық көп тәшўишлерди шешиўде.
Ескеклерин бирақ турмыс-кемениң,
Байланыслы қалай, қәйтип есиўге.

## ҚАТАРЛАРЫМ БАРАР МЕНИҢ КЕМЕЙИП

Қатарларым барар мениң кемейип,
(Оның менен қалмайды жер кеңейип).
Сонлықтанда тирисинде көзлердиң,
Бир биреўди айға,
Күнге теңейик.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Мархум болған бул дүньяға қайтпайды.
Ол жактада не боп атыр айтпайды.
Өмирдиң де хәсирети,
Қайғысы
Енди олардың жанларына батпайды.

Соның ушын бул өткинши жалғанда,
(Оған келген адам мәңги қалғанба)?!
Ортақласып қуўанышын дослардың,
Медет болың шаршағанға,
Талғанға.

Досларымнан жарымады қалып та,
(Тиришилик талпынады жарыққа).
Аман болсын елим мениң тилегим,
Өмир-булақ
Көзи оның халықта.

## ЖЕР УЯСЫ ӨЛИНИҢ ДЕ, ТИРИНИҢ

Бул өмирге бәримизде қонақпыз,
Искер болсақ,
Биреўимиз олақпыз.
Сөйте тура жер байғусқа күн бермей,
Шыға сала оны да биз талапбыз.

Биреў кесип,
Биреў оны теседи,
Тасы керек,
Биреўлерге кесеги.
Жердиң ишин қанша ақтарса, сонша ма,
Биреўлердиң кеўиллери өседи.

Жер уясы өлиниң де,
Тириниң,
Узынның да,
Келтениң де,
Ириниң.
Сондадағы төгип атыр биреўлер,
Жер-анаға жуўған суўын кириниң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қурып кетсин жердиң көрген күни де,
Қыян кески күндизи де,
Түни де.
Бүйтип азап көре берсе оның да,
Шығатуғын шығар сирә тили де.

## БУЛ ӨМИРДЕ ТЫНЫМ ТАЎЫП КӨРМЕДИМ.

Бул өмирде тыным таўып көрмедим,
Шынын айтсам тынышлығын бермедим
Мен жанымның.
Жумыс,
Илим,
Қосықтан,
Болғаны жоқ мениң басқа ермегим.

Ўақыт-дәрья ағысында өрледим,
Өсек,
Жалған сөзлерге де ермедим.
Жетиў ушын бийигиме гөзлеген.
Өмир-жолда қаратер боп терледим.

Көкке әрман-қанатымды сермедим.
Таяныщым болды бәрҳә ел мениң.
Аяғымды қыяда мен баспадым,
Өзгениң де бағынан гүл термедим.

Өмиримниң өтти солай көбиси.
Әлле қашан тамамланды егиси.
Бәҳәрден соң жаз да,
Гүз де демде екен.
Артта қалды жолларымның тегиси.

## ТИРИШИЛИК ДЕГЕНИҢНИҢ БӘРИ ӘРМАН

Тиришилк дегениңниң бәри әрман.
Адамыйзат мухаббаттан нәр алған.
Мынаў дүнья ең әўелде,
Басында,
Мийрим менен қәнәҳәттен жаралған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Кейин шыққан әзәзүл де,
Шайтан да.
Бузақы да,
Иш мерез де,
Қайқаң да.
Сондайлардың себебинен боп атыр,
Мынаў жердиң жүзиндеги ойқан да.

Усыларды көп ойлайман сарсылып.
Жаманлыққа еттим бәрҳа қарсылық.
Өмир басқа болар еди,
Бәрше егер,
Жасағанда уятсынып,
Арсынып.

## ЖАҚСЫ ДЕСЕК БИРЕЎДИ

Жақсы десек биреўди,
Жаман деймиз.
Ийи бослаў адамды сабан деймиз.
Жүрғенлигин аўырып еситсек те,
Болған жери оның да тамам деймиз.

Өсек пенен жалғанда сөзге еремиз.
Мың қубылып демде-ақ өзгеремиз.
Болар, болмас нәрсеге қасарысып,
Жүзлеримиз қуўарып,
безеремиз.

Инсанлардың усындай тәбияты,
Жоғы да бар,
Бары да ар, уяты.
Буннан басқа нәрседе көп адамда.
Айтыўға да, тилге де қыйын аты.

## БИРЕЎЛЕРДИҢ ТАЛАБЫ КЕЛИСПЕЙДИ.

Биреўлердиң талабы келиспейди,
Ҳеш нәрсеге өмирде ериспейди.
Қандай жағдай болса да қол силтемен,
Болмаса деп.
Болмасын терис мейли.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңиңнен жасаңлар үмит етип,
Жақсылықты жүриңлер үгит етип.
Өзиңдики болмаса,
Басқалардың,
Жүрек, баўырын кетпеңлер тилик етип.

Хәрекеттен дүнья да ысынады,
Олсыз жаны оның да қысылады.
Жасаў ушын талпыныў керек алға,
Өмир-үмитсизликтен ушынады.

## ӨМИРИМНИҢ ҚЫЗЫЎЫНЫҢ

Өмиримниң қызыўының
Қалды бәри артымда.
Көп-ақ екен баса, басың
Сениң тарта, тартың да!
Бахытлы да, шадлық қушқан
Болды мениң күнлерим,
Хәсиреттиң қайғы отына
Писип, шыққан партым да.

Алпыс жастың асқарынан
Түсип кетип бараман,
(Қолына да улдың, қыздың
қурсын күни қараған).
Мәпилик болып қартайғанша
Жасаў усы керек пе?!
Ес ақылы тоқтамаған
Парқың болмай баладан.

Сораўлар көп, жуўабы жоқ
Қыйнап жүрген мени де,
Жанымды да қамап гейде
Аламан мен келиге.
Өмир сүрсем болады деп
Ойлап қойдым ишимнен,
Пайдам тийер күшим барда,
Туўған жерге, елиме!


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖӘНЕ БҮГИН БИР КҮНИМ

Және бүгин бир күним туңғыйыққа
Сүңгип мениң жоғалды қум, уйыққа.
Қала бердим изинен қарап оның,
Үлгермедим
Тартып та мен мыйықта.

Өтетуғын боп кетти күнлер демде,
Қалмайын деп олардан тынбай мен де,
Шаўып жүрмен.
Өмирде ким болса да,
Бул ўақыттың алдында бәри бенде.

Жыл қурайды жыйылып күнлер, айлар.
Тасып, қайтты мың мәрте жылға, сайлар.
Бәйгиде де хо анаў баратырған,
Кеше ғана туўылған бала-тайлар.

Жаңа әсирдиң он жылы өтейин деп,
Тур ғой олда келмеске кетейин деп,.
Менде жүрмен асығып
Ҳәр күниме,
Өтип кетип баратқан жетейин деп.

Сөйтип менде алпыстың асқарынан
Онында өттим ой,
Қыры,
Тасларынан.
Бир-ақ күн боп атырған өмиринде,
Не өтпейди адамның басларынан?!

## СОЛ ЖЫЛАЎЫ АДАМНЫҢ, СОЛ КҮЛИЎИ

Сол жылаўы адамның,
Сол күлиўи.
Қуўаныўы,
Шалқыўы,
Бүлиниўи.
Өзгермейди,
Тозбайды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Гөнермейди,
Жүрек бауырларының тилиниуи.

Сан мың түрли адамның қылуалары,
Қубылмалы назлары,
Жылуалары.
Болсадағы.
Тозбайды,
Гөнермейди,
Миллетлердиң мухаддес тулғалары.

Тиллери бир қайғының,
Қуаныштың,
Кеуиллерге орнаған жубаныштың.
Қанатында бахыттың қай миллеттиң,
Болсадағы түсинип бирге уштым.

## ӨТКЕНДЕ КӨП ӨМИРДЕН ӨЗИН БИЛМЕЙ

Өткенде көп өмирден өзин билмей.
Бул ҳаққында айтылған сөзлер зилдей.
Мынау жалған дүньяда,
Мен киммен деп,
Гей түнлери шығаман көзимди илмей.

Барлық ата тегимди биле алмадым,
Бала болып ойнап та,
Күле алмадым.
Бирақ тийди пайдасы бул өмирдиң,
Сабағынан керегин илеалғаным.

Әрман-жолда тынбадым,
Тыншымады,
Мийнет, манлай терлерим күн шууағым.
Шынлық егер бузылса оны да мен,
Айтып қоя беремен жоқ шыдамым.

Көбин өттим мен солай өмир жолдың,
Жақсыларға жолдас боп келе болдым.
Ийеледим басшы да лауазымлар,
Бирақ ҳәмел дегениң кири қолдың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өткенде көп дүньядан өзин билмей,
Кеўил аспан сыяклы,
Сезим гүлдей.
Бул өмирдиң мың түрли тәшўишинен,
Гей түнлери шығаман көзимди илмей.

## МҮМКИНШИЛИК БОЛА ТУРА ОЗБАҒАН..

Мүмкиншилик бола тура озбаған,
Үлкен қәте!
Жарыс мәңги, тозбаған.
Қуяш пенен айды,
Мынаў жерди де,
Барлығын да алдына өмир қозғаған.

Мүмкиншилик бола тура озбаған,
Бул кемшилик!
Өмир-жарыс,
Тозбаған.
Керек жерде бир бирине қолларын,
Адам емес адамлар да созбаған.

## КИМ САНАҒАН БИРЕЎДЕН ӨЗИН ТӨМЕН

Ким санаған биреўден өзин төмен.
Адам еткен адамды сезим деген.
Бирақ басқа не түссе,
Тәғдириңе,
Жазылғанын көресең көзиң менен.

Мен ақмақпан деп жүрген барма өзин.
Билмегенде адам көп айтар сөзин.
Көнип болмас нәрсеге көндиргенде,
Қудирети адамның:
Шыдам
Төзим.

## АТҚАН ТАҢ МЕНЕН

Атқан таң менен
Бөленип күнниң нурына,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийҳуш боп жатыр
Елимниң ойы, қыры да.
Енисип кетти
Тәшўиши менен дүньяның,
Әлемниң мынаў
Жумбағы менен сыры да.

Қуяштың нуры
Көктеги бултты аймалап,
Түскени суўға
Шашылды жерге тайғанап.
Сағынып қалған
Қуслар да оның шуғласын,
Көллерде ушып,
Қонып боп жатыр майқалақ.

Оянып ҳәмме
Жасаўға қайта киристи.
Баслады биреў
Кишкене, биреў ири исти.
Адамзат және
Жаңалық излеп өмирден,
Дүньяға сүңгип
Қулағын керип, түристи.

Атқан таң менен
Өмирге мен де қулшындым.
Турғанын алда
Билемен әрман-мың шыңның.
Ғаррылар өтсе
Әлемнен иси тәғдирдиң,
Қайғысы таўдай
Өлсе егер бала-қыршынның.

## ТӘБИЯТ

Қастерлейик адамлар тәбиятты,
Бизге берген өзи ғой ар, уятты.
Сораўларым көп еди,
Оған бирақ.
Және мыңын жаныма уялатты.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақтырмайсаң исиңе араласқан
Кимселерди.
Дейсең сен аўырыў астан.
Туқым салып қойнына топырақтың,
Унатасаң адамды мала басқан.

Инсан ушын бәрин де жаратыпсаң,
Күнниң нурын жерге де тарапсаң.
Ҳайўанлардың мың түрин дөретип сен,
Күшлисине ҳәлсизин талатыпсаң.

Қар боп борап,
Жамғыр боп қуясаң да.
Демде-ақ оны қәлесең тыясаң да.
Усылардың бәрин де бир мезгилде,
Дастурхандай қоясаң жыясаң да.

Биреўлердиң өмирин келте етесең,
Бағ, дәўлетин биреўдиң ерте етесең.
Өндиресең адамды,
өсиресең,
Өзлерине өзлерин жерлетесең.

## ЎАҚЫТ ДЕГЕН НӘРСЕНИ

Ўақыт деген нәрсени көз илмейди,
Урылса да таў, тасқа езилмейди.
Гүналарың ушын да
Ақырында,
Беретуғын жуўабын өзиң дейди.

Сөйтип күн боп,
Түн болып ушады да,
Бар алмастай өп өткир пышағы да.
Кескенлери жер менен бирге оның,
Сыйып кете береди қушағына.

Айландырар жерди ол шыр гүбелек,
Бирақ оның жоқ оннан жыры бөлек.
Ал өмирдиң мәңгилик болыўы ушын,
Ўақыт сиңген қуяштың нуры керек.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДҮНЬЯДА БӘРИ

Дүньяда бәри
Тур жылжып, ағып, қозғалып,
Сөнеди жанған
Соңында шоғы, көз қалып.

Күллери оның
Суўырылып көкке ушады.
Толмайды бирақ
Аспанның оған қушағы.

Барлығы кейин
Айланып жерге қайтады.
Көргени менен
Билгенин оған айтады.

Усылай етип
Турады жер де бир тынбай.
Күн көриў қыйын
Жанларға онда мырқымбай.

## ШАРШАТТЫ ӨМИР

Шаршатты өмир
Тәшўиши менен қаққышлап,
Көрдим мен оның
Түрлише отын жаққышлап.

Гезлери болды
Лапылдап өзи-ақ алысқан,
Бахтымның көби
Айланып келди алыстан.

Шаршатты өмир
Алдына салып айдап та,
Жоллардан өттим
Талай мен тар да, тайғақ та.

Ислерим болды
Келиспей артқа кеткен де,
Талабым оңып,
Табысқа қолым жеткен де.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаршатты өмир
Биракта еле қуўнакпан
Ўақыялар болды
Жанымды гейде суўлатқан.

Ишинен өттим
Турмыс деп атқан усынын,
Алпыстан кейин
Күшейтти ол да қысымын.

## ЖАҚСЫЛАРДЫ КӨРГЕНДЕ

Жақсыларды көргенде
Жаным мениң жайылар.
Ҳәр биреўдиң өзиниң
Жерде күни, айы бар.
Бирақ мынаў өмирде,
Ким болмасын, бәршениң,
Шадлықтан да, қайғыдан
Тийетуғын пайы бар.

Көп болғанда жақсылар
Мынаў жердиң жүзинде,
Қалмас па еди олардың
Ибратлы иси изинде.
Жаслығы өткен бийпайда,
Адамлар да балықтай,
Қырға шығып қалады
Өмириниң гүзинде.

## КӨЗЛЕРИҢНИҢ ПЕРЗЕНТ НУРЫ-ШЫРАҒЫ

Көзлериңниң перзент нуры,
Шырағы,
Өмир-гүзи гүлин жанның урады.
Ата, ананың қуўанышы,
Бахыты,
Улдың, қыздың, дәўлетинен турады.

Кеўилдиң көп жамаўы да,
Құрағы,
Өмир-күнниң сарқылады булағы.
Ата, ананың хәсирети,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайғысы,
Улдың, қыздың дәртлеринен турады.

## БУЛ ДҮНЬЯДА ҲӘР КИМ ОРНЫН БИЛГЕНДЕ

Бул дүньяда ҳәр ким орнын билгенде,
Шын жүректен қуўанғанда,
Күлгенде,
Өмир басқа болар еди дос, достың,
Қайғысына жүрек, баўырын тилгенде.

Шаң шығарса биреў тақыр жерден де,
Кеўиллердиң көп бурымын өргенде.
Өмир басқа болар еди,
Ҳәр кимниң,
Өз баҳасын тийислише бергенде.

## ЖАСЫ ҚАЙТҚАН ҲӘР БИР КҮНДИ, ҲӘР АЙДЫ

Жасы қайтқан ҳәр бир күнди,
Ҳәр айды,
Ойларынан өткереди, санайды.
Бес жыл бурын кеўли жақын адамлар,
Маған бүгин басқашарақ қарайды.

Қәриялар неге енди жарайды,
Биледи олар-өмир жолы тарайды.
Маған алпыс жас толғалы,
Биразлар
Бурынғыдан өзгешерек қарайды.

Қабартады сөйтип кеўил сорайды,
Шашларымды муздай самал тарайды.
Жаным сезер,
Маған усы бул күнде,
Улларым да басқашарақ қарайды.

## КӨП НӘРСЕДЕН ҚАЛҒАНДАЙМАН КЕШИГИП.

Көп нәрседен қалғандайман кешигип.
Болмайтуғын жерим де бар кеширип.
Өмир қыйын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәселе емес, ол бирақ,
Алатуғын биреўлерден көширип.

Болмас өткен өмир –күнди өширип.
Кетиўиң де мүмкин емес шешилип.
Жасаў ушын келисимге қосылып,
Кетиў керек енисип те,
Есилип.

## АҚТЫҢ АҚ, ҚАРАНЫҢ ҚАРА ЕКЕНИН

Ақтың ақ,
Қараның қара екенин,
Жанның да қайғы, муңнан жара екенин,
Адамды адам етип турған усы,
Уяты,
Намыс пенен ары екенин,
Пикирлер айтылса егер емин, еркин,
Шынлықтың,
Әдилликтиң бар екенин,
Аўырын өз елиниң арқалаған,
Жигиттиң мәртлигинде,
Нар екенин,
Журтынан,
Ўатанынан алыс жүрген,
Елиниң топырағына зар екенин.
Биразлар түсинбеди,
Түсиндирсем.
Кең деген дүньяның да сонда сездим,
Оның да ишиниң дым тар екенин.

## ТАСЛАЙЫН ӨТИРИКТИ ЖЕТИ БӨЛИП

Таслайын өтирикти жети бөлип,
Адамлардың жанына кетпей енип.
Бақлаўымша оған да биразлардың,
Баратқандай бул күнде ети өлип.

Өсекке де қарайман мен жийренип,
Ол да кирип жаныма,
Тур түйрелип.
Қарап турсам оған да көпшиликтиң,
Кеткен янлы бул күнде ети үйренип.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Қәдириң де, қымбатың өз елинде ........ 3
Халқым мениң ........ 3
Жылда бүгин ең узын түн болады ........ 4
Тиришилик ........ 5
Гейде күйип ........ 5
Айтып, шертип жүргеним ........ 6
Кеўил көзи ........ 6
Ески жылда өтип кетип барады ........ 6
Бала болдым ........ 7
Күн узайды ........ 8
Жолы өмирдиң ........ 8
Жер-ана ........ 9
Базарға барып ........ 9
Аўылымды ойлайман да жүремен ........ 10
Түсинбедим ........ 11
Жаңа жылдың босағасындағы тилеклер ........ 11
Дүнья ғой бул ........ 12
Болыў қыйын ........ 13
Тәшўишлерин ........ 13
Қыс сүўрети ........ 14
Сезим деген ........ 15
Тәшўишлери үйдиң ........ 15
Улларыма тилегим ........ 16
Қуўанышта, шадлықта ........ 17
Келеси күннен үмитли ........ 17
Илим, қосық болмағанда ........ 18
Кемшиликте, қәтеде ........ 19
Өмиримниң өткенин ........ 19
Қыздың жаны ........ 20
Жыр шырағы ........ 21
Қыймылдысын қасыңның, қабағыңның ........ 21
Өтти көби, бул жағында аз қалды ........ 21



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамлар-аўй ........................................ 22
Туўылыўын адам боп туўылыпбыз ........................................ 23
Өткен күнге ........................................ 23
Шашылдық мынаў жерге биз ........................................ 24
Отаў тиккен ер жетип қыз да, ул да ........................................ 25
Өмир-жолда сан-санақсыз жолаўшы ........................................ 26
Мәниси не, мазмуны не өмирдиң ........................................ 27
Бәҳәр, жаздың изинен ........................................ 27
Ояқтыда, буяқты көп ойлайман ........................................ 27
Қалған кеўил ........................................ 28
Тәғдир қолдан тасламас қағытғышын ........................................ 29
Сөз сүйектен, деген гәп бар, өтеди ........................................ 29
Ыразыман өзиңнен жаратқаным ........................................ 30
Биреў күлип, биреўлер ........................................ 30
Ертеңимнен жақсылық күтип ........................................ 31
Алпысыма келип қалды ........................................ 32
Көпке шекем бүгинде ........................................ 32
Тил ҳаққында ........................................ 33
Адам ........................................ 34
Қосық жолы ........................................ 34
Қосық жазбай кетипте көрдим ........................................ 35
Жырларым-аў ........................................ 35
Шалғайына мың ойдың ........................................ 36
Бүгинде күн ........................................ 37
Туўған жерди жырлаўдан ........................................ 37
Умытпады елим өзинди ........................................ 38
Төрт жағы қубла ........................................ 39
Ой-теңиздиң айдынында ........................................ 39
Жақынласты ........................................ 40
Наўрыз келди ........................................ 41
Қумлар, қумлар ........................................ 41
Өмир жанып ........................................ 42
Ким ойламас ........................................ 43
Ертең жақсы болады ........................................ 43
Нәрсе екен өмир ........................................ 44



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамларды өзге еллерде ........................................ 44
Кимлер усы әрманына жетеди ........................................ 45
Шығыў ушын аспанына елимниң ........................................ 45
Өмиримди мен халқыма арнадым ........................................ 46
Мениң гөззал сайранлаған ........................................ 47
Дүрс, дүрс еттиң жүрегим ........................................ 47
Баўырыма басқанда, қушқанларым ........................................ 48
Ақыл, есим тоқтағалы ........................................ 48
Бул дүньяның талай, талай ........................................ 49
Күнлер зуўлап барады ........................................ 50
Керегинше жүрегим ........................................ 50
Дос хаққында ........................................ 50
Өз елимниң ........................................ 51
Шашларымды гүмистей ........................................ 51
Бул дүньядан ........................................ 52
Қарызым көп, парызым ........................................ 52
Өмир деген ........................................ 53
Қайыспаспа адамның қабырғасы ........................................ 53
Бир де күлки, гейде ойын ........................................ 54
Билип болмас адамның ишиндегин ........................................ 54
Жумыста көп, машқала да ........................................ 55
Қайта алмайман артыма ........................................ 55
Өзиңе исен ........................................ 56
Жаманлығы, қыянети қурысын ........................................ 56
Өмирим-күним ағып тур ........................................ 57
Бийкар өткен күнлер ҳаққында ........................................ 58
Тәңирдиң де алдында, адамның да ........................................ 58
Бастан аяқ бул өмир ........................................ 59
Адамлардың елинен алыслаған ........................................ 60
Ғаррылықтың алдында турман мен де ........................................ 60
Жасырақсаң ........................................ 61
Ең болмаса бир жақсылық етиңлер ........................................ 61
Өмир сүриў деген не ........................................ 62
Ананың да балам деп жуўырғанда ........................................ 62
Ойлар, әрман мени ҳеш ........................................ 63


www.ziyouz.com kutubxonasi

Меннен аўлақ жүриң қайғы, уўайым .......................... 63
Қолдан келсе бул дүньяны .......................... 63
Қапылары тәғдирлердиң илиўли .......................... 64
Қыйналғанда .......................... 65
Бул өмирде ҳәр кимниң өз орны бар .......................... 65
Баслап қойған исимди .......................... 66
Сениң де мен төриңнен .......................... 66
Қалады .......................... 67
Жоллар, жоллар таўсылмас, шексиз .......................... 67
Бахыттың да қусы, билиң .......................... 68
Мен туўылған күнде .......................... 68
Ырыл, тырыл күним өтти бүгин де .......................... 69
Улың, қызың өзлерин .......................... 70
Өзи болмас алпысқа шығыўдың да .......................... 70
Аўырыў айтып келмейди .......................... 71
Елим деген адамлар .......................... 71
Анық мақсет болыў керек .......................... 72
Адамлардың бирин-бири .......................... 73
Қатар-қурбы, дос, яран тойға келди .......................... 73
Быйыл бәҳәр әдеўир-ақ .......................... 74
Ўақыт деген .......................... 75
Ўақыялар күтип турған жолдағы .......................... 75
Жуўырдың ба шаршайсаң да, таласаң .......................... 75
Барлығына аўылдың сол баласаң .......................... 76
Талай өмир дегенде жығылдым да .......................... 77
Кеўил деген бултлы, бултсыз .......................... 77
Бәри өмир .......................... 78
Өмир қатал, еркелесең .......................... 78
Перзент ушын .......................... 79
Туўысқан, туўған, ағайин керек .......................... 79
Усы елде, туўған жерде .......................... 79
Бәҳәримнен, жазымнан .......................... 80
Кеше ғана сен қыз един .......................... 80
Қыйын, аўыр талай күнлер .......................... 81
Ақсақаллар .......................... 81


www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки тәғдир .......... 82
Ул да, қыз да ержетип .......... 83
Бул дүньяда қәтесиз, кемшиликсиз .......... 83
Ҳийле менен өмирди .......... 83
Көпшилиги адамлардың .......... 84
Кеше келген қуслар да .......... 85
Ўақыт өтип баратыр .......... 85
Бес күнлик дүнья .......... 86
Ата, анаң әлпешлейди .......... 86
Усы мениң шынында .......... 87
Қалып кетти барлығы туў алыста .......... 87
Баўырыма басқым келип турады .......... 88
Көз алдымда аўыл, Әмиў .......... 88
Жолы адамның .......... 89
Туўған жерим .......... 89
Керегин излеп .......... 90
Еске алыў да, қәдирлеў күни .......... 90
Адам барма өлмейтуғын .......... 91
Тыным таппай .......... 91
Бир әкеден, анадан .......... 92
Ҳәр қәдемде өмирдиң сынаўлары .......... 93
Жаратылған бул дүнья .......... 93
Адам барма қәтесиз .......... 94
Дигирманы өмирдиң .......... 95
Аўылымның көриниси .......... 95
Бәри өмирде есапқа алынады. .......... 96
Қартаймаўдың жолы .......... 97
Улларыма .......... 97
Аралды сағыныў .......... 98
Ҳәр қәдемде бендешилик етемиз .......... 99
Жаслық ҳаққында қосық .......... 100
Жақсылықтың туқымлары .......... 100
Өмир деген, қарағым, усындай ғой .......... 101
Сөнгенинше қуяшта .......... 102
Еки мәрте дүньяға келеалмайды .......... 102


www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўған жерим қосығымда бүгинги .............................. 102
Анам сени бүгинде көп еследим .............................. 103
Ойламаған күним кем аўыл бетти .............................. 104
Әмиў дәрья бойындағы ойлар .............................. 105
Ақлықларыма .............................. 106
Алпыс жастың асқарына .............................. 107
Улларыма .............................. 108
Ғарры ат .............................. 109
Тақыр жерде-ақ өмирде .............................. 109
Күши адамның .............................. 110
Жаны басқа баланңның да .............................. 111
Бирдей емес, тендей емес ул, қызың .............................. 112
Тәбият .............................. 113
Өмир-булақ өлим-қумға қуяды .............................. 114
Қарақалпақ, таўың да қара сениң .............................. 114
Сарғаяды жүзлерде күн қақпаған .............................. 116
Не көрмедим өмир-жолда .............................. 117
Жақсылыққа толы кеуил-сарайды .............................. 117
Өз елиңе туўылған не жетеди .............................. 118
Бул өмирдиң жерлери көп дым қызық .............................. 119
Жер-ана ҳаққында қосық .............................. 119
Адамларды турған да адам етип .............................. 120
Көптен бери бир нәрсени бақлайман .............................. 121
Бүгинде мен шаршап .............................. 122
Гейде жанып жүрегим .............................. 123
Өлшем .............................. 123
Ҳәр ким өзи менен өзи .............................. 124
Өш алады .............................. 125
Соннан бери отыз үш жыл болыпты .............................. 126
Жанның ауырыўы .............................. 127
Айтқаныңның .............................. 127
Умытыўым мүмкин емес өткенди .............................. 128
Анамды еслеп .............................. 128
Жанған шамдай .............................. 129
Тилеп жүрмен .............................. 130



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үмит пенен таңы адамның атады ........................ 130
Жоқ ғой адам болмайтуғын қәтеси ........................ 131
Адамлардың бир биринен ........................ 131
Хәр бир адам өз бахытын ........................ 132
Бул дүньяда бахытлы да болыўың ........................ 133
Жағысыңа бүгин де келип турман ........................ 133
Қайғы да көп өмирде ........................ 134
Ўақытта бәри ағады ........................ 135
Үш күн ........................ 135
Аклыкларыма ........................ 136
Мойнақ қаласында туўылған ойлар ........................ 137
Кешке зорға жеттим мен ........................ 138
Өткен бәхәр ........................ 138
Аманлығы ел, халқымның байлығым ........................ 139
Мынаў өмир ........................ 139
Бала бақша жанындағы ойлар ........................ 140
Бул өмирдиң қайғысы да ........................ 141
Бүгин және еске түстиң аўылым ........................ 142
Тәўбе еттим ........................ 143
Ҳарма десем шаршағаның ........................ 143
Қабырғаны қайғы бар сөтетуғын ........................ 144
Елге деген мухаббатым ........................ 144
Ойланыңлар ........................ 145
Бәршемизде өмирге ........................ 145
Қыялыңа кеп жүрмесин муңлы ой ........................ 146
Кеуил-аспан демде-ақ қубылады ........................ 147
Бул дүньяның қызықлары ........................ 147
Перзентлердиң өз үйиниң ........................ 148
Жазғы жамғыр ........................ 149
Бул өмирде кимге ийек артасаң ........................ 149
Жүрегимде хәсиреттиң дағлары ........................ 150
Мың аўнақшып ........................ 152
Алпыс жасқа шыққаннан кейинги ойлар ........................ 152
Исеними күшли адам ........................ 153
Маңлай терсиз әрманлар ........................ 153



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосықларым мениң даўам етеди .......... 153
Ақлықлардың тойларын .......... 154
Қыйланғанда ким берер қолын .......... 155
Бул өмирде барлығы байланыслы .......... 155
Халық шайыры Ибрайым Юсуповтың
қәбири басындағы ойлар .......... 155
Қарақалпақ қызлары .......... 156
Әмиўдәрья бойындағы ойлар .......... 157
Өмир саған гәпим бар айтатуғын .......... 158
Ўатан .......... 159
Гүлдирмама .......... 160
Бала гезде дос та көп .......... 160
Күннен күнге, аўылым, алыслайсаң .......... 161
Аўылымнан бир көринис .......... 162
Түбинде бир бәри де сарқылады .......... 163
Аралдың да айдынына қонғанын .......... 163
Көргим келер бахтыңды .......... 164
Алпыс жаста бираз екен .......... 165
Қарақалпақ ҳаққында қосық .......... 165
Өмир-тулпар мудамы асығасаң .......... 166
Барлығыда күнлердей-ақ кешеги .......... 167
Бир күншенли болмай жыллар .......... 167
Гезек күтип турғандай .......... 168
Өмириниң қайжерлерге .......... 169
Адам деген дүньяға .......... 170
Сөзлериңниң болса дузы, салмағы .......... 170
Бүгинде мен .......... 171
Қыйын нәрсе тиришилик дегениң .......... 172
Ерназар алакөз бий .......... 173
Керек .......... 174
Ул, қыз десе .......... 174
Каффол аш-Шоший ҳәзирети иймам
(Ҳастиймам) зиярат жайындағы ойлар .......... 175
Сағыныштан сызлап жүр ғой жүрегим .......... 176
Бул өмирде тар да, тайғақ кешиў бар .......... 177



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким ап кеткен сол байлықтан ........................................ 177
Адамлардың исенемен сөзине ........................................ 178
Өмиримниң жүрмен бүгин гүзинде ........................................ 178
Билмейди ........................................ 179
Отырған күним болған жоқ ........................................ 179
Ақлығым Бабурға ........................................ 179
Аралды жоқлаў ........................................ 180
Өмир-дәрья дегениңниң ........................................ 181
Үйлениў тойы болып атырған жас жубайларға ........................................ 181
Тил ҳаққында ........................................ 182
Ул өсирип, қыз өсирип ........................................ 183
Бийкар босқа өткен күнди ........................................ 184
Бул өмирде жуўырасаң, шабасаң ........................................ 184
Өзиң менен ........................................ 184
Бул өмир деген ........................................ 185
Туўған жерим ........................................ 185
Қай жерлерге келгенде ........................................ 186
Өмир-жолда келемиз ........................................ 187
Жоллар ........................................ 188
Жыл деген де ........................................ 189
Жаслық еске түсип ........................................ 189
Әрманына бул өмирде ким жеткен ........................................ 189
Сырласаман өзим менен ........................................ 190
Гүз ........................................ 191
Асығаман ........................................ 191
Жетимликке өшегисип ........................................ 192
Ким кепиллик бере алады ........................................ 193
Өмир қызық ........................................ 193
Өткен күннен сабақ алып ........................................ 194
Қаратаўым, сен ҳаққында ........................................ 195
Ата, ана қушақларын кереди ........................................ 195
Әрман-жолда тынбай шаўып ........................................ 196
Ақлығым Раўшанды еслеп ........................................ 196
Ўақыт бизди өзи менен ........................................ 197
Тырналар ........................................ 198



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өткен күнге ой жуўыртып ............ 198
Сағындым ............ 199
Еле талай ойдан, қырдан өтемен ............ 199
Әрманларым шақырады ............ 200
Елим деп мен емиренген адамман ............ 201
Маңлайымнан сыйпар единң ............ 201
Жылатып та бул өмир, күлдиреди ............ 202
Мен өмирге ашықпан ............ 203
Қалар, қалмас ел ишинде сөзлерим ............ 203
Тәғдир мени талады да ............ 204
Ҳеш кимге де басымды ийип ............ 205
Өмиринше басыңа ............ 206
Кеширек отаў тиксем де ............ 206
Қуўанышын бүгинги тойлағанда ............ 206
Бул өмирдиң палынан ............ 207
Гүл өспейди жарық көрмей ............ 207
Тоғызыншы ақлығым туўылған күнги ойлар ............ 208
Шаршағаным гейде усы ............ 208
Қосықтың туўылыўы ............ 209
Аўылым ............ 210
Тәғдир екен ............ 210
Әмиў—ана күнимизге ............ 211
Үмит толы ақ таңым ............ 212
Ақлығым Исламға ............ 213
Өмир атлы тар жол, тайғақ кешиўде ............ 214
Қатарларым барар мениң кемейип ............ 215
Жер уясы өлиниң де, тириниң ............ 215
Бул өмирде тыным таўып көрмедим ............ 216
Тиришилик дегениңниң бәри әрман ............ 216
Жақсы десек биреўи ............ 217
Биреўлердиң талабы келиспейди ............ 217
Өмиримниң қызыўының ............ 218
Және бүгин бир күним ............ 219
Сол жылаўы адамның, сол күлиўи ............ 219
Өткенде көп өмирден өзин билмей ............ 220



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мүмкиншилик бол тура озбаған ........................................ 221
Ким санаған биреўден өзин төмен ................................ 221
Атқан таң менен ............................................................ 221
Тәбият ............................................................................ 222
Ўақыт деген нәрсени .................................................... 223
Дүньяда бәри ................................................................ 224
Шаршатты өмир ............................................................ 224
Жақсыларды көргенде .................................................. 225
Көзлериңниң перзент нуры, шырағы ............................ 225
Бул дүньяда хәр ким орнын билгенде ........................... 226
Жасы қайтқан хәр бир күнди, хәр айды ........................ 226
Көп нәрседен қалғандайман кешигип ........................... 226
Ақтың ақ, қараның қара екенин .................................... 227
Таслайын өтирикти жети бөлип .................................... 227

www.ziyouz.com kutubxonasi

САҒЫНДЫҚ НИЕТУЛЛАЕВ

# ҚӘДИРИҢ ДЕ, ҚЫМБАТЫҢ ӨЗ ЕЛИНДЕ

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2009*

Бас редакторы *Жийенбай Избасқанов*
Редакторы *Гүлистан Пирназарова*
Художниги *Азамат Жаримбетов*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Териўге берилген ўақты 7.01.2009. Басыўға руқсат етилген ўақты 9.01.2009. Қағаз форматы 84х100$^{1}/_{16}$ Офсет усылында басылды. Гарнитурасы—«Times». Көлеми 15,0 б/т, 15,2 шәртли б/т, 18,0 есап б/т. Жәми 1000 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №14 .

«Қарақалпақстан» баспасы: 742000,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9

Ташкент қаласы, Х. Байқара 41.
«NISO POLIGRAF» Ш. К. баспаханасында басылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi